Мухьмад-Селахь Гадаев

ЦIЕН-БЕРД

НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРАН БИБЛИОТЕКА

Мухьмад-Селахь Гадаев

ЦIЕН-БЕРД

Соьлжа-Гlала
2005

Нохчийн бакъволу къонаха, поэт Гадаев Мухьмад-Селахь вина 95 шо кхачарна



«Мухьмад санна верг эзар шарахь цхьаъ бен ца вогIу хIокху Лаьтта тIе. Мухьмад кестта вогIур вац. ГIеххьа заманаш оьшу ишттта цхьа Мухьмад кхолла».

Сулейманов Ахьмад

ГАДАЕВ МУХЬМАД-СЕЛАХЬАХ МАСЕХ ДОШ

Шорта бара цуьнан лаамаш. Дукха дара дезараш. Иза дуьнен чу а веанера сирлачу Iалашонца – шен махкана, халкъана ваца. Ша дага мел лаьцнарг кхочушдан Iаламо комаьрша похIмалла а деллера цунна. Амма декъаза нисбелира цуьнан кхоллам.

Дуьнен тIехь ваха доьгIна хиллачу 63 шарах 30 шо гергга набахтешкахь текхира Гадаев Мухьмад-Селахьа (хIокху могIанийн авторе ша кхехьийтинчу кехаташна тIехь цо ма-язъярра ялош ю М. Гадаевн цIе). Цу бахьненна язъяза йисира дуккха а байташ, пьесаш, романаш, философехулий, космогонехулий дукха Iилманан белхаш. Оцу бахьнина Гадаев Мухьмад-Селахьан дукха и йозанаш дан а дайна. Тхуна схьакарийначех цхьадерш ду хIокху гуларна юкъадахнарш.

ТIаьххьара Гадаев Мухьмад-Селахь чувоьллира 1957-чу шарахь. Ша оццул дукха сатийсинчу Даймахка цIавирзина дукха хан а ялале. Ша чуволлале хьалхарчу дийнахь, хIетта вовшахтоьхначу яздархойн Союзехь, воккха хиларе терра, накъосташна-яздархошна хьехар дира цо.

– ХIинца вай вешан цIахь ду, – бохура цо цаьрга. – Махках даьхна, даьржина лелаш хIуъа лелийна хиллехь а, хIинца доллучунна тIехь вешан халкъана масал хилла дIахIитта декхар ду вай. Доккха жоьпалла ду яздархочунна тIехь. Цундела муьлххачу а ледарлонах, муьлхха а воиг шегара даларх ларлуш хила веза яздархо. Сихвала мегар дац цхьана а хIуманна тIехь.

ТIаккха:

– Собар! Собар! Кхин цкъа а собар! – баьхна вайн дайша.

Иза цкъа а дицдан мегар дац, – чекхдаьккхира Гадаев Мухьмад-Селахьа шен къамел.

Амма шолгIачу дийнахь шен ларвала ницкъ ца кхечира цуьнан. Цунна шена ца тоьира изза собар.

Вуьшта, тамашийна стаг вара Гадаев Мухьмад-Селахь. Ша хIоккхера дIа ког муха боккхур бу ца хаьара цунна, шолгIа дош муха эр ду а ца хаьара. Сиха яра амал. Иза урхехь латта ца лора цуьнга. Шех даима вогура иза. Цундела хьоьхура цо кхечарна собар. Делахь-хIета, иза шена а дагадоуьйтура. Ца вицвала.

Оццу бахьнашна Гадаев Мухьмад-Селахьан цIе зорбанехь нагтахь а гучу ца йолура. ТIаьххьара иза чувоьллинчу буьйсанна «Ленинан некъ» газето зорбатухуш хилла «Буьйсанан бере» поэмин дакъа а дешархошна ца девзира – иза а доцуш Iуьйранна араделира газета. Оццу бахьнина и поэма язъяза а йисира. – Вайн цкъа а таро хир яц иза ерриге еша.

Цкъа юьхьанца Гадаев Мухьмад-Селахьна тоьпаш тоха кхиэл кхайкхийра. ТIаьххьара дош делча, шена геч дар ца дийхира цо. Амма и кхиэл кхочушъяр Iаламат боккха эшам бара нохчийн литературана. Гадаев Мухьмад-Селахь нохчийн литературан классик вара. Цунах дика кхетара цуьнан накъостий а.

Яздархойн Союзан правленин председателя Арсанов СаIидбейс гIо лецира Гадаев Мухьмад-Селахьан. Нохчийн литературехь Гадаев Мухьмад-Селахьа леладо доккха маьIна а довзийтина, цо суьдахошка дийхира тоьпаш тоха йина кхиэл муьлххачу а кхечу таIзарца хийцар. Арсанов СаIидбейн дехар кхочушдира, чохь яккха 25 шо хан туьйхира Гадаевна. Цул тIаьхьа Уголовни кодекса тIера и статья 15 шаре ялийра. Пхиитта шо чохь даькхира Гадаев Мухьмад-Селахьа. Набахтера мукъаваьллачул тIаьхьа эха шарахь бен ца вехира иза. 1972-чу шарахь иза винчу Чуьрчу-Ирзехь (Нажин-Юртан район) доккха тезет хIоьттира.

Гадаев Мухьмад-Селахь вина 1909-чу шеран декабрехь. «Буьйсанан бере» поэми тIехь иштта яздо цо ша винчу юьртах:

Со вина борз угIучу ламанан Iин чохь,
Эндаже лечарчий ижунна дуьйлуш
Суьйренца хьийзачохь, буьрса аз кхуьйлуш.
Вина чIу ца баллал луьстачу хьуьн чохь,

Лаьттан тхов тиллинчу тишчу тхайн буьн чохь,
Дада сайн ваьхначохь, къаьхьа кад муьйлуш…

Ткъа вина шо билгалдоккхуш, билгала хаамаш ло цо «Гуржи» повеста тIехь: «1920 шо ду и. Сан цхьайтталгIа шо долуш…»

Юьхьанца Гадаев Мухьмад-Селахьа, массо бераша санна, юьртарчу школехь доьшу. Оцу муьрах лаьцна хаамаш ца бисина. Цундела вайна хала ду иза муха дешархо хилла ала. Амма 1928-чу шарахь Ростов-гIала рабфаке деша вахча, цо цигахь дуьх-хьара боккха тидам тIебохуьйтий Iамабо философин белхаш, иштта Кантан а, Лапиасан а космогонехула гипотезаш. ТIаьххьарнаш Iамийна ца Iаш, уьш талла а толлуш, оцу декъехь шен белхаш язбан а волало Гадаев Мухьмад-Селахь.

Оцу а, кхечу а белхийн хьокъехь дийца Iаламат дукха хир дара. Хенан йохалла талламхой оцунна тIебоьрзург хир бу. Дешархойн кхиэле вай юьллуш ерг поэзин а, прозин а книга хиларе терра, Мухьмад-Селахьан исбаьхьаллин кхолларалла дощца аларца кхузахь кхачам бан лаьа. Цунна шен бахьана а ду. Гадаев Мухьмад-Селахьан цIе а, цуьнан кхолларалла а таханлерачу чкъурана (баккхийчарна-м уьш барта а евзара) евзаш цахилар хьесапе эцча, ма-хуьллу сиха хIара книга вовшах а тесна, дешархошка дIакхачор хьалхара Iалашо лору оха.

Кхуззахь билгалдаккха оьшуш ду кхин цхьа хIума а. Ша набахтера цIа вирзинчул тIаьхьа Гадаев Мухьмад-Селахьа тхоьга дийхира ша цхьаболчу накъосташка «маьрша» дахийтина шен байташ тIехь йолу тетрадаш цаьргара схьаэцар. Амма оцу «накъосташа» уьш шайгахь хилар даре а ца дира, схьа а ца делира. Царна тIаьхьаваьлла лела Гадаев Мухьмад-Селахьан шен хан а ца хилира. Цундела, хьалха ма-аллара, яздархочун ерриге кхолларалла чулоцуш яц хIокху книго. Цо набахтера схьакхехьийтинчех а, гергарчара ларйинчех а вовшахтесна ю хIара. Важа произведенеш схьакарорна тIехьажийна болх беш а бу.

Аьллачунна тIетоха оьшуш кхин а ду. Тхуна схьакарийначех а ерриге байташ юкъа ца яхана хIокху книгина. Царех ю вайн замано неIалт кхайкхийначу партеххий, цуьнан баьччеххий, «сирлачу кханехах – коммунизмаххий» шен хенахь, вай массо санна, теша а тешаш, Гадаев Мухьмад-Селахьа язйина хилларш.

Ткъа кхечу агIор, тхайна исбаьхьаллин агIор кхочуш хилла ев ила яц аьлла хетарш а юкъаяхийтина оха, хIоттош верг автор ша цахилар хьесапе а эцна. Цо, дийна хилча, царна тIехь кхидIа болх бан а тарлора я юкъа ца яхийта а тарлора. Цхьадолчу дешнийн, масалла, гонаха олучу меттана гош язъеш, яйина кеп лелайо автора. И кеп литературни яцахь а, халкъалахь лелаш хиларна ца хуьйцуш йитина. Иштта кхийолу башхаллаш а гучуевр ю дешархошна. Тхо тидаме цахиларна дац иза, ткъа ма-хуьллу цIена Гадаев Мухьмад-Селахьан кхолларалла Iалашъян лаар долуш ду.

Ткъа маттана тIе, иза цIена бийцарна, дош шен-шен меттехь далорна, Гадаев Мухьмад-Селахьа мел боккха тидам бохуьйтуш хилла хаьа иза вевзинчарна массарна а.

Масала, стихаш тIехь болх муха бан беза хьоьхуш цо яздинчу кехата тIера цхьа меттиг яло лаьа:

«Стихан жутийн («стопа» бохучух олу ас и жут), масала, кхоккха слог йолчу (трехсложни) жутийн хьалхарчу слога тIе нисдала деза уозар (ударени). Ницкъ ма-кхоччу. Ахь аьлла: «ГIаьттина сан кийрахь». И «сан» бохучу дашна тIехьара «кий» боху аз деха ца хилча, масала, «сан дагахь» хилча, – тIаккха иштта мегар бара и могIа. Амма и аз деха хиларо мукъам бохабо оцу могIанан. И могIа: «ГIаьттина кийрахь сан» аьлла хIоттийча, мукъам товш хуьлу цуьнан, шина а жутан а – «гIаьттина», «кийрахь сан» – хьалхарчу слогашна нисло уозар».[1]

КхидIа ца яздича а, оцу цхьана масало гойту Гадаев Мухьмад-Селахьна литературехь кега-мерса хIуманаш хилла цахилар. ХIора дош а, уозар а – шадерриг шен-шен меттехь хилчий бен, исбаьхьаллин лакхарчу дарже кхаьчна ца лорура цо произведени.

Гадаев Мухьмад-Селахьа ша ма-яздарра, цо «шед а етташ», кийрара схьа ца лихкина шен байташ. Уьш, юха а цуьнан дешнашца аьлча, «кийрара Iанаяхчий бен» кехата тIе яха ца гIоьртина иза. Иза тIечIагIдеш дало лаьа кхин а цхьана 1964-чу шеран 24-чу июлехь цо набахтера яздинчу кехата тIера цхьа могIанаш: «Цу вайн раьгIнашкахь, – яздора цо, – цхьа сурт ду

[1] Шайхиев Iалвадин архив.

хIуттуш, дарц дала кечделлачу хенахь (дукхахьолахь, Iа дулучу муьрашкахь): мох а болий, аьрцнаш угIа дуьйлало, берзалой санна. Дукхахьолахь, суьйранна (я буса) хIутту и сурт. ТогIеш тийна а йолуш, «о-в-в» бохуш, тийжа, угIа дуьйлало аьрцнаш. Оцу угIаро цхьа тамашийна (дуьне доьлхуш санна) сурт хIоттадой, сагатдалар а, самукъдалар а вовшахкхетча санна, хоьтуьйтий, ша ма-дарра хьовзош ву со, вала-вола меттиг гатбой. И сайна хIуттуш долу сурт, вуьшта аьлча, и сайгахь хIуттуш долу хьал далхо лууш хуьлу со стихан кепехь. Оцу лаарх (и санна я цунах терра кхечу лаарх а) олу аса и «даг чуьра схьагIертар».

И дийцина сурт хIотто (стихан кепехь охьадилла) лууш со волу масийтта шо ду (30 шо лаххара а). Мосуьйттаза и дилла а гIоьртина со. Амма сан дагахь ма-дарра ца нисделла сан и. Оцу гIертарех цхьаъ ду хIокху кехаташна тIехь аса хьуна дIадоуьйтуш дерг. Хьуна ма-гарра, йиъ вариант ю уьш... Царех тIаьххьарниг («чекхъяьлларг») йоьалгIаниг ю. Амма со реза волуш хIоьттина яц иза а.

Бакъду, и сурт (и раьгIнаш угIа йоьлча хIуттуш долу хьал-сурт) чолхе (неопределенный) сурт ду ша. Цундела ду цуьнан «диллар» хала а. Вуьшта, и санна даг чу доьжна, дагах кхетта, дагна Iеткъаш доцу сурт (хIума) «садоцуш» хир ду, мел «говза» яздича а. Ткъа дагна Iеткъаш, даг чуьра схьагIерташ хилча а хир ду и «садоцуш», нагахь санна «диллар» (яздар) **дагна Iеткъаш ма-дарра ца хIоьттинехь.**

ХIума, и хIуъа делахь, гар, хаадалар, дагна Iеткъар (оьрсашха аьлча: наблюдательность, проницательность, чувствительность) – и бу поэтан цхьа агIо – аьрру агIо. Ткъа поэтан (яздархочун) аьтту агIо бу – и гинарг, хааделларг, дагна Iаьткъинарг дешнашца нийса, ма-дарра схьаала (дIаяздан) хаар. И ши агIо цхьаьнакхет-ча хIутту поэт, яздархо. Цу шиннах муьлхха а цхьа агIо бацахь, – тIаккха кхолларалла «садоцуш» хир ю, шийла хир ю, дегнех (нехан дегнех) ца кхеташ хир ю».

ХIинца оцу кехатций Гадаев Мухьмад-Селахьа яийтинчу «Орцана гIов» стихотворенин йоьалгIа вариант кхузахь яло лаьа,

цунна кхоччуш реза автор ца хиллехь а, нохчийн поэзин цхьа жс зхIар хетало иза.

ТогIи ма тийна ю, лечкъинарг санна.
Юьрта а доьгIна ла. Стенга? – Хаац.
Дийнаташ хьулъелла ерриш баннашка,
МаьркIаже лестина Iаьржа-Iаннашка,
ТогIи чохь лергана Iеб-себ хазац.

Амма арц лекхало, башха гIов даьлла,
ТIаьхь-тIаьхьа чIагI а луш, орцахь гIов ду.
Iарж-Iаржлуш мархаш а сихъелла керча,
Лах-лахлуш аьрцнийн уьш кIуьнцалгех хьерча,
Наг-наггахь кхоссалуш лайн чим а бу.

Дарц дала-м доллура, шеко а йоцуш,
Даьлча а дацара керла иза-м.
Вуьшта, и башха сурт мосса нисделча,
Даккъийн гIов цIийзарехь экхах тарделча,
Сиэ хIунда хьовзаво селла къиза?

ТогIин тап дазло тIе, хьаьшна ведвалла.
Мархел а чхьагдолий дог тохало.
Гуш доцчу машшашца дегIах а хьаьрчий,
Дай баьхнарг йиц а йой, безаман баьрче
Орцарчу гIовгIано уоза дIа во.

Стенга во? Стенна во? – Къаьсташ ца хIутту,
Орцарчу гIевналахь дерриг а дов.
Доллучул башханиг – деза а кхехкар.
Герга а диталац шена и дехкар.
Моз санна марз а ло и орцата гIов.

Композитор хилча изза сурт хIотто,
Аьрцнийн цу декарех эшар йича,

Цуьнга ладогIархьама, говрахь-гIаш доцуш,
Некъ хилар, цахилар чоьте ца лоцуш,
Ваьлла дIагIур вара, доцуш «мича?»[1]

Хьалха ма-аллара, Гадаев Мухьмад-Селахьан цIе нохчийн литературехь деххачу шерашна дIаяйра. 1975-чу шарахь дуьйна схьа, шен тIаьххьара де тIекхаччалц болчу муьрехь, цхьа а стихотворени зорбане ца елира цуьнан. Бакъду, хIокху могIанийн авторех цхьамма (Шайхиев Iалвадис) цуьнан цIерах цIе а, фамили а еш (Салахь Магомедов) масех стихотворени зорба туьйхира Ножин-Юьртан районан газета тIехь. Набахтехь воллучу поэтан дог ир-кара хIотторхьама динера иза. Амма Салахь Магомедов – иза Гадаев Мухьмад-Селахь хилар гучуделира. ТIаккха кхидIа зорбатохар дихкира.

Иштта хьал ду цуьнан прозехь а. ХIокху книгина юкъаяхана прозехь язйина масех произведени – тхуна схьакарийначех цхьаерш. Билггала хууш ду набахтехь воллучу хенахь иза «Мукх хьакхар» романна тIехь болх беш хилла хилар. Амма цуьнан кхоллам тIепаза байна. Куьйгана хьарам нахана караяханчух тера ду иза а, важа байташ тIехь йолу тетрадаш санна. Амма дог дилла хьалхе ду. Делан диканах дог дуьллур дац вай. Даламукъалахь, уьш а схьакарор ю.

Прозехь язйинчу произведенех дерг аьлча, уьш ерриш автора ша тIаьххьара тIадам а хIоттийна чекхъевлла леринчех яц. Уьш хинйолчу произведенешна кечбина бух бу. Делахь а уьш а йовзуьйту вай дешархошна, хIунда аьлча Гадаев Мухьмад-Селахьа дIа мел хьаькхна къолам, цуьнан муьлхха а йоза – вайна деза ду.

Халахета иза тахана вайца воцуш. Амма Делан кхиэл хилла яьлла. Цунна муьтIахь ца хилча ца довлу вай. Иза дан цакхиънарг цуьнан меттана дар – дийначарна тIехь ду.

Вайна тIехь ду яздархойн Союзан могIаршкахь цуьнан цIаре хьокъалла йоллу меттиг дIалацийтар. Цуьнан произведенеш шуьйрачу гонна йовзийтархьама, уьш оьрсийн метте гочъяр а

[1] Шайхиев Iалвадин архив.

вайна тIехь ду. Кху къизчу заманан тIелетарех вуьззина паргIатваккха вай иза. Оцу декъехь хIинццалц схьа вай хIумма а ца дина.

Цундела дийна волуш цунах хьаьрчина гIуда хIинца а тIехь дисина аьлла хетало оцу хьокъехь ойла йича. Гадаев Мухьмад-Селахьан «ЦIен-Берд» стихотворени – весет санна тIелаца хьакъ дара вай:

Дог-мерза гул а лой, ЦIен-Берде гIой,
Дегнийн хьу ясталуш бIаьста-гурахь,
Сан метта бIаьрг тохий, сан бIаьрга гой,
Сан берд аш хьасталаш, ганза со лахь.
Цигахь диънера ас бераллин той,
Цигахь лиънера сайн чурт а, дагахь.
Пепнаш кIел тIулг богIий, гонаха берд хьой,
Безамна бIарлагIа елаш цигахь.

Хабарш дийцар бен, ЦIен-Бердехь чурт а ца дуьйгIи цунна, «безаман бIарлагIина» тIулг а ца хIоттий.

ХIотто-м безара.

Цунна хьалха вайн тIехь дисина адамаллин декхар ма ду иза.

12.01.1998 шо
Соьлжа-ГIала

Iалвади Шайхиев
Шаид Рашидов

СТИХАШ

ДАЙМАХКЕ САТИЙСАР

Чурт санна лаьтта со
ГІум-Азин арахь,
Тянь-Шанан лаьмнашка
бІаьрг тоьхча, кийрахь
Генарчу Даймехкан
сурт хІоттало,
Малхбузе мел хьийжи
дог Іийжадо.

Малх, буза бегийна,
регІа лахбелча,
Суьйре а, даш санна,
сайна язъелча,
Ойлане дарц даьлла
со араваьлча,
Даймахке вуссу со,
язал жалала.

Бераллехь хьийзинчу
даккъашка вуссий,
Ламанан арешка
гІийла бІаьрг кхуссий,
ХІиттинчу бІаьргаш чу
сирла хиш дуссий,
Даймахке хьоьжу со,
язал жалала.

Тезетехь техкаш го
вайн бошмаш, хьаннаш,
ГІайгІанех юьзна го
тогІенаш, Іаннаш,
Дайн кешнаш доьхначохь
упханийн аннаш

Хьулдан да воцуш го,
язал жалала.

Вай дина ярташ го
тишъелла, гІийла,
Го сирла шовданаш
дай боцуш мийла,
Вайн хьомсар ков-керташ
каш санна шийла,
Сов ирча карайо,
язал жалала.

ТІаккха со, дог духий,
аьрцнашка волу,
Іийжачу кийрара
мохь-цІогІа долу,
Яьссачу тогІеша
соьца мохь олу,
Іадавой воьрзу со,
язал жалала.

Чурт санна лаьтта со
ГІум-Азин арахь,
Тянь-Шанан лаьмнашка
бІаьрг кхетча кийрахь,
Генарчу Даймехкан
сурт хІоттало,
Малхбузе мел хьийжи
дог Іийжадо.

РЕГІАРА ПОП

Наьрт санна лаьтта и,
Стигала кхийдаш,
Ондий шен орамаш
РегІах дІатесна.
Хийламо бІаьрг тоьхна
Генара цуьнга,
Хийла кІел лахвелла,
СадаІа сецна.
Шена кІел лахвелла,
Арене хьаьжча,
Аренан майдане
Хьиэжаво цо.
Арен тІе ваьлла ахь
Шега бІаьрг тоьхча,
Шена тІеийзавеш,
Хьийзаво цо.
Гена мел валарах
Гуш лаьтта суна
ЛегІинчу регІара
Зоьртала поп.
Даима лерехь ду
Цунна тІехь дека
Буьйсанан олхазар –
Декъаза чІоб.
Дарц дала кхоьллина
Сарахь мохь хьаькхча,
«Дов-в-в!» – олий, мохь болий,
Тохало и.
Іуьйренца малх кхетта
Іаламех екхча,
Аз доцуш, тапъолий,
БогІало и.

Дерриг а Іаламан
Исбаьхьа суьрташ,
Шен хазчу суьрта чохь
Лепадо цо.
БІаьстенца сенлуш а,
Гурахь мажлуш а,
Шега мел хьаьжна бІаьрг
Белабо цо.
Наьрт санна лаьтта и,
ТІамарш яржийна,
«Схьавола!»– бохуш цо,
ДІаийзаво.
Шена кІел лахвелла,
Шега ладоьгІча,
«До-в-в!» – бохуш, арен тІе
ДІахьежаво.

ДАЙ БАЬХНА ЛАТТА

ХІар ду-кха
Дай баьхна латта:
Сан хьоме
Чехка Терк,
Токх аре.
Хьенан рагІ,
Лаьмнаш.
Іуьллу и
ДегІана,
БІаьргашна аьхна,
Малха кІел баржийна
Къорза куз санна.
Имама Шемала
Сийдина латта!

Шериповс шен цIийца
ЦIийдина латта!
Хийла кIант хьийзина,
Хийла лом цIийзина –
БIешерийн баланаш
Бохийна латта!
Хьенан дог деладац
Хьеначу лаьтто –
Хьоьжуш а,
Хьоьшуш а,
Хьедеш а нохца;
Іуьйренца ловзадеш,
Суьйренца товжадеш,
Эсала маргIал цо
Ластош а мохца.
Сийна кIаш
ТулгIедевлла,
Бай боьлу
Зазца.
Аренаш юттуш ду
Цаьпцалгийн оза;
РегIан варш,
Ломан хьун
Кегаеш дека,
Жимчохь ладийгIина
Аз девза хьоза.
Берахь бIаьрг биттина,
Къоначохь хьиэшна,
Къанвелча тIехдезна
Къонахойн латта!
Хьенан дог детталац
Хьеречу наха
Хьарам куьг кховдийча,
Хьаналниг датта?
Доттур дац,
Хьомсарниг! –
Маьрша хьан кIентий

Майра дIахIиттина
МостагIа човхо.
КIентийн дог
Дахчадан,
МостагIий
Чахчабан,
Боккха ницкъ
Беца хьан –
Дайн лаьттан
Йовхо!
Иштта ду-кх
Сан хьоме,
Дай баьхна латта:
Шийла хиш,
Ийна кхаш,
Сийна гIаш,
Хьаннаш.
Деза и мерза ду,
Ваха ду атта –
Къорза куз санна гун
Дай баьхна латта.

ЦIЕН-БЕРД

Іожалло Іехаво, оьций дIахьой,
Ял йоцуш вирзинарг, лар йоцуш вов.
Уьйрашна вицвелчахь, Далла а вицлой,
Базло, бах, лахьти чохь упханан тхов.

Даим со хьегначу ЦIен-Берде гIой,
Цуьнга бIаьрг тохалаш, аьтто хилахь.
Цигахь диънера ас бераллин той,
Цигахь лиънера сайн чурт а, дагахь.

ГIеллой Іаш хетало безна и мохк,
Малх хьуллуш бIаьрг тоьхча геннара дIа.

Хьомсарчу ламанах хьерчаш Iен дохк,
Гуш санна, вогIалой, вехха со Iа…

Догмерза гул а лой, ЦIен-Берде гIой,
Дегнийн хьу ясталуш бIаьста-гурахь.
Сан метта бIаьрг тохий, сан бIаьрга гой,
Сан берд аш хьасталаш, ганза со лахь.

Цигахь диънера ас бераллин той,
Цигахь лиънера сайн чурт а, дагахь.
Пепнаш кIел тIулг богIий, гонаха берд хьой,
Безамна бIарлагIа елаш цигахь.

МЕХКАН ЛОЬМАШКА

Собаре Даймехкан
Дог-майра кIентий!
Маршалла ду шуьга
Малхбузен ара!
ХIун диэ вай?
Ели-кх и,
Еххачу хенахь,
Германин фашизмо
Кечйина «хара».

Деха садиттира
Харц дов ца дезаш, –
Собаре хилла верг
Дарвелча тоьла.
Дарло шу!
Дарло шу,
Даймехкан лоьмаш!
Iанае йовссарш тIе
Болатан оьла!

ТIом буха
ТIамо бен
Тоьхна бац цкъа а.
Топ,
Озий лаг а дуош,
ГIорттаяй тоха!
Хиндарий цIахь Iийнехь,
Iахьара баьхча?
Iен тиганц.
ТIегIерта.
Цундела тоха!

ЦIий Iений –
Iенийта
МостагIчун докъа тIе!
Вужий хьо –
ТIевожа,
Веллехь а,
Цунна.
ДIагайта шен меттиг
Дозанан шу тIехь,
Дерриг а дуьненахь
Каш лоьхучунна!

ДАРТА

Ламанан дарта ю хьегIарехь тийна,
Шерачу аренгахь охьахиъна гуш.
Когаш тIехь лаьтташ ю, тIемаш гIортийна,
Лаьтта дегI дожадар деза ца луш.

Мархаш кIел хьийзаш цо зама текхнера,
Турпалчу тIемашца хедадеш хIо.

Сирлачу шовданийх дай а бекхнера,
Мокхазар бердаша биллина го.

Амма уьш генахь ду хIинца-ма цунна,
Гонаха зил банза аренашлю.
Iазапо хьешна дегI доьжна Iачунна,
Iаьршашка хьаьжна бIаьрг эрна ма бу.

Жималла дагна гена мел ели
Йицлой ткъа? ХIинца а йиц ма ца ло.
Сирла ю. Тохало и йоьжнаериг,
Лаьтта тIам гIортабой, айъа а ло.

Генахь ду лаьмнаш а, ялалац стигла,
ХIинццалц дайн идда дегI даш хилла ду.
Эшначу тIемаша айъа ца тигна,
Мархаш кIел хьийзинарг йоьжна ма ю.

ОРЦАРА ГIОВ

ТогIи ма тийна ю, лечкъинарг санна.
Юьрто а доьгIна ла. Стенга? – Хаац.
Дийнаташ хьулъелла ерриш баннашка,
МаьркIаже лестина Iаьржа-Iаннашка.
ТогIи чохь лергана Iеб-себ хазац.

Амма арц лекхало, башха гIов даьлла.
ТIаьхь-тIаьхьа чIагI а луш, орцахь гIов ду.
Iарж-Iаржлуш мархаш а сихъелла керча,
Лах-лахлуш аьрцнийн уьш кIуьнцалгех
хьерча,
Наг-наггахь кхоссалуш лайн чим а бу.

Дарц дала-м доллура, шеко а йоцуш,
Даьлча а дацара керла иза-м.
Вуьшта, и башха сурт массо нисделча,
Даккъийн гIов цIийзарехь экхах тарделча,
Сиэ хIунда хьовзаво селла къиза?

ТогIин тап дазло тIе, хьаьшна ведвалла,
Мархел а чхьагдолий дог тохало.
Гуш доцчу машшашца дегIах а хьаьрчий,
Да баьхнарг йиц а йой, безаман баьрчче
Орцарчу гIовгIано уоза дIа во.

Стенга во? Стенна во? – къаьсташ ца хIутту,
Орцарчу гIевналахь дерриг а дов.
Доллучул башханиг – деза и кхехкар,
Герга а диталац шена и дехкар, –
Моз санна марзло и орцара гIов.

Композитор хилча изза сурт хIотто,
Аьрцнийн цу декарах эшар йича,
Цуьнга ладогIархьама, говрахь-гIаш доцуш,
Некъ хилар, цахилар чоьте ца лоцуш,
Ваьлла дIагIур вара, доцуш «мича?».

ДАГЕ

КIадделла хьо,
ГIелделла хьо,
Сих-сиха тийсалуш
дуьйлу хьо гал.

ЗАМАЙ-ЮРТ

Яьссин-хин аьттучу терхех цхьаъ хьаьшна,
Тапъаьлла тийна Іаш яртех цхьаъ ю.
Хенехь ширделлехь а, мекхехь ца дешна,
Цуьнца сан дозалуш хилларашду.

Уьш-м дац циггахь со нанас техкийна.
Къоначохь шовдане вийлла а дац.
Дуьххьара и йилла нах бевллачу дийнан
Дарз хьоьрсу тІеда сурт дицлуш со вац.

Заманехь йорт эцна хийра мел дели,
Безамехь марзлуш ду муьста и де.
Майданахь гІулч тесна гена мел вели,
Ойланаш кхийдаш ю юьртана тІе.

«Муха Іаш йоллу те хьоме сан эвла?
Суьйренца-Іуьйренца гІоттий те кІур?
Девзий те Іийжадар даим дог чевла,
Тергалбеш Іийначун ша юьллу мур? –

Уьзаш а, кхидерш а хеттараш гІуьтту.
Къена а, къона а сайн хетало.
Бевзинчу гоьзане говр санна хІуьтту,
Ойланаш цунна тІе хІитта ма ло.

Сайга и кхойкхуш Іаш санна а хета,
Цуьнга сайн кхойкхуш Іаш дог хиларна.
БІаьрга ган йиш яцар тур хуьлий кхета,
ДІовш санна Іовжавеш къела дагна.

Юрт Іуьллу Яьсси-хин терхи тІехь тийна,
Суна и массарел сайн хетало.

Дуьххьара и йилла бел Іоьттинчу дийнан
ТІеда сурт даллане диц ма ца ло.[1]

14.08.1965

ГУЬЙРЕНАН ЗЕЗАГ

Гуьйренан зезаг го даьлла,
Борачу баца юкъахь…
Селла хьайн дегІан куц кхаьлла,
ХІун дора декъазчу ахь?

Мох кхетча, лесташ тІетийжа
Гонаха кхин накъост вац.
Малх кхетча, хьостуш тІехийша
Эсала полла а бац.

Гой хьуна, цхьан ду хьо даьлла,
Борачу баца юкъахь.
Селла хьайн дегІан куц кхаьлла,
ХІун дора хеназа ахь?

[1] Иза кхоллаялархлаьцна иштта яздора М. Гадаевс Шайхиев Іалвадига: «ХІара стихотворени («Замай-Юрт») хьан кехато кхоьллира сан хье чохь. Замай-Юьртахошна со дагахь лаьтта боху дешнаш ахь аларо «охьаІанийра» сан хІара бІаьрхишца цхьаьна. Оцу «Іанаяххарх» ю хІара, тІе «мотт» а хьакхаза. ХІинца йолчу Замай-Юрт йилла дуьххьара бел йоьгІна де 1933-чу шеран апрелан 30-гІа де дара. Кортошкахь дохк а долуш, дехкан (дахкаран) дерзий олуш кегийра догІа а доьлхуш. Районера и меттиг дІагайта веанарг со вара, землемер а валош. Со зав. райзо вара хІетахь».

ШИНА КОГАН ЭКХА

Болар до вайн Лаьтто
Малхана гонах,
Лампина гонаха
Поллано санна.
Аренца эмкалаш
Чуьрко ма-хехккара,
ТIелетта и хоьхкуш
Воллу со ханна.

Карх даьлча,
Урх оьзна
Гаьллаш а хадош,
ТIурнене
ДIакховсур дара ас
Латта.
Я
Кийра миллион
Бомбанаш тоьхна,
ХIур-пака дийр дара,
Ца Iаш къахетта.

Я лаьмнаш, хиш, хьаннаш,
ХIордаш а шардеш,
Йийр яра ас Лаьттах
Шера и аре.
Экха а,
Адам а дуьйр дара
Лаххьош,
БIе йоI бен ца юьтуш
Ян сайга маре.

Цунна ца ларийча,
Ламанан буьххьехь
ГIап хIоттор яра ас,
Кхерамаш тийса.
ГIопан цу пенаш тIехь
Эзарнаш тоьпаш
Хир яра,
Гергахьа стаг гIортахь
Кхийса.

Гуттара гIаддайча,
Адмех а ийна
Волалур вара со,
Коьртте а хIуттуш.
Ткъа адам хир дара,
Ас, пIелг а лаьцна,
«Цуьц!» – аьлча,
Кхералой,
ТIера Iаь гIуьттуш.

Ткъа
Нахехь санна бен
Кхин ницкъ а боцуш,
Цу хьожне тобанехь
Со виса воьлча,
Йистошка,
Iаннашка
КIелонна а хуьйшуш,
Дойур дара адмаш ас,
Цхьацца нисделча.

Нуьцкъалниг аьшнаш веш,
ТIаьхьашка вуьйцуш.
Ницкъ боцург,

Човхавой,
Стаглара воккхуш,
Сайн меттан говзалла
(Деган боьхалла!)
Яржаеш хир вара,
Некъ сайна боккхуш.

Хьо, дуьне,
Доьн йоьхь ду,
Чам тобеш дуьзна.
Даа карх ца долуш
Хийла да велла.
Амма ас худур хьо,
Лаьхьано пхьид санна,
Нахана ца гайта
Къайла а ваьлла.

Амма... дог
Ма-дарра
Сан гучудалахь,
ЭхI, тIаккха-м хир дара
Сан гIуллакх екха.
Лоллур а ву-кха со,
ГIорзанаш кхуьйсуш,
ТIаьхьа мохь ва бетташ:
«Шина коган экха!»

* * *

Къеналле лестича
хьаста стаг воцург –
Декъазчех декъазниг ву.

Цхьалла ю эццигахь
хорамца лоцург.
Хийланиг лаьцна а ю.

ДАГЕ

Жимма дIаозахьа
ворда вайн
кхин а:
гIуллакхаш нахазар
даьржина ду.

Некъийн галбаларехь
ардан ца кхиъна,
ламманал барз бина,
хьуьйсуш уьш ду.

Й-ТЕ

Ахь бехк ма биллалахь,
Ас яздо алий,
Сел кIеззиг евзинчу
Хьайга сайн могIнаш.
Яздеш бен хилац-кха
СапаргIатдолий,
Iалац-кха ца олуш
ЦхьакIеззиг дешнаш.
Цул а сов, суна хьо
Сайн седа хета, –
Сайн дуьхьа, сайн дагна
Кхоьллина седа.
Цундела суна хьо
Хийра ца хета,

Сан даг чохь безаме
Гергарло къеда.
Ма-луъу тешалахь:
Шун юьртахь шераш
Дохуш со Iийнехь а
Тапъаьлла тийна,
Сан са, сан дог-ойла,
Сан дегIан пхенаш
Массо а минотехь
Дара хьох ийна.
Тийкхира ас шераш,
(ХIинцаъ ву тоькхуш),
Безамо, лаамо,
Хьегаро вуьзна.
Хезаш гIар ца йоккхуш,
Кийрахь мохь хьоькхуш,
Даима ойла сайн
Хьох дIа а йоьзна.
Лерира: хьо хIетахь
ГIайгIане йоьжна
Яра, шайн везачу
Дадех а яьлла.
Цундела вайн яртийн
ГIиллакхе оьзна,
Ас собар дира тIаккха,
Къайла а ваьлла.
Ткъа хьуна-м (мичара)
Дагахь а вацара,
Хьуо езар тIехдаьлла,
Къурдаш деш Iийриг.
Ахь тергал ца дира
Ас гIиллакх лацар,
Витира ахь вала,
Хьуо езна лийриг.

Бакъ дац ткъа, ши шо ас
Доккхучу хенахь
Ехачу хьан юьртахь,
Тийна хан йоккхуш,
Хьайга ас вистхила
Минот хан ехчахь,
Дош духа дерзийра,
ТIе бехк а боккхуш.
Цу стиглан хаьштиго
Iадийча санна,
Денош ас тийкхира,
Корах а хьоьжуш.
Ураме яьлла хьо
Яйначу ханна,
Цхьа башха, дог паргIат
Жайнаш а доьшуш.
Кхин цхьана хIумнах а
Дог Iехалора:
Хьан леларх хIетахь а
Ша санна шийла,
Сан дагахь хьо санна,
Хьан дагахь со а
Ца хилча йиш ма яц –
И мотталора.
Билггала иштта и
Хир дуйла хиъча-м,
Со паргIат хир вара,
Сингаттам боцуш.
Амма и хаъцара.
Хила тарлора,
Хьан дагахь со хила,
Амал а доцуш…
Цу хьолехь велира
Хьан хазчу юьртах,

Тешамах цинц боцуш
Юха хьо гарна.
Амма ницкъ бацара
Къаста хьан сибтах:
Шерашца дехар ду
И суна гергахь.
Валлал сагатлора
Генарчу боьрахь,
Шун юьртахь кIур байча
Суьйренца буьйлу.
Карла а дуьйлура
Хьежар суо корах,
Хьан сурт а, сар-сарахь
Шовдане дуьйлу.
Дицлур дац суна: цкъа,
Дагахь а доцуш,
Хьуьн чуьрчу кIотарахь
Вай цхьаьнакхетар.
ХIетахь хьо къежара,
Макхо а йоцуш,
Дийкхира сан дагна
Деха хьайх хьегар.
КIордор-м дацара
Хьан бIаьра хьежа,
КIад а лур вацара
Хьан дашна къежа.
Со ловзар дохале
ДIавахара ваьлла:
Хьалхе хьо дIаяхчахь,
Лалур дац, аьлла…
Йовхачу алоно,
Ножан гар санна,
Лапъолий вагаво
Хьо дагаяро.

Ас яккха йисинчу
Ерриг а ханна,
БIарлагIа йин суна
Шун юьрта варо.
БIарлагIа йин хазчу
Безаме суьрто,
Соьгахь, сайн оьмарехь
Дицдан йиш йоцчу,
Я лаам а боцчу
И дицдан гIерта –
Лахьти чу вижжалца
ДегI гур а доццчу!..
Валлал сагатло сан
Генарчу боьрахь,
Шун юьртахь кIур байча
Суьйренца буьйлу.
Ткъа карладуьйлу со
Хьоьжуш Iар корахь,
Хьан сурт а, сар-сарахь
Шовдане дуьйлу…

ИРСАН ЛАМ

– ХIай, лам!
Хьо хIун лам бу
хIоьттина керла?
Меланга кхаьчна хьан
оьмаран шерш?
– «Ирсан лам» олу сох
дикчу гуш цIерла.
АхбIе шо дерш бу сан
хенара берш.

– ХIай, лам!
Хьо хIунда бу
хьийкъина селла?
Стенахь хьан йоьттина
чIагIаман ларД?

– ПаргIата лам бу со
маьрша денбелла.
ЧIагIо сан латтош берг
къаьмнийн бу Барт.

– ХIай, лам!
Хьох хIун гIов ду
декарна тIера –
цкъа а сан евзаш дерг
тийна ен ял?

– Адаман пхьалгIа ю
берриг сан кийра –
хаддаза тусуш ю
халкъана хьал.

– ХIай, лам!
Хьо инзаре
къегина лепа –
Сирла хьол юй теша
хIумма а гур?

– Сирлачу ойланех
тоьхна со кепа.
Догург ду суна тIехь
БIаьстенан нур.

ДАЙМЕХКАН СУЬРТАШ

(А ь х к е ю л у ш)

РегIахь кIе шур-шур до,
Луьстан кан баьхна.
ТогIешкахь бамбанийн
Тай-могIнаш го.
Сомалкхийн сал санна,
КIайн баьрзнаш даьхна,
Лил-басе стигланца
Мархо некъ бо.
Даккъаш тIехь, букъ сеттош,
IиндагIа тоькху,
Шерачохь шерше и дов.
Дитташ тIехь чиллано
Зар-зар йиш лоькху,
Йовханан еттало тов!
Лаьмнаш тIехь ло лаьтта –
Дешна ца даьлла.
Арен тIехь йонгIуро
Кес керчадо.
Лил-басе стигланца
Сел самсаяьлла,
КIайн марха ганне а
Ирча ца го.

* * *

Хазахеттера суна хьо.
Суна хьо, суна хьо.
Дукхавезнера суна хьо.
Суна хьо, суна хьо.

Хазахеттера,
Дукхавезнера
суна хьо, суна хьо.

Хьо сайн ву моьттуш лелара.
Лелара, лелара.
Со хьан ю бохуш лелара.
Лелара, лелара.
Хьо сайн ву моьттуш,
Со хьан ю бохуш
лелара, лелара.

Сан даг тIехь мекха яцара.
Яцара, яцара.
Ойланехь шеко яцара.
Яцара, яцара.
Сан даг тIехь макхо,
Ойланехь шеко
яцара, яцара.

Эрна со хьежна хилла-кха.
Хилла-кха, хилла-кха.
Атта со тешна хилла-кха.
Хилла-кха, хилла-кха.
Эрна со хьежна,
Атта со тешна
хилла-кха, хилла-кха.

Іуьйренца йоьлху хIинца со,
ХIинца со, хIинца со.
Суьйренца тийжа хIинца со.
ХIинца со, хIинца со.
Іуьйренца йоьлху,
Суьйренца тийжа
хIинца со, хIинца со.

ДАРЦАН МАРХА

Дарцан марха,
Малхбузехьахь,
Шуьйра тIамар яржийна,
Тергаллуш ю,
Аьрцнийл диэхьахь,
Іаьржа йист а къадийна.

Малхехь дохлуш,
Бецаш юкълуш
Нана-латта тодалар.
Къиэпалш санна,
Дуьхьал юьйлуш,
Хьулдан гIерта
Маьлхан гар.

Іалам хьостуш,
Латта кхолу,–
ДогIнан марха яций и-м…
Іано гIерта
Зулам долу,
Сено йойун дІаьвшан стим.

Дарцан мархо
Іаьржа тIамар
Орцал сехьа кхийдайо;
РегІал сехьахь
Серло лепар
Ланне цуьнга лан ца ло…

СУЬРТЕ

ХІуммаъ дац,
Елха хьо, испанхойн нана,
КІант вийча Іовжийна кийра а бассош.
Соъ вилхи,
Ирс доцчу хьоьга а хьаьжна,
Хьан кІентан сурт тІадош,
БІаьрхиш а Іанош.

Елха хьо,
Елха хьо, испанхойн нана,
Хийла сурт лайна шайн латта а тІадош.
Соъ воьлху,
Шун лаьтто, къона цІий цІубдеш,
Шелвинчу хьан кІентан
ДегІан сурт дайна.

Тахана елха хьо,
Испанхойн нана,
МостагІчун бомбанийн кІуьре а хІоттий.
Вукху хьан кІенташа,
Тарраш а детташ,
Боруш дІалоьхкур бу хьуна уьш
Кхана.

МАЛИКЕ

Догуш дог хилча бен
Назма ца Іена,
Довха дош
ала ма лац.

Хьан йовхо кхетта дог
догуш ду къена.
Хьоьга и кхойкхуш бен Іац.

Дов ца до,
кийра ахь
алу йоттарна:
дагарехь
зовкх гина ву.
Къардала сецна са
шолгІа гатдарна
хьуна со
реза ма ву.

Карчадац сан матто
хьуна дерг шога.
Хьоьца бен
ойла сацац.
Хьан цІе шех кхерстинарг –
диллина догу.
Назманаш –
Іенаш бен Іац.

ХЬЕГАР

БІаьстенан бай мох хьовзийна,
ТогІи чохь гІаргІанаш техка.
Хьегаран ницкъо Іовжийна,
Йолаза кийрахь со кхехка.

Вайшинна доьгІний те,
вовшаха кхетта,
Мерзачу маттара
далхадан къа?

КIайн дуьне дерриг а
ваьшшиннан хетта,
Вайша доьгIний хьовха
Лахдала цкъа?..
БIаьстенан аьхна мох хьоькху.
ГIаргIанаш цо техкадо.
Вайшиммо хьоьгуш хан тоькху.
Хьегаро дог кхехкадо.

ДОТТАГIАШКА

ДIахьовсал шу,
Сан доттагIий,
ТIамна стигла
Кхехкаш ю;
Ойлаелаш,
Сан йижарий,
Iаьржа латта
Лелхаш ду.

Хийла мерза,
Безна безам,
БIаьргаш белхош,
Шелбелла;
Хийла ирсе
Къежна яххьаш,
Къиэжар дайна,
ГIелъелла.

Нана елхо,
Бераш чехо
Боьха мостагI
ТIелетта;

Йиша тийжо,
Езар Iийжо,
Сийна даш цо
ТIедетта.

Хийла бахам
Багийна цо,
ГIийла бераш
Лелхийна;
Хийла бохам
Кховдийна цо,
Хийла дада
Велхийна.

ЛадогIа, хIай,
Нохчо нана!
Орцахваккха
Кечве воI!
ГIо дан гIатта,
Хьомсар йиша, –
Лаьмнийн лаьттан
Майра йоI.

Дерриг хьуьнар,
Берриг ницкъаш
ТIамна гIоьнна
Хоьцур вай;
Дайшна безна
Нийса бекхам
МостагIчунах
Оьцур вай.

Сийлахь Даймохк
Кхойкху вайга –

Бекхам дагца
ГIовтталаш;
Маршонехьа
Майра летта
Дай аш дагахь
Кхабалаш.

Майра кIентий
Буьрса леташ,
Вай цIахь паргIат
Iийриг дац;
Вешан дайшна,
Даймахкана
ЮьхьIаьржам вай
Бийриг бац.

ГIовтта, наной!
ГIовтта, йижрий!
Майра кIентий
Леташ бу;
Вай шайн долуш,
Вай шайн гIо деш
Лаьмннел дегнаш
Хеташ бу.

ВЕШЕГА

1

Вовшех нах хьегаран барз хуьлуш хилча,
Вайшинниг баьрзашлахь сов хир бара.
Вовшех дог Iийжадар терзанца хилча,
Терза а вайшинниг дазлур дара.

Орцанан мохь боцуш вайша садеттахь –
Яхь йожо йиш яцар ду.
Хиллачийн бахьанаш вайшинга хеттахь –
Замано уьш дуьйцур ду.

Амма хьо,
Кхаьжнашлахь вайшинниг декъаза ларий,
Цуьрриг а холча ма хIотта:
Хьегарца бустало
Вежаршкахь лаьттачу марзонан барам,
Хьегар вайн – дан ма ду шорта.
Хьегарах барз хуьлуш хилча,
Вайшинчух – Лам хир бара.
Iийжавар терзанца хилча,
Пуьнтийн чот – РагI хир яра.

2

Кхоьру со, кхоьру со,
хьол тIаьхьа висна,
Даг тIехь сайн дагарна цкъарг,
Диллина Iеначу
дуьрчу цу хишна
ЦIийбелла Iийжарна бIаьрг.

ТIаккха со хьоьжур ву
сацканза гонах –
Массанхьа лоьхур ву хьо.
ГIийла гIулч йохур ю,
воьттина вонах,
Кхераме кхача тарло.

Кхоьру-кх со, хьол тIаьхьависна,
Кийрахь сайн Iийжарна стим.

БIаьргаха Iеначу хишна
Велла со хьийзарна жим.

3

Хьоьга а хIуттур ду-кх
изза сурт нийсса,
Сан валар хьалха хилахь.
Дахаран некъашкахь
цхьана а висна,
Логехь шад кхоьхьур бу-кх ахь.

Цунна ду аьрхалла
кхалхарехь суна,
Кхидериг ас тергал дац.
Лан ца луш новкъа ду
новкъа дерг хьуна,
Хьох лазар кхачо тигац.

Сан валар чIогIа ма къала:
Хьалхарниг соьгахь ю рагI.
Нахала гIийла ма вала:
Иштаниш лайна бу нах.

4

Воьлла сом сайн хьолах,
Воккхавер доцчу.
«Зовкхаша» хьега а вац.
Сайх воьлхуш бIарзвелла
хьийзачу цулла
Хьуна бен бIаьрг а лашац.

Ницкъ ма бе хьайна ахь селла:
Сайн мохь ас атта хьош бу.
Вахарехь мерза ца лелла,
Верзаре хьаьжна Iаш ву.

IОВЖАВАР

Вилхи со…
Кхевссина,
Эхь-бехк дицделла –
Моттазниг хIоттаро
Iовжавина.

Кедаш ас
чаьмзанаш
кIезиг ца мелла,
амма сайн бIаьргаш чохь
хиш ца гина.

Мелхо а,
Iовжавар
хьера мел долу,
дахчалуш лаьттина
Iемина дог.

Леттачу балдаша
дош а ца олуш,
къурдаца Iийдина
хораман бог.

Вуьшта кхуо…
Жимви со.
Барамах тилла,
эти-кха
вардано хьаьшна пхьид санна.
Верриг а Iийжаво,
Чевнийн даI хилла,
Дерриш а кега до
сайн бIаьрхишцанна.

ВА МУЬСТА!

Ахь боху байт язъе хьайна.
Бахар хьан меттахь а ду:
аганна уллера хьуна цкъа вайна
«Дядя» хьан
назманаш язъечех ву.

Амма чIоб декац-кха
Буьйса дIатилча.
Нап[1] доцуш чиркх а латац.
Дог-ойла шовкъе ца хилча,
назманна байташ нислац.

Арене бIаьрг тоьхчахь,
шовкъан цинц безна,
шовралахь даI санна,
дог Iовжадо:
Бер долуш левзина,
сил дукха езна,
генара вайн басеш
бIарлагIехь го.

ТIаккха со вогIало,
Iадийнарг санна.
Дашна мотт карча тигац.
БIаьрг буьсу хьаьжнначохь
ехачу ханна.
Даг тIехь ю моттало кIац.

КIеззиг а шовкъан малх кхетта,
даг тIехь сан гIура яшахь,
тезчу кху текъамийн метта,
сирла байт йоьшур ю ахь.

[1] Нап – мехкадаьтта (диал.).

БЭЛИН ЙИШ

Дуьххьара хьо сайна бIаьрга вайча,
Безамо кийра цIе латийра.
Хьох кхиэтархьама маьлхан дуьне
Девзина сайна ма моьттара.
Дуьненан ирсо неI йиллина
ТIеийци, бохуш со ма Iара.
Хьо цIера ваьлла минот яьлча,
Сагатлуш хьоьжуш корах ара.
Сан диэгIан пхенаш, деган ойла,
Хьох орам хьарчош, дIаийнера;
Сайн дезна лаьмнаш, яьхна эвла,
Сайн гIийла да хьох тарвинера.
Селла хьо везна хьох хьаьрчина,
Хьо везнарг хийра хийти хьуна;
Хьайн деган бала ас айича,
Шелделла дог ахь гайти суна.
Сайн дадех, вешех, махках йоккхуш,
Айхьа со елхор дицдин ахьа.
Дуьненах жимчохь со яькхина,
ДIатесна елха йити ахьа.
Суьйренца волу хир ву дада,
Къайлаха суна воьлхуш гу тIе.
Генахь нур лиэпаш къиэга седа
Тергалбо хир бу, бала даг тIехь.
Сан миска дада, ма велхалахь,
Хьан меттана даим со йоьлхур ю;
Къа доцчу кхиэло хьукма дарна,
Дуьнене гIийла со хьоьжур ю.

МАЬРКІАЖАН МУР

Стиглан ах цІийели
Дариха хьуьллахь.
ХІоккхузахь
МаьркІаже тІеязъели.
Аренаш хьуллуш ю
Тастар[1] а туьллуш.
Лам,
Іаьрше кхевдина,
БогІабели...

Малх бегош, хьулбели
РегІахь.
Меллаша маьркІаже
ТІеязъели.
КІоргаллехь,
Бух боццу сийначу текхахь,
Дуьххьара седа а
Белабели...

ШИ ЛААМ

Ши лаам кхехка,
Ши лаам кхехка:
Цхьаммо дегІах герзаш доьхку,
Вукхо лаьттан чкъоьрнаш оьхку.
Цаьршиммо а цхьанхьа хоьхку
Шайн и чехка ойланаш.

Ши лаам кхехка,
Ши лаам кхехка:
Цхьаммо мостагІчунна кхуьйсу,
Вукхо Іаламашца къуьйсу.
Цаьршиммо а чабол туьйсу,
Бохуш баккхий толамаш.

Ши лаам кхехка,
Ши лаам кхехка:
Цхьаммо дуьйцу хилларг дера,
Вукхо хиндерг дуьйцу шера.
Цаьршиммо а хІинцалера
Керла адам ду кхиош.

Ши лаам кхехка,
Ши лаам кхехка:
Бекхамечу дераллица,
Толамечу ондаллица,
Цаьршиммо а майраллица
Керла бахам бу хІоттош...

СТИХ

Байташ ю могІа бина,
гІаргІулеш санна.
Йоза ду хаздина,
сеттадарцанна.
Ритмин шайн гура чохь
болар а ду,
МогІа чекхболучохь
«шуш-пуш» а ду.
«Стих яц и?» –
Зорбане лоллу дІа
Сихха.
Делор ю, доттагІа,

[1] Тастар – кортали (диал.).

Стих-ма.
Амма чохь йовхонан
Іаь йоцуш ю.
Лерина кечйина
Поппаран шийла говр ю.

ГИТАРАН АЗ

Ма делхахьа,
ма цІийзахьа,
хІай, гитаран
гІийла аз.
Къоналлехьа
ма ийзахьа –
шолгІа яц и
елла яз.
Эрна бо ахь
гІитта дагахь
гІалин мерза
мехкарий.
Хьежна ву
хьестар багахь,
церан коча
техкаре.
Кедийн гІарехь,
томкин кІуьрехь
бартийн бІагор
бевзина.
Ахбиллинчу
бІаьргийн нуьрехь
акха безам
левзина...

Хилларш соьха
херделлера,
тийна дара
дорцийн гІов.
Халла кийрахь
артделлера
хьегараллин
ирча ов.
ХІинца суна
ма цІийзахьа,
хІай, гитаран
гІийла аз.
Къоналлехьа
ма ийзахьа –
елла яц и
шолгІа яз.

Б-ТЕ

Къеналлин къоьжачу
регІан буьххьера,
Къоналлин тогІешка
хьоьжуш со Іа.
Дахкарх чекх малх санна,
хенан кІоргера
Леллачийн сурт хІутту,
деллалой, схьа.
Къаьсттина къегаш го
суьйренан суьрташ:
Эшаршца бирзина
балхара нах,
Іоьхуш цІа хьаьлхинчу
хьайбанийн гурташ,

Малх-нуьро лепайо
момсаран ах.
Шовданийн кортошка
кIентий гуллора.
Забарийн, ловзарийн
гIоттура гIов.
Мехкарша (къайллаха)
хиш Iенадора,
Шовдане бийлар шайн
далийта сов.
Безамаш вай хIетахь,
бийца эхь хеташ,
Догучу дегнашкахь
лечкъабора.
Амма вай хIетте а,
малх бузуш, кхеташ,
Вовшийн ган «бехказло»
хIоттайора.
Дехачу лекхарал
кIеззиг ца лоруш,
Боцца вай тухура
вовшашка бIаьрг.
Ченалахь дуьллура,
хьаьттахь кIа оруш,
Берзинчу когаца
безаман хьаьрк.
Латтац-кх къоналла
йиллина вайна,
Дистинчу хих тера
йоьду и дIа.
Деллараш денделла,
меттахахьайна,
Генарчу суьрташка
хьоьжуш со Iа.
Хийлачу бахамийн
баьрзнаш ца эца,

Кхочур ма вар-кха со
кхийдачу дог.
Белхелах хийшинчу
гуьйранна хьоьца,
Берахь байн левзинчу
берзина ког.

МУНАЕВА САИБАТЕ

Кхоьлинчу сан хIусаме,
ГIопех чекхдаьлла,
Хьоьгара маршалла доьсси.
Дог хии кIеззига
Марха дIаяьлла,
Ойла а,
Кхерстина,
Алмата йоьсси.

Буьйсанна тоьхначу
Ткъес-нуьрехь санна,
Нехан цу гIали чохь
Вайна гира.
ХIиттинчу хьелаша
Шайн хьунаршцанна,
Дорцо гIах терра вай
Даржадира.

Ткъесан и сирла мур
Биц а ца белла,
Суна тайн сайга ахь
Маршалла диллар.
Матта тIе дош теси,
Ойла денъелла:
«Доцуш товш хир дара
Вовшашна хилларг».

Дахаран некъ тайначара,
Некъ боьхнарг
Вицвеш го суна.
Декъазчех декъазниг
Ахь вицвахьара –
Хьоьгахьа хетара суна.

Амма кхин виц ца лахь,
Ган лаар латтахь,
«Муха ву? ХIун деш ву?» –
Хьайн даго хаттахь,
Стиглане йогIало,
Малх буьзна, генахь цо
Дарин бос тоьхча;
Ламане тоха бIаьрг,
МаьркIаже юссуш цо
Iаьрше ладоьгIча.

Акхтарг а сох тардан догIу,
Мох-дорцех цхьана и техкахь.
Экха а дуста ахь соьца,
Iазапан шедо и хехкахь.

Ехачу хенашкахь
Вай махках хьегна,
Хьегарна гIелделла
Дехьаш дог ду.
Вайн агIор хьийсина
Хийла хиш дегна,
Дагарна цIийбелла
БIаьргаш а бу.

Иштта ду сан гIуллакх –
ГIайгIанийн уьйриг.

Янне а бен-берсо яц.
Вицвича тоьлура
Вахаран некъ боьхна Iийриг,
Некъ боьхнарг тергалвеш
Нехан а дац.

Амма ду –
Суна хьо йицлур яц,
Еха мел текхарах
Чаьмза сан зама.
Генарчу седанан
Шийла нур санна,
Сан бIаьргахь дехар ду
ГIийла хьан амат.

ГЕНАРА КЕХАТ

Вовшашна вай ца гун зама ю алий,
Вай бинчу бартана дагца шекьялий,
Эрна ма йожалахь боккхачу бале –
Шеконе диллинарг шеллуш ду хьуна.

Безамо кхохкийна, юьхь басо хуьйцуш,
Мерзачу дешнашца матта дог дуьйцуш,
КIайн дуьне дицдина, вовшашка хьуьйсуш.
Вайша мел дийцинарг соьца ду хьуна.

Эшамаш бицбина веха со вахарх,
Зезагийн бошмашкахь заманаш яхарх,
ХIуьрлаIа мехкарша суна гош бахарх –
Хьуна бен сан дагахь меттиг бац хьуна.

РегIа малх тевжича, цIен басар кхетта,
Iаьршан йист хIоьттича, ша хазахетта,
Седано болийча лаьтта бIаьрг бетта –
Хьегаро хьовзавой, гатлуш ву хьуна.

Вахар дац, боцуш дерг дегнашна кхача:
Даима юьхь тIехь ду кхоларан тача,
Iалашо хьалха гац, воьдуш тIекхача,
Дегнашка кхачалург – безам бу хьуна.

Безамехь шалхонаш тарло ма мотта,
Безамах ловзучарна юххе ма хIотта,
Даима Iийжа дIовш кийра ма дотта, –
Безамца телхинарг то ца ло хьуна.

Телхачу ойланийн урх дIа ма хеца,
ЧIогIаллехь къовсамна мокхазар эца,
Орцанна ахь улло оьздалла леца –
Ойланийн урх тосург вовш хуьлу хьуна.

Буьйса цкъа дIатилча, сирла де санна,
Шийла Iа кхачалуш, бовха мур санна,
Сийначу бацала байн полла санна,
Безаман зевнаца кхочур ву хьуна.

Галамо боларехь вайша кхолларна,
Заманехь, майданахь герга нисдарна,
Вайн дегнаш вовшашка мерза кховдарна –
Даима хастамбеш вехар ву хьуна.

Т-РЕ

Хьомсарчу доттагIчо
Шийла букъ тоьхна,

бохамна бIарзъелла
хьаьвзиний хьо?
Моттазниг доьссина,
ойланаш йоьхна,
сирла де Iарзделла
хIоьттиний хьо?
Хьаьвзинехь,
хIоьттинехь,
карла а даьлла,
суна хьо хиллачух
кхеталур ю.
ХIунда лазийра те
доттагIас, аьлла,
оьмаран йохаллехь
хеталур ду.
Амма кхин кехатех
соьца ма ловза:
ловзаро делларига
дендан тигац.
Мехий мел дахарах
исбаьхьа-говза,
доьхначу духарах
духар хилац.

БОТТА-МАХЬМА

Буьйса чекхъяьлла яц –
ГIаьттина хьийза.
Корта бу базбелла –
Ша ма й-ю гIабакх.
Хьагвелла вайн Махьма
Ведаре кхийда –
Ойъуий цо дIамолу

Шелчу хин кхаба.
Амма дегI
Духуш ду тIеттIа.
Коьрта чу
Хьере ов детта.
Сахили.
Доьзалан беснеш тIехь
Белхаран тача.
Барзакъаш беркъе ду.
Кхалла бац кхача.
«ОхI! – олий хетало. –
Кхин мер дац!» –
Олий,
Воьду и,
Доьзале дош доцуш,
Волий.
Шай лоху.
Карайо.
Ойла ю:
«Доьзална», – бохуш.
Амма гIулч
ЦIехьа яц йоккхуш –
ЧагIаран кедехьа ю.
Муст а лой,
Воьдий дIахIутту,
ХIинццалца меллачо
Мажвинарг.
«Девушкас»,
Елалой,
ЧагIар-кад бутту,
ЦIоцкъам а саттадо,
Кхуо и мериг.
Ойбу кад.
Жирго йо.

Пахдаттар кийчча ю
Ара схьагIорта.
Амма кхуо
Къурдаш бо.
Зуз хьоду дегIе.
Байбала болало
Базбелла корта.
«Кхин доттал!» –
Алало ша-шах,
Бицло шен шарбалан
Тишбелла маша.
«Дехийла!» – олу цо.
Кад ластабо.
Мацбелла доьзал а –
Шадерг дицло.
«Девушка» елало.
Дош мерза ду.
Бесни а,
Лерг-бIаьрг а,
Ловзо цIоцкъам а,
Кад буттуш сеттаден
Дуткъий пIелгаш а,
Йолалуш техкаен
Горгийн белшаш а –
Ерриг а
Башха товш ю.
«Ботта ахь! – олу цо. –
Ботта ахь кад!
Тахка хьо безаме
ХIуьрлаIа бад!»
Малх кхетча даш санна
Ойланаш къега.
Дерриг а товш тарлой,
Вела а ло.

Дицделла доьзало
Далхийнарг шега.
«Дехийла! –
Бохуш цо,
Кад озабо –
Вай кIентий ду.
Вай кед мер бу.
Ваьш мелларг вай
Ловриг а бу!..»
Амма лац.
Муха лов,
Хьайбано санна дIамелча.
«ХIуьрлаIа» чехайо,
Кхин а ца делча…
ХIинца а оьккхур ду
Доьзалан белхар.
ХIинца а уьйур ду
Буьйсанца хи.
«Кхин мер дац!
Кхин мер дац!
Кхин мер дац!» –
Бохуш,
Кхана а хIуттур ву
ХIоккхуза и.
Iуьйрене тийсахь а,
Кеде сатуьйсу.
Суьйрене туьйсург а
Цуьнга ду са.
Доьзале яккхийтац
Чомехь цо буьйса.
Шарбална шай тигац
Кисанахь диса.

Далла-т1е вобуш некъ дагуо д1абу.
Дагийна урс санна вайнарг уа алаьх
Халкъах дог тевдолчух яккхан у1е ду
Адамашах безама лар юьтуш вала:
Адамашах, тешвоцур кхобуш хирвац.
Жоьжахтех кхоьруш ахь хьизийна суьйхье
Нахана хьаьш вацаьх зебайна ду.
Ламаз-ма шолгла дай...

адамашш безам бу жьалка.

Далла-т1е вобуш некъ дагуо д1абу
Ковртанич муьлха ду?

Уллакх доцург хьарам ду-ъ
ламаз-а-т1ехь:
Уллакхуо вола бах шина-т1е цуо.
Декхарин мехкьаш бу х1орунан гехь,-
Декхарлах ковртарич-ъ
Уллакхйех цуо.

- Сурташ т1е -
Заманш юьх шалхина,
Бодашо дог талхина:
Ам ойла йоцаш тичац;
Ойланна къамаьла гац...
Дашман хьожуш ю ойла
Цун йоцуш къуонахла гойла.

До-вис-хьан, синъаттам, хун деасхьа?
Кхачабар дуй-т1е хьан дан-а?
Дашман ахь уйпеор къордийна-кк суна...
Маслахьт гайтац ахь ган-а

Сайга

Варийлахь! Варийлахь!!
Харц некъ лахьуолахь:
Харц новкъах лакх-летъахь
Дог телхар ду.
Мел-кезиг лаккхо-а
Хьай даг-текъ гуолахь:
Шин даг-чуьк цам белхар
Далла гур ву.

—II—

Синкъерам да-бакъа
Набара бераниех терра.
Кобртатехь синъатташ сирбелла:
Дог тешар гуш-доцуш-пахалахь
Бехк лоцуш,
Къаналлин къурдам кей ас мелш.
Вокхкхаллин ламанан-тийра
Бераллин аренаш го;
Марзонан марзалла ккхачор хиллера
Ккхачале терган уа йо.
Давис-ма
Мерзачу ценан сурт хилла
Валлалуа хьизорхта
Къеначу бераршташ кхуколло кхаьчна?
Хьизор-ьо...
Мехкарех бераш ккхетъахь
Ирх сеттам дедал ду
Къаналла кач валарх шалха.

Валарг

Хьай валар! —
Кезига сихделли-те хьо
Кхидина ойланаш ккхачале леран?
Хьайн тарлахь жимма луа дехьа,
Витахь со декъазуш ойланна теран.
Сан хезнах ваде хьай элчано бекнарш,
Къорранийн корченан йовзанца ву;
Ханан цен-тийра ушкаш йохка
Ойланаш йийцира тассанш ду.

Собурде
сих-ма-ло
гонах махьиза
Уахарна борз санна ауха мацуйза
Суча сайн декхарлахь аллалла го;
Къам-летор къахь-делла мелан гам ккетта
Уазалли вовано серло-а йетта;
Девзинар дарнегарлахь некъаш ву со.
Ас мацуах-дуьйна-скьа латтанаш хьежарг
Со-л дерзин медане ккачанза вай;
Хьежийна цен-белла бераш сан лиларг
Хьалхена гам ккоблларш ганза ву хьай.
Вакарах урбона хьун луо ас тракка?..
Мелана хьоттина хьоллуш-а бау.
Со-л ккхъаьч ваде хьай меле кег бакъа
Мел боцуш вирзинчахь
Элчана тау.
Собурде, сих-ма-ло
гонахь махьиза...
Мелана хьоттийна хьоллуш-а бау,
Мел боцуш вирзинчи далла-а тау.

М-С. Гайсаев

"Церге"

Кчинтшира ялалаки суна,
Забарна алла сан "Церг",—
Киллачин шайлачу жунан
Дал тжех кдаш лелаеш ерг.

Кчастаран аырга дош алла,
Йиса кло бдарзйина де
Диулур дин: дегдак са далла,
Лакытаки сайн лаццалда ге.

Кбуначул чоца ши дено
Суна йин дерачек чов.
Бдырчак кин тар да ло дено,
Кшракы-ма ирча ду ов.

Ялалаки суна кчинтшира.
Чалзачек дидделаки терг.
Багна ма кеталаки кшра,
Багда кайн амат даш верг.

С-те

Ккослинчу сак жусле,
уепек чакқдалла,
кочгара маршалла дочеси.
Доч кили уакичунна-
марка вдялла.
Ойла а.
ккерстина.
Алмата йоссеи.

Буйсанна тоскначу
ткчес-шырекы санна,
некан уалаки вайна
вовшайн чра.
Куттинчу кьелаша,
шайн шцкчащуанна,
дарцо уек терра вай
дарчадира.

Ткъесан и сирла мур
вцу а уа белла,
тайи суна сайца акі
маршалла диллар.
Матто а дош теси,
ойла деиъелла:
«доцуш товш кир дара
вайшикна киллар».

Дакараи некъ тайнагара
некъ боікнар вцувеш го суна
Декъазъек декъазъиъ
акь вцуваіара —
кьоігаіьа кетара суна.

Амма ккин вцу уа лаьс,
гаи лаар лаггакь,
«Мукха ву? Куи деш ву?»
кьайи даго каггакь —

Стиглане йоуалуо,
малх буізна ченакі уо
дарин бос тоькча;
ламанк тока бцаръ,
маьркіаше юсуш уо
Іаьрше лаьъча.

Дэкъаръ а сох тарло кьуна,
дару-мокеі уклана и текъакі.
Экка а шисде акі сецуа,
Іазапан шедо и хеккакь

Екачу кенашкакь
вайи макках кьечна,
кьегариа уелделла,
деіаш доъ ду.
Вайи ауор кьийсина,
кхіла кхи деіна,
кхасвеиъоі кхиітина
бцьръаш а бу.

Ишта ду сан гуллакх –
гайгаийн цийриг.
Янне а беберсо яц.
Вшвича тоьлара
вакараи некъ боьхна цийриг.
Ишташ тергалвеш
некаи а дац.

Амма ду –
суна кьо йишлур яц;
ека мел текхарак
гаьнза сан зама
Генарчу седанаи
шийла шур санна,
бархаш чкъе лаьттар ду
сийла хьан амат.

БЕРАШНА

* * *

«Вон ма хила», –
Шега аьлча,
Вониг вусало!
«Юьхь-куьг дила», –
Шега аьлча,
Дарлой тохало.
Школе ваха хьовзавахь,
Ловзаволу ченалахь.

Школехь доьшуш бераш ду.
Церан юьхь-куьг цIена ду.
Церан духар хаза ду.
Цаьргахь хаза жайнаш ду.
Царна хатташ бетталац.
Цара ченаш ловзаяц.
ТIера духар дохадац.
Доьшу жайнаш этIадац.
Цара шайга аьлларг до.
Цара Iилма Iамадо.

Дас-нанас аьлларг цадийриг –
Уггар а вониг и ву.
Шен ког-куьг цIан ца деш Iийриг –
Ша ма-дду шинара ду.
Ткъа Iилма Iамацадийриг –
Декъаза гуьйриг а ю.

КОРАХ АРА А ХЬОЬЖУШ

Ло ду дуьллуш кхевссина.
ЦIенойн тхевнаш севсина.

Диттийн генаш дазделла,
Латта охьакхевдина.
Нана бепиг доттуш ю.
Пису корах хьоьжуш ду.
Аравала хазделла,
Когаш кIамлуш со а ву.
Ло ду дуьллуш кхевссина.
Пису корах хьоьжуш ду.
Лайла вала догхилла,
Когаш кIамлуш со а ву.

МУЬСТА МУЬСТА

Тхуна дукха виэзаш волу,
Тхуна хаза хеташ волу,
Хьормат санна мара болу
Жима Муьста
Инзарене муьста ву.

ХIинцца хьалагIаьттинехь а,
Хьаста диэгIах куьг тоьхнехь а,
Сатталц худар ца диънехь а,
Виэла хьовха,
Iанаваха кийчча ву.

Къовлле бIаьргаш дIахьаббо цо,
ГIоддах бага гIаттайо цо,
Эсо санна гIовгIа йо цо –
Хьовсал цуьнга:
Ша ма-варра Муьста ву.

ПХЬАГАЛШ

Пхьагалш яйра
гІенах суна
сийсара.
Лергаш лестош
суйнаш цара
туьйсура;
бІаьргаш къерзош
гома соьга
хьуьйсура;
ловза лелхаш
сенара цІингаш
кхуьйсура;
Вовша-вовшел
хьалха йовла
къуьйсура.
Гома соьга
хьуьйсура…

КХАНА

Са ма хилли гІаьттина,
КІанта нене хаьттина:
«Нана, ва нана!
ХІинца дуй кхана?»
«Дац, – аьлла,
Жоп делла нанас, –
ХІинца вайна тахана ду».
Муст а велла,
КІанта аьлла:
«Селхана а,
Мама, дара хьан тахана…»

«Делахь, иза, –
Аьлла нанас, –
Селхханехь дІадахана.
Оцул тІаьхьа
Цхьа буьйса а
Яхана».
БІаьргаш тухий,
КІанта кІеззиг
Ойла йо.
ТІаккха нене
Хаттар до:
«Кхана маца хир ду, ткъа?»
«Цкъа тахана дІадаьлча,
ТІаккха буьйса а яьлча».
«Делахь,
ХІинца ду-кх и кхана!»
«Кхана хуьлу
Таханах?»
«Хьан тахана, –
Олу кІанта, –
Селхханехь дІадахана.
Оцул тІаьхьа
Цхьа буьйса а яхана…
Кампет схьалой яла хьо!»

ПОЭМАШ

ТОЬПАН ТАТА

Ира, лекха, хьаннаш йоцу
Ламанаш кхачалуччохь,
Ерриг раьгІнаш дІа а лоцуш,
Луьста хьун йолалуччохь,

Олхазарийн зевне аьзнаш
Синкъераме дуьйлучохь,
Акхароша шовдийн Іаьмнаш
Малх кхетале муьйлучохь

Йоллуш юрт ю маьлхан басахь,
Стоьмийн бошмийн ІиндагІехь.
Цхьа сахьт а нехан дІасахь
Дахло, цу юьртахь винехь.

Къаьстте йогІу эццехь Іуьйре!
Юххехь боккха гІотту малх.
ХІора хьоза кхойкху уьйре,
Юьртахь нахе кхойкху нах.

Дийно цигахь нуьре шен мор
Дагна таме бадабо.
Геннахь басахь хьоькху мангал,
Седа санна, къегабо.

Суьйре!.. Суьйре эццахь санна
Малхо лаьтте кховдаяц.
Хьежарах хьо цуьнга денна,
Хьежа, хьежа кІордадац.

Буьйса а башха яра цигахь!
Амма цхьаъ вон еара:

Эвлайистерачу Iинахь
Тоьпан тата делира.

Тоьпан тата, бердаш декош,
Боьранашка даьржира.
МостагIчунна цергаш хьекхош,
Адам охьа дуьйжира.

Даьлла тата-м цу бодано,
ГIамаро и хи санна,
ДIахуьйдира, ткъа воьжначо
Жоп делира татанна:

«Маржа яI хьо, кIилло жIаьла!
Хьан цIе яра ямартхо.
ГIаттавелча цкъа со хьала,
Кхетар яра хьох йовхо.

Ямарталло, осалалло
Кадаькккхин-ца хьан хьалха…
Толий-кха хьо со вожаро,
Со хиларо цхьан-цхьалха…»

Аз дIатийра, тата дайра,
Цкъа а ца хилча санна.
Буьйсано-ма иза лайра…
ХIун хир ду и хазахь нанна?

Оьздда шен дегI айа ца луш,
Амма чевнна яхь ца луш,
ТIаьхьа-тIаьхьа гIора гIеллуш,
Паша вара сауьйзуш.

Iаьржа бIаьргаш, нийса мара,
Луьста цIоцкъам, шуьйра хьаж…

Стаммий балдаш хьедеш дара,
Кестта яьшна яра маж.

Цуьнан дашах бара тешам
Къинхьегаман халкъана.
Паша валар бара эшам,
Шеко йоццуш, юьртана.

«Паша вийна, орца дала!» –
Дийкира цу юьрта чохь.
ХIоранна а гIайгIа-бала
Карийра шен коьрта чохь.

«Паша! Паша! Паша!» – бохуш,
Пашин нана кхечира.
ГIийла кIентан цIе а йохуш,
Шийла куьг схьалецира.

КIант валаран къахьонан кад
Мелла ша юй хиира.
Шен логера Iовжаман шад
Башош, елха хиира.

«Паша, мила хилла техьа
Вайшиннах ца Iебаш верг,
Оццул цIенчу хьан юьхьехьа
Ямарт бIаьргаш хьежош верг?

Мила, мила вара, Паша,
Сел къинхетам боцу хьаша,
Сел неIалто къастийнарг?

Со сайн Пашех хьан яькккхи те?
Паша, сох хьо хьан ваькккхи?

Сан кIант вийнарг мила ву те?
Паша, вистхир вац хьо кхин?

Вай-й-й, хир вац хьо, вистхир вац хьо,
Соьга хьо кхин вистхир вац.
Сан са... Паша... Хьо дIагIо хьо...
Амма суна вицлур вац...» –

Бохуш йоьлхуш, Пашех хьерчаш,
Пашин шийла куьг лоьцуш,
Пашин мелчу цIиэла керчаш
Нана Iара мохь хьоькхуш.

Хийла нана елхийна куьг
Дара Паша Iовжийнарг.
Хийла кIентан кийра шан цуьрг,
Эхь-къа доцуш, дожийнарг;

Хийла доьзал, да тIехь воцуш.
Эрна арахь битинарг,
Хийла миска, бехк а боцуш.
Сту-говр доккхуш, вожийнарг.

Винчу нанас шега хоьттуш,
Хила веллехьара вист,
Жоп лур дара Пашас хоьццуш:
«Вожийнарг ю ямарт пис!»

БУЬЙСАНАН БЕРЕ

(Поэми тIера)

Со вина борз угIучу ламанан Iин чохь,
Эндаже лечарчий, ижунна дуьйлуш,

Суьйренца хьийзачохь, буьрса аз кхуьйлуш;
Вина чIу ца баллал луьстачу хьуьн чохь,
Лаьттан тхов тиллинчу тишчу тхайн буьн чохь –
Дада сайн ваьхначохь, къаьхьа кад муьйлуш.

Беран мур циггахь ас баькккхина, кхерсташ,
Хьаннийн и бурсанаш, малх кхеташ волий,
Кегаеш. «Же, варий! Же, варий!» – олий,
Берзалой лелхаеш; тIулгаш а детташ,
Лечарчий къехкадеш, уьш мохехь сетташ
Iехалуш, синкъерам алсам а болий.

ТогIи чохь техкаш Iиэн хьуьнан хIорд боккха,
Пепнаш тIехь чардаккхийх дартанийн баннаш,
КIорнешца жаргI ловзу уьшалан Iаннаш,
Гечош а, суьйренца гила борз оькккун,
Девзара суна; ткъа воьра со воккха
Цу «хIонсах», бIаьстенан алкханчаш санна.

Декарах девзара олхазар суна,
ЦIийзарах, угIарах – акхаройн васташ,
Озе ладуггIушехь дора ас къаста.
И декар дийлахь а баланан хьунна,
Делахь а дуьйлуш и синкъерам ийна,
Со кийча хуьлура шоззе и хьаста.

ХIеттахье жимчу сайн кхетамо соьга
Шабарца олура: «Хьол ирсе хилла
ДIа мила воьрзур те, каш чу дегI дилла?
Хьайн гIоддах хьо Iалам дезарца вогу,
Ткъа изаъ дац хьоьца наххартал шога,
Хьоьсту цо денна хьо, барамах тилла».

ВОККХАЧУ СТЕГАН КЪАМЕЛ

Іиэлац ша боху цІахь
«Тевна а хиъна»,
Ваьлла ша, тов, балха
Халкъан зовкх кхуллучу «тІам тІехь»
Шениг а
«Дакъа ган лиъна».
Безамехь къонаха ву.
Хьовзийра воккха стаг
Дийцаре ваккха.
Цо суна
ХІара хабар дийцира тІаккха:
«Цхьанхьара догІу тхо
Арахь некъ боьхна,
Боккхачу Борзехь севццера.
Накъостий ийгира
Набаро тоьхна.
ЧагІалкхаш севцира,
Борз уьгІча йоьхна, –
Цхьа тайпа
ГІар йоцуш
Буьйса еттера.
Боккха Барз
Турпалан каш хилла боху.
Боккхачу Борзан цІе
Баккхийчара
Сий дарца йоху.
Ткъа турпал мила ву?
Муьлхачу тІеман ву? –
Заманан йохаллехь
Дицделла боху.

Наб яйна Іара со,
Ойлане ваьлла.
Генарчу регІарчу
Ярийн цІерш гора.
Урх елча гІаьттинчу
Ойлано оьций,
Хиэ текхо хен санна.
Генна дІахьора.

Дистинчу хиэ текхо ханнаш,
Даккхийчу хІордаш чохь соьцу.
Лам текхча керчина чхернаш,
КІоргачу Іаннаша лоьцу.
Къанвелча гІаьттинчу ойлано,
Къоналлин ломара хьаьжча,
Генара къоналлин тогІеш,
Нахазара таме а го.
Коьртаниг –
ХІоккхера бІаьрг тоьхчахь
Шера го хьуна
Вахаран Іалашо бохург.
Жимчохь-ма
Синкъерам,
Важаррий
Хетало коьрта.
Тоьлла верг
ву моттало
Хьалхенаш йохург.
Амма цара
Къанвелча кхачам ца бо.
Къанвелча кхин тайпа ойла яло.
Упханан уьне а ваьлла,
Аганан уьнехьа хьаьжча,
«Къонаха вахна-кха», – аьлла,

Адмашлахь шен юьсуш цIе,
Чха-м-м,
Олий, хеталой,
Дог Iовжадо.
Дависа шен,
«Со»
Бохуш ваха а вехий,
TIап-алий
Ван аьллах даций.
Къонаха-м,
Веллера аьлла.
Адмашна-м вицлуш а ваций.
Вахарехь ши некъ бу:
Шен хьаште боьдуш берг – цхьаъ.
Халкъан дукъ узуш берг – цхьаъ.
Цаьршинне вовшашца
Безам а бу.
Халкъан дукъ узуш хиларх,
Шен хьашт а
Дицдан тарлац;
Шен хьаште кхевдина
Халкъ дицдича,
Адмаллин чоьтахь висац.
Ткъа стеган
Адмаллин барам
Цу некъийн леларца бусту:
Халкъан дукъ озаргахь
Алсам мел вели,
Адмаллехь вуьйлу и сов;
Шен хьаште хьаьддачохь
Чехка мел вели,
Адмалла,
Жим-жимлуш,
Дов.

Адмаллехь сов и мел вели,
Адмашлахь виц ца луш вахло;
Шен орца алсам мел эли,
Адмашна вицвалар сихло.
XIораннан йиш ю вайн,
Лахьти чу верзарх,
Адмашка ша ца вицвайта,
Адамийн дегнашкахь ваха.
Верриг а
Шен хьаште Iеха ма вайта,
Халкъан дукъ узуш а
Ирхенаш яха.
Ала,
Ас
Цхьацца нхьа дитташ а доьгIу.
«Хьенеха доьгIна»
Алийта.
Ницкъ кхочу болх а бо,
Велча сайн хьехавар
Жимма а гена далийта.
Амма
Сан хIоллам бац
Адмашлахь лар латто боьгIна,
Цунна ю ойла а йоьхна.
Чарх кошахь хьулъелчахьана,
XIинццалца ваьхна со,
TIап-олий вов.
Цул йоккха яц дагна чов.
Со-м дуьйцуш воллурий.
Иштта сайн ойланаш еччохь,
Боккхачу Борза тIехь
Сан дегI а
Набаро хьаьшна хиллений.
Ткъа

Латтий,
Вуьйцучу турпалан доггий,
ХІайт-аьлла,
Вовшашка лоьний.
Латтано аланий:
«Хийла да тхьовсийра ас,
Там беш тахкийна;
Хийла дог кхачийра,
Лаьттахь дахкийна.
Амма хьо,
Тешаме башха дог,
Соьга хьо тхьовсо ма лац.
Лахьти чохь Іийдарах,
Соьга хьо дахка ма лац.
Наж-дечкан алонехь
Жижган цуьрг санна,
Даим хьо догуш ма ду.
Ахь со хьайн инзарчу
Йовхонацанна
Диллина Іийжош ма ду.
Хьоьгарниг хІун бала бу?

Д а г о:
Турпалан дог ду со.
Халкъана аьттонаш лоьхуш,
Даима халкъан дукъ кхоьхьуш,
Іазапаш сов лайра цо.
Берриг а халкъера бала
Шега схьаоьцура цо.
Суна чу буьллура цо.
Аьтто цуьнан хилланц-кха
Халкъ маьрша дайна,
Соьгара бала башо.
Хеназа хьоьга вирзи,

Бала а соьгахь биси...
И бу ас Іуьйшуш берг,
И бу со доттург –
Турпало лехьийна
Халкъера бала.

Л а ь т т о:
Мел зама йисина
И бала
Хьегна хьо дала?

Д а г о:
Іазап сан алсам мел дели,
Сан турпал сийлахь вазло.
Заманехь гена мел вели,
Къагарехь седанах тарло.
Хьуна тІехь мел веха ша,
Халкъе бІаьрг хьежийна цо.
Цунна со Іийжийна цо.
Хьуна тІехь адмаш мел деха
Ас хьеггал баланаш гулбина цо,
Заманийн дозанаш хьулдина цо.

Л а т т о:
Буьйсанна наб яц ас,
Буьрса хьо цІийзаш,
Дийнахь ял яц суна,
Дагарна хьийзаш, –
Ахь суна беш бериг
Ирча ницкъ бу.
Тоийта! ДІадала
Сан букъа тІера.
Ма етта даима
Алу сан кийра!

Сан а бу сайн бала.
ГІайгІа а ю.

Даго:
Дакъаза ма дала хьо,
ЦІарна цІе яхна
Сий долу Латта.
Айъина дІовш мелча санна,
Кийра ас Іийжабешшехьа,
ЦІийдинчу болато
ПхьалгІийн гуьй санна,
Верриг ас кхехкавешшехьа,
Къонахчо-м латкъаман дош доцуш,
Лан ма лайра со.
Хьан-х шортта раьгІнаш ю
ГІайгІанаш хьерча,
Аренаш, хІордаш ду
Бала тІе керча, –
Мел доьхна хьаьвзина хьо…
Хьо сихделла.
Хьо жимделла.
Бехк боккхур бу хьоьга
Хьо санначара.
Сийн жамІе хевшинчохь
Дицдийр ду цара –
Цул йоккха яц хьуна чов –
Дерриг а хьан дахар
Стом боцуш дов.
Гой хьуна сан турпал?
Сийн жамІе хевш-хевшшинчохь
Ойланна тевж-тевжжинчохь
Виллина хьехавеш ву.
Кхечуьнан бала цаловриг,
Шениг бен дагна цатовриг –

Вахарехь стом боцург ву.
Селла хьо сихделча,
Селла хьо жимделча,
Хьуна эхь ду.

Эццахь самавелира
Инзараваьлла.
Малх кхета
Кечлуш бара.
ЮьхьІаьржа хІоьттича санна,
Латта а
Кортошкахь цІийлуш дара.
Шовзткъа шо хир ду сан,
И гІан гуш суна.
Цул тІаьхьа а
Шовзткъа дели.
Амма и гІан галлац
Сан кхетам
Сама ца бели.
Ткъа хІетахь дуьйна схьа
Ас ойла йийриг…

Воккха стаг сецира,
Генна дІахьаьжна,
Воьлхучо санна беш къурд.
Дарин шах деш хьайра
Хьийкъина хьаьжкІаш,
Доьттина сеттира
Шу боцу урд.
– Доьшийла сан хиланц, –
Элира Іийна, –
Сан зама вон яра:
Аьттонаш бацара деша.
Шун зама дика ю.

Аш мукъа
Іилманаш деша.
Аш мукъа
Латтанаш эрна ма хьеша.
Іилманаш дешча бен
Вахаро стом а лур бац.
Вахаран некъашкахь
Атто ма леха –
Аттаниг мехехь дайн ду.
ДегІана дазлуш дерг
Сийлахь сов ду.

НЕКЪАЗА БЕЗАМ

Юьхь

1

Безамца вовшашка
хьаьвсина бІаьргаш!..
Іаламехь хІуттий те
ша санна сурт?
Хьаьжний хьо, дешархо,
леррина цаьрга?
Лацабеллий уьзаш
хІиттина мур?
Исбаьхьа мел дериг
лехьадо цара,
Шайн нуьран серлонехь
лепа а до.
Вовшашка сирла нур
дерзийначара,
Исбаьхьаллин лекха
Іарш къегайо.

Мох баьлла, пелдохуш
олхазар санна,
Ловзаеш йовдайо
ойланаш ирх.
Мерзачу къаларан
татолашцанна,
Кийрашка божабо
тешаман зирх.
Еттарал совнаха
вовшашка серло,
Дегнийн доьллу схьа
гІуткхийн негІарш.
Чаьмза мел долчуьнах
хадамца херлой,
Лекхарза кхетадо
кхета лиънарш.
Хьанала вовшашка
хьаьвсина бІаьргаш –
Йоллучу маьІданел
йоккханиг ю.
Лаладой, мел дериг
дегнашкахь аьрга,
Ирсана шуьйрра некъ
боьллуш дерг ду.

2

Иштта некъ биллира
бІаьргийн хьажарца,
Дуьххьара гуш доцчу
адмаша цкъа.
Олуш дош доцучу
дегнийн ишарца,
Цара далхийра шайн
кийрара къа.
«ЭхІ! – бохург къегара
бІаьргашкахь церан, –

Сайна хьо кхоьллинчух
суна тарло.
Цунна сан дог хилар
гой хьуна къера?
Хьайга дIа гой хьуна
кхевдина со?
Хьо-м аса даима
лехнерий къайлах,
Кхетачу малхаца,
беттан нуьрца.
Хьуна сан хиллера
хьийзар са байлахь,
Суьйранна гIоттучу
юьртан кIуьрца.
Малх буьзна, стиглан ах
генахь цIийелча,
Геналле хиллера
кхуьйкуриг[1] хьо.
МаьркIаже йоьссина
богIа лам белча,
Кийрахь дог цIовзориг
хиллера хьо.
Таханалц хиллийца
довза ца доьгIна
Кхоьллина хиллехь а
вовшашна вай.
Хьегаран Iийжарна
деха сатоьхна,
Вовшийн вай баькхи некъ
хьастарна, хIай!»

[1] Кхуьйкуриг – кхузахь гIалат дац. Кхойкхуриг боху дош иштта олу нажин-юьртахоша.

3

Шеконца хетара,
гIиллакх-бехк доцуш,
Кхийсалой хьаьрча уьш
вовшийн мара.
ХIоьттинчу суьртаца,
хержа некъ боцуш,
ДогIуриг цаьршинна
изза дара.
Амма уьш – тамаша! –
богIа а белла,
Кхевддинчохь вовшашка
севцина биси.
Арарчу бIаьргана
хьулла а елла,
Шаьшшинна юккъешха
царна керт гин...
Стено хIоттий теша,
къегина селла,
Вовшашка кхевдинчу
царна и керт?
Дегнашкахь яй теша
мекха хьулъелла?
Яххьаш тIехь дели те
дайн гучу дерт?
Кхечунна делла дош
хьалххенгахь хилла,
Цо лецна совций те
безнариш – я?
ХIоттий те цхьаммо я
мекара хIилла –
Вукхунна гергахь шен
сийлла язъян?
Стенна и хиллехь а,
кхоьлина Зара,

Лаьтта бІаьрг берзийна,
йогІаели.
Тамашен хьу кхетта
шелонгахьара,
Ваха а, хьаьвзина,
шеца виси.

4

Дависа, некъаза
хьаьрчина безам!
Далхо йиш йоцу вон
доссадо цо.
Шерашкахь дахлучех
маслаІатеза,
Іийжавар дожадо
даг чу оцо.
Дуьххьара кхетачу
седин къажарца,
Безамо хаьржинчун
аматаш го.
Генарчу боданехь
къегаш цІе гарца,
Ойланийн тулгІеша
оьций дІахьо.
Безамехь барт хилла
хевшинарш байча,
Ен доьхнарг тІех дазлой,
дагна до ов.
Зезагех къарзъелла
аренаш тайча,
Детта са кхачалой,
амал-гІад дов.
Вала а, вола а
йойьу цо меттиг,

Арахь а, кертахь а
цо хьийзаво.
Дагадеш санна цо,
сийна цІе летта,
Даима кийрара
дог Іийжадо.
Дарба а дац цунна
дерриг дуьненахь,
Хьомечу бІаьргийн нур
лепарехь бен.
Хьоьгучун бартара
хезча дош шена,
Кийча ду Іийжавар
тапъаьлла шен.

Хьалхара корта

1

«Іай попан се биъна,
аьхка лам баьжна,
Берга бай хедабен
йоргІа гила,
Лур бара елча аш
Яхамат тхаьшна,
Вахин баьрч къагийна
нускал хила», –
Иштгачу бегашца,
забарша кхечу,
Бер долуш Вахина
йоІ хьехийнера.
ТІаьхь-тІаьхьа безамца,
меттахахьечу,

Луларчу юьртехьа
бІаьрг а хьежнера.
Той-ловзар хиллачохь,
мархин деш Іийда,
Оьккхий гІой, Яхамат
гора оцо.
Амма ца хІуттура
безаман зІийдаг,
Кийрара яьккхина,
дашца къадо.
ЗІийдаго болх бора
сахьташца хьекъаш, –
Чехка дІалоьцура
цо ойла-дог.
Езачо дуьзнера
дахаран некъаш, –
Цунгахьа боккхура
мел боккху ког.
Пхийттара волучу
мерзачу муьрца,
Яхамат хІоьттира
дерриг хьулдеш.
Яхамат хьоьжура
хІора а нуьрца,
Зезагийн къежара
ша хилла беш.

2

Мархина кечлора
хьалхенгахь адмаш,
Духарца, дегІаца,
дагца цІанлой.
Лакхарехь ледара
вен мезан тІадмаш.

Вовшашка хьуьйсура
вонаш дицдой.
БІаьста нисделлера
хьалха цкъа марха –
ТогІешкахь болалуш
сенонан мур.
РегІахь сиз кхачалуш
дешна лайн тархан,
Керташкахь айалуш
нех яго кІур.
Бошмашкахь кечлуш ду
зезагца дитташ,
Урамаш хІинца а
ченаза ду.
Керташна юххешха
хІиттина нитташ,
Сийначу ховхаллехь
хьегавеш бу.
Партала тІемашца
дуьйлу ирх нІаьвла,
Іаьршара санна цо
Іенайо йиш.
Вовшашна мотт хьоькхуш,
малхе а девлла,
Хьайбанаш зовкхехь ду,
Іай делла тиш.
Забарийн, ловзарийн
гІовгІа ю чІогІа,
Когана байбелла
хьийзаш бу нах:
Баттахь сатийсина мархин де догІу –
Цуьнга а кхечи-кха
шен хеннахь рагІ.

3

Цинц бен бац Малхбалехь
синбилгалонах,
Амма юрт гІаьттина
тохаелла.
«Марханаш къобал…» – ду
дуьйцуриг гонах,
Берашкахь бІараш а
дека доьлла.

БАЛХАМ

Доккхачу ото чохь,
диллинчу корехь
кехатех йоьттина
йоккха стол ю.
Йозанна леринчу
къоламца хиъна,
ойлано ваьхьна Іаш
къонах а ву.
Замано гІелдина,
хІиттина бІаьргаш
хьалхарчу суртах чекх
генна дІахьуьйсу.
ГІабали юьйхина,
кІеззига къежна,
безаме хиъначуо
кийра цІе туьйсу.
Тховх ериг яйна ю –
Электролампа.
Стоьла тІехь лаьттарг ю
стол серлаеш.
Аьхкенан буьйса ю

бодане арахь.
Тийна ю корера
тоелла беш.
Яздо цо сих ца луш:
«Хьоме Мамура!» –
Таккха а, вогІалой,
сурте и хьоьжу.
Озачу юьхь тІера
хьийкъина мекхаш,
луьстта шайх кхетта ду
къеналлин къоьжа.
Школехь ву балхахь и,
берашна хьоьхуш.
Сих-сиха зорбанехь
хастош а ву.
Дош хаза, дог цІена,
шена ца лоьхуш,
юьртан хьашт айина
хьийзаш а ву.
Наггахь цо туху бІаьрг
Іаьржачу ара –
юьртара гІовгІанаш
йохкуш ю йовш.
Пондаро текъам бо,
клуб йолчухьара…
Къонахчо йоза до
безаме, товш:
«Хийла хан лестина
вайшинна ганза.
Хийла хиш тогІешкахь,
гІов деш, ихна.
Іемина амал шен
Іадда йитанза,
замано яххьаш тІехь
шениг дина.

ХIинцца ду, хетало,
вовшех бIаьрг кхетта,
дуьххьара вовшашка
вайша хьажар.
Барта дош алале,
безаме хетта,
диц ма лац вовшашна
вайша къажар.
Дикка вай хьийзира
забаршца балха,
диллина вовшийн ган
хьаьгна долуш.
Сингаттам хIуттура
тамашена шалха,
суьйренца, Iуьйренца
дисча ца гуш.
Зама ас тоькхура
халла, сатоьхна –
безаман дагар ду
дагна хала.
Кхачанна вицвелла,
набарах воьхна,
цхьана со хьийзара
гIалахула.
Бийца йиш яцара
кийрара бала:
накъостах кхетара
тIаккха иза.
Цунна чам бовчунах
нацкъара вала,
тийна дIакхийхьира
сайн дукъ аса.
Лачкъадац хIинца ас,
буьйсанан кийрахь

хийла ас хьан цIенна
гонаш баьхна.
Хьан когаш леллачу
урамаш тIера
вала ницкъ боцуш ас
сахьташ даьхна.
Дагарна гатвелла,
гена со ваьлча,
хьегаро хьовзавой
сихлора ган.
Хьоьца суо хIоьттина,
ахь ши дош аьлча,
детта са кхачадой,
довра гIад сан.
Вехха со лийлира,
телхинарг санна,
дуьйцуриг, ордуриг [1]
терга доцуш.
ТIаккха со вирзира
винчу сайн юьрта –
хьегарна вицвала
ойла йолуш.
Нанас-дас бахарна,
церан дог лехна,
бахам-сурт нисдира
дайшха аса.
Дагарна велла виц,
ирсана вехна,
хьовза а хьоьгура
сирла дIаса.
Дош хиланц лиъначух.
Дезнар ца хIоьтти.

[1] Ордуриг – дIадийриг, деш дерг (диал.).

Декъаза нисбели
баьккхина кхаж.
Дераллехь ша яздо
Цунна ма моьтти –
девнашца юьйлира
етталун кIаж.
Иштгаииг, довзарехь,
аьрха хеттера,
мерза Iар дезара
майра-зуда.
Муьлхха сурт хIоттарх а,
вовшийн юккъера
гIиллакх-яхь тар ма ло
доха ца дан.
Хьаж тIе шад хIоьттина,
кедийн татанца,
неI-кор а детташ и
йолаели...
Шенна Iар тоьлуш ду,
шиъ Iачул тIамца –
гена ца довлуш тхан
къастар хили.

* * *

Ткъе ворхI шо кхочуш ду
цхьана со веха.
Нана-да маццаха
доцуш хилла.
Амма хьоьх хьаьрчина
безаман Iеха,
сан даг тIехь цуьрриг а
мал ца белла.
ТIеттIа и хьекъаш бу,

маргIалаш дуьйлуш.
ТIаьхь-тIаьхьа чIагIлуш цо
дог Iаьвдина.
Хенаш ях мел ели,
Нуьцкъала къуьйлуш,
кхоччуш цо амал-гIад
сан дайина.
Хийла со хийшина
луларчу регIа,
гIалиниг тергалдеш
генара къахь.
Набарца лихкина
буьйсанаш еха.
Йолаза кхирстина
аренашкахь.
Баьхна ву сайга со,
Iоттарца хийла:
«Ехьа йиц, маццах хьо
вицвина ерг!»
Эрна ду. Йиц ца ло.
Яц садоIийла.
Суна хьо хилла ю
йоцуш цатерг.

* * *

Хьан некъ а яхарехь
Телхина гора:
гIала нисвеллачохь,
хоттура хьо.
Хьуна тIекхача со
ХIотта ца лора:
хIинца хьан дагца дерг
ган ма ца го.

* * *

Диллина
кийрахь дог цIийзара,
цамгаро хьаьшна бер
аганахь санна.
Ойланаш
хьуна гох[1] хьийзара,
бен текхна олхазар
бердашка санна.
КIайн дуьне тардина
хIоьттинчу хьерах,
сайн хIусмах – саьрмак а
туьйранахьлера,
цхьаллин кху бодане
хьийзаш со Iара.
Ураман гIовгIане
бала байбайта,
гIуллакхийн кхехкаре
гIайгIа йицъяйта,
сих-сиха вуьйлура ара.
ОхI, хала хиллера
цхьалла тIеэцар –
далхадан лиъначийн
тийна деш къурдаш,
суьйранна, Iуьйранна
шеца ша сецар.
Иштта со бIарзвелла хьийзачу хенахь,
Декарехь хеталуш пондаран пхенах,
Хьоьгара кхечира дош.
Бодане ото сан сирла къагийра,
Ерриш сан гIайгIанийн раьгIнаш ягийра,
Даг чура гIура яшош.

[1] Гох – нажин-юртахошлахь лела *гонаха* бохучу дешан яцйина кеп.

Хьалххахь ду суна яхь яздина кехат:
«ДогIург ахь харцахьа дагна ма хьеха –
Суна хьо вицвелла вац.
Вай цхьаьна хьийзинчу генарчу хенал,
Хьан суртахь дайначу буьйсанан гIенал,
Суна товш хIумма а дац.

Кхолламийн Iаьршашкахь хиллелахь йоза,
Вайшиннан хьегарна догIур ду доза –
Кхийдачу кхачалуш ву.
Дуьхьалонах кхералой, хьажа ца кхола,
Хьайн даго хьоьхучу новкъа хьо вола –
Хьоьга со хьаьжна хир ю».

Кестта вай вовшашна гур ду-кха бохуш,
Мерза со воллура буьйсанаш йохуш,
Iийжаран тийна и ов.
Хьан хабар дуьззина тешаме хетта,
Хьоьгара исбаьхьа маьлхан нур кхетта,
Ирсана вуьйлура сов.

Амма ца дели-кха воккхавер гена:
ТIаьххьара хьан хабар шийла хили.
Тамашен Iаьвжина сайн деган пхенаш,
Томах дог диллина, дуладели.

* * *

Бехк биллац хьуна ас, ойла карчарна:
Дахаран хьелаш вайл нуьцкъала ду, –
Хаттаза гойтуш ду, кхийринарг гарна.
Ган лиънарг гайтаза, хьегавеш ду.

Хьуна товр доцу дош алац сан матто,
Дехьа мел дийларах сан къаьхьа шераш.
Даим са Iийшахь а хьегаран гатто
Ойланехь лийсина хьуна там берш.

Дахаран некъаш вайн
Морзаха леллехь,
даг чохь сайн даима
ас хьо кхехьна.
БIаьргана хьан юьхь гар
кIеззиг хиллехь а,
ойлано суна хьо
денна эхьна.
Цунна хирг хир ду и,
нийсаниг аьлча,
суна хьо цуьрриг а
хийра ца хета.
Хьуна де кхоьлича,
хьуна дIовш даьлча,
балхам беш вацахь а,
кийра цIе лета.
Бехк биллац хIумма ас.
Бехк ма богIийла.
Сирла де лаьттийла,
кхолар ца хьовш.
Яхаран некъаш хьан
маьрша догIийла,
байттамал хIоьттина,
бала ца ловш.
Амма кхин цхьаъ ду сан
эххарехь ала –
хьуна а тарло и
холчу ца дала:

тоххарехь вовшашка
хIунда ца кхевдира вайша?
Кхерам тIехIоьттичахь,
наний-бер санна,
хIунда ца хьаьрчира
вовшеха вайша?
Хийла дош хьан дагна
Iаьткъина хир ду,
дIовш долу кIохцалаш
дегIана санна.
Йоьхначу ойлано
бIарзйина хилла,
сирла де Iарзделла
хIоьттина хир ю...
Изза ду-кх, Мамура,
дехачу шерашкахь
декъазчу цхьаллица
ас хьоьгуш дерг а...

Арахьахь вайшимма эрна мел лехнарг,
Ехачу хенашкахь дегнашна эшнарг –
Вовшашкахь вайшинна нислург хиллера.
Дахаран некъашкахь яьхна ирхонаш,
Цхьаллехь дIаийзийна мохь беза вонаш –
Яханза, ийзанза дуьсург хиллера.

Байттамал хIоьтти-кха лиъначийн метта.
Декъазчу кхожан дай вайша хили.
Iийжинчу вайшиннан дегнех дIалетта,
Цамгарех йоккханиг – Цхьалла йиси.

* * *

Ойла еш Iаш ву бехачу некъан, –
Девнаца техкайо заманаш еха:
Хьийкъина кхевдина безаман Iеха,
Хьарчале хадабой, хIаллакбо цара.
ОьгIазе бIаьргашца вовшашка хьуьйсу,
Дар а лой, вовшашна кIон дешнаш кхуьйсу.
ЦIахь вовшийн дегнаш чу дIовшан цинц
туьйсу,
«Оьздачу» къежарца бовлу уьш ара.

Эххарехь байттамал хIуттур ду царна –
Доьзалехь кIоршамах бетталучарна.
Гонахахь болчаьрца мерза ца варна,
Хийла стаг кхиъна шен дакъазло лара,

Вовшашца мерзанаш вонах ца кхоьру,
Бодане буьйса а – царна де ду.
Луларниг лоьручо ша шен ма лоьру,
Нахалахь барт беш дерг – мерза дош ду.

* * *

Кехат кхин яздарх дерг
алалац соьга,
амма цхьаъ шеконза ду:
диллина
кийрахь дог цIийзар ду,
цамгаро хьаьшна бер
аганахь санна.
Ойланаш хьуна гох хьийзар ю,
текхначу бенна гох
олхазар санна...» –

Эццигахь хедира
белхаман йоза,
къонахчун гIийла бIаьрг
ара хьаьжир.
КIеззиг сирделлера
стигланан доза.
НIаьвланан Iенира
хьалхара йир.
Керла гуш дацара
иштта сурт цунна:
дийнан мур болалуш
хьежна и ву.
Безаман дагаро
хьийзош волчунна,
хIора а сумртехь гуш
хьоме сурт ду.

Къаьсттина товш хуьлу
Iуьйренан стиглахь
Беттан марс, гатбелла,
лулахь – Венера.
Цаьршинга хьаьжначохь,
ойлано вигна,
вахарна вицвелла
къонах виснера.

Ницкъ беш бу безамо,
новкъарло хилча.
Собарца вацарах –
бIаьрза лахво.
Хийла цо жимвина,
барамах тилча,
майраллехm лом хиларх –
цо цIовзаво.
Хьовсал ткъа, вайчуьнга:

ханна вац къона,
доьналлехь зевелла
меттигаш ю.
Коьртаниг узуш ву
дакъа халонан, –
хIетте а безамо
жимвина ву.

Онда дог мел хили –
онда бу безам.
Кхетаман кIоргаллехь –
кIарглуш а бу.
Шершина Iенза,
лепачу сурташ тIехь
орамаш хецца и
къовлалуш бу.

Ондийчу дегнашкахь
безамаш бека,
заманан ехаллехь
кхача ца луш.
Безамаш хийцарех
ловзучу нехан
оьмараш кхачало,
безам ца гуш.

Бовза а бовзац и
ловзуш болчарна.
Хьайбанан хьегар бен,
ган а ца го.
Цундела буьззинчу
безамах царна,
шена ша кхоьллина
цамгар тарло.

Баша а башац уьш,
безам хьахийча:
бийлало, кхардарца,
кIомсар къажош.
Хаттаран ницкъаца
пенах таIийча,
карчалац маттаца
хьекъале дош.
Везарг ма кхетийла
иштта болчарах:
безам цабевзариг –
вуьззина вац.
Буьрса де хIоьттина
цхьаъ висча арахь –
буьрсачу доьналлин
зарра хир бац.

* * *

Дийнан нур даьржаш ду
стигланан тховца.
Седанца беттан марс
боллу дIабовш.
НIаьвло йиш Iенайо
партала гIовца.
Къонахчо ойла йо,
меттах ца хьовш.

ПОПАЦА КЪАМЕЛ

Наьрт санна хIоьттина,
тIамар яржийна,
Зоьртала поп лаьтта
регIа тIехь цхьана.
Буьххьехь га мортлуш ду,
хено дакъийна,
ДегIан чкъор ийтIина,
кечделла Iана.

Хьоьжучух тарло и
генарчу ара,
Хилларийн-лелларийн
аматаш гойла,
Хедабеш хетало
кийрахь и цара,
Церан еш хетало
лерина ойла.
Тхьамдане санна ас,
кIайн салам делла,
Хаьттира цуьнга цкъа:
«Турпала дада!
Стенна йо ойланаш?
хIунда гIелбелла?
Оьмаран беха муш
гIерта те хада?..»

Хезначух терра сан
вистхилар шена,
Генаш-гIаш хьадира,
гIовгIа яй-н йоккхуш,
Суна сурт хIоьттира –
лекхар схьаIена,

ХIора дош кхийкара
озадой доккхуш:
«Кестта ма дезийла хьуна, ва къонах,
Къеналлин дIаьвшалла ган.
Нийсархойн тобанаш кхачийна гонах,
Цхьалло ма бойла цатам.

Оьмарийн кIордаяц ехалла вайна,
Безамаш кхачо тигац.
Меженаш малъяларх, гIора дIадайна,
Дацаре дерза лаац.

Эхартна герга мел доьлху,
Дахаран чам вайна тIеттIа марзло.
Ойланаш къоналле хьоьлху,
Бераллин заманаш безаме го.

ХIинцца ду, хетарехь, гIашна юккъера,
Партала гIаьттина ховха сан зIод.
Екар а даьлла дац дайна лерера,
Къоначу маргIалан хьийкъина лод.

Зама-м дIалистина. Листина шортта,
Гонахахь Iаламаш хийцаделла.
КIорга лараш йийшина заманан йортан,
БIаьрго мел лоцучу арахула.

Кхераме акхарой хьийзина хьаннаш,
Ган а гуш кхачаели.
Болатан некъ бижи, доьзна тай санна,
Эчиган ворданаш юьйлаели.

ГIаланаш хIиттина кIотарийн метта,
Хьаннаш дIаяйначохь яртийн ю къахь.

Лаьттаха яькkхинчу газах цIе летта,
ШолгIа малх къегина регIан дукъахь.

Дебарехь даьржина, болар чхьагъэцна,
ПохIмина ирделла, хьаьдда адам.
Iалам цо Iаьвдира, ницкъаш тIехецна,
Дахаран хьаштехьа оьхьна тидам.

Атоман доьлла и кIезигчу кийра,
Седарчийн дахаран кеп евзина.
Шега ша дистхилла, Баттана тIера,
Космосе даржа цо ойла йина.

Баккхий и хийцамаш хилла сан цIергахь,
КIезиг ца листина шераш.
Амма вай мел хуьлу эхартна герга,
Дезало дахарехь дерш.

Кеста ма бевзийла хьуна, ва къонах,
Къеналлин къахьбелла чам.
Нийсархойн тобанаш кхачийна гонах,
Цхьалло ма бойла цатам».

Гергахьа гIоьртина,
хьаста и лиъна,
Куьйгаш ас хьаькхира
къеначу дегIах.
Стомма чкъар лилхина,
замано диъна,
TIаьххьарчу набарна
дада-поп хьегIа.

«Ехачу оьмарехь, –
боху ас цуьнга, –

КIезиг ца девзина
гIуллакхаш хьуна.
Хьайн цIергахь гонахахь
мел хиллачуьнга,
Хьоьжуш тIехь Iийна хьо
лекхчу кху гуна.
Дийцахьа суна уьш –
хилларашхьалха.
Къеналлин дахкарлахь
даьржина дале.
Хьайца ма дехьа уьш
дацаре кхалха,
Дагна мохь байбехьа,
матта дош алий».

Дикка и лаьттира
ойланна тийна,
Тергам цо генарчу
ара боьгIнера.
TIаккха дегI техкира,
генаш ластийна,
Къерсиг-къаз Iенадеш
бекъчу буьххьера:
«Йоккха юрт лаьттара хьуьлларчу арахь,
Терко ног тухучохь кхачаеш ргI.
Зен-зулам дацара шайтIанехьара,
Вовшашца яцара юьртахойн хьагI.

Балха тIехь къуьйсура хьалхенаш яха,
Доллучу гIуллакхехь лоьхура лард.
Вовшийн гIо лоцура нисбарехь бахам
Рицкъанан токхонехь кхиънера барт.

Белхан де дирзича, духарца къегий,
Тобанаш хIуттура Теркан йисте.

Мехкарийн лепара бІаьргаш чохь кІегий,
Ийзалуш лоьцура йовлакх бете.

Иман-эхь дехаш ду беркате гонах,
Токхонах хилла бу оьздаллин бух.
Эшамаш жимбелча дог цІанло вонах,
БІаьргаш, юьхь екхало исбаьхьачух.

Гергарлош дуозало вовшашца нехан.
Бартаца дерзадо даьлла хатар.
Безамийн хецало баьржина Іеха,
Нийсонехь адмаш дой дерраш цхьатера.

Мерзачу бартаца бехаш болчарна,
Иккхинчу бохаман Іийжар дайло.
Нахана аьрганиг меда ду царна,
Нахана Іаьржаниг царна кІайло.

Сийлалле кхаьчнарш бу хевшинарш бертахь,
Уьш бу уьш ирс долу «декъала дай».
Шога дош дожадац бехачу кертахь,
Урамехь декадац «эла» я «лай».

Дуьззина вочунах цІанделла дегнаш!
Церачул сирланиг ца кхета нур.
Некъ серлабоккху цо, чилланца тегна,
Мархашка дац кхоладалур.

Яххьийн бос ховхачу зезагах тарбой,
Къена а, къона а цо шовкъе во.
Кхийдачу ойланна генарниг марзлой,
Кийрарчу хьолах цо шуьйра хІорд бо.

Изза нур лепара йоккхачу юьртахь,
ХІора товш вара и вахаран чам.
Иллешца лестара балхана уьрда,
Беркате хІуьттура хьийкъина лам.

Суьйранца, Іуьйранца жа-бажа Іаьхна,
ГІовгІанаш гІевттича – дуьйцург хазац.
Ото чу дІалекъна, баланаш хьаьхна,
Вахарах чам байна цхьа а ма гац.

Бехара юьртахой, жолам яІ!– аьлла,
ХІора а хІора ган хьаьгна вара.
ГІиллакх-яхь, оьздалла ураме даьлла
Рицкъанаш раьгІнашца къуьйсуш дара».

Мох сеци, попан гІах
тулгІе яйн тоьхна,
Леладеш санна ша
цуьнца гІиллакх.
Чуртаха лаьтта со,
ара бІаьрг боьгІна,
Ойланаш кхерстина
заманах чекх.

Гуш иза хетало
хенан кІоргешкахь –
Йоккхачу юьртахойн
бахаран кеп.
МаьркІаже цІийелча
стиглан басешкахь,
Буьзначу маьлхан нур
санна и лепа.

Ийзаво шегахьа,
куьйгашца санна,
Сингаттам боьттина
теІа ма во.
Генарчу лепаран
нур-зІаьнаршцанна,
Байттамал ойланийн
вай гІаттадо.

Дависа хьаналчу,
мерзачу бартан!
Сийлаллехь шел деза
хилла дац дарж.
Цунна ян езаш ю
уггаре коьрта,
Уггаре лерина
хьекъалан харж.

Амма и – мерза барт –
нис ца ло атта,
Новкъарлош хІиттайо
цхьаццаболчара.
Леларна доллушехь
алсама латта,
Неханаш хедадо
некъаш оцара.

ХІилланийн хьерчабо
хьулбина уьйриг,
Мекара къеппигаш
къайллаха йохку.
Маттаца керчадо
цхьогалан туьйра,
Дагна тІехь талонан
жІормагаш Іохку.

БІаьстенан зезаго
малхана санна,
Къегина сирла юьхь
шайна ерзийча,
Шийла бІаьрг туху схьа
кхардамацанна,
Диллинчу дагна чу
дІовш таса кийча.

Боданах юьзна ю
кийранийн яьшкаш.
ХІунда ю? Стенна ю? –
ойла а яц.
Биллина тохац бІаьрг
жимма а шаьшка,
Шайн белхийн кІезгаллин
хьесап далац.

«Сонтанаш! – боху ас,
царех къахетта, –
Сан бІаьргаш берзабе
дегнаш чу шайн».
Іаьршара санна схьа
кІеда ша кхетта,
Наьрт-попо долади
шур-шабар дайн:

«Йоккхачу юьртана луларчу ара,
Керла нах баьхкира биллина баха.
Къоман цІе яьккхира «гІазакхий» цара,
Теркаца латтанаш буьйлира аха.

Лерина лулахой вовшашка хьуьйсу,
Бахар-Іер хенашца вовшех тарло.

Терках чекх сих-сиха хьошаллаш туьйсу,
Къийсалуш арешкахь белхаш а бо.

ГIазакхий богIура чехка тобелла,
Керлачу мехкаш тIехь Теркан хи товш.
Нохчашца хералла йоьду жимъелла,
Духарехь, амалехь башхаллаш йовш.

Хьошаллин некъашца хIоьттина герго
КIарглуш ду дийно-дийно.
КIенташа, мехкарша вовшийн йо терго –
Безамна деллало кор.

Невцарий, несарий вовшашлахь буьйлу,
Иэбала болало мотт.
Дехьахь а, сехьахь а Терк мерза муьйлу,
Вежараллин лелайо чот.

Хьалхенгахь мостагIийн леринчу цIийша,
Татолаш дуьйзира хIинца вовшийх.
ГIазакхий буьйлира нохчашца хийша,
Гергарло дуьйлира цIийх...»

Бевзарий те царна,
къаьмнийн шуш тоьдуш,
Вовшех шайн хьерчаран
буьззина мах?
Шайн гергош –
историн Iалашо юйла
Гуш барий те хIетахь
шерра и нах?

Маржа яI! Бацара...
ойланца оьхьна,

Хьекъалца узуш а
дацара лелар.
Дахар ца девзинчу
берачух терра,
Шашах нислуш дара
вовшашна делар.
Вовшех марзо эца,
вовшашна къежа,
Вовшийн ирх ийадан
кхоьллина дегнаш,
Къаьмнашлахь къастам беш
дац хууш хьежа –
Дерриг а мерзаниг
царна ду мегна.
Ховхачу бераша
хьоьхуш ду вайна –
Вовшийн тIетевжина,
мерза барт тайна,
Хьанала елайо
бераша церг.
Гена дIалестинчу
къоначу хенахь,
Ишттачу бартаца
даьхна адам.
Долалле хьаьлххинчохь,
вовшийн бицбелла,
Дегнашка иккхина
дIаьвшан тIадам.

Изза дIовш кхечира
Теркайисте а:

Ислам-дин хьаьвзира
Нохчашна юккъе,
Оьрсашха мел дериг
Бехдина дуош.

Паччахьан геланчий
оьрсашла баьржа,
луьрчарех мостагIий
нохчий кхайкхош.
Безамна кхевдина
куьйгаш лазийча,
аганахь беран
бIаьрг хьоьжу цец.
Ишттаниг доьссира
лулахойн керта:
доттагIийн мерза мотт
хIинца кхин лец.

Лустъялла хьаьлхина
гергонан зIенаш,
йоьзнариш белхабеш
хеназа хеда.
ХьошалгIа лестачийн
некъ серлабохуш,
Терка чохь къегац кхин
суьйренан седа.

Тапъаьлла тийна ду
урамаш хIинца:
дехьахь а, сехьахь а
доьгIна Iа ла.
Сийна Терк сийсадо,
буьрса керт хилла,
нохчашний, оьрсашний
юккъехула.
Дера ун хьийзара
нахана юккъе,
сехьахь а, дехьахь
сихйина кIеж.

Арара баьхкина
меттанаш луьра,
меттара лулахойх
мостагIий беш.

Лулахой, мисканаш –
Iаламан бераш,
дуьйцучух тешарна
Iехалуш бу.
Селхана хиллачу
марзонан метта,
дегнаш чу йотталуш
дералла ю.
. . . . . .

Генарчу Северехь, сийнна гIараваьлла,
Хьолана вукъвелла, дог кура даьлла,
Ша саннарг лаьтта тIехь кхин хир а вац
аьлла,
Текхахь чIагIвеллера оьрсийн кIайн паччахь.

Гонаха и хьоьжура семчу тидамца.
Мехкаш дIалоьцура буьрсачу тIамца.
Маьршачу бахархойн цIийх буьзна цхьамза,
Дастамчу ловзарца цо лестабора.

Шен мехкийн хьаьрмеш тIе Кавказ а тоха,
Ламанийн кортош тIе шен байракх йуогIа,
Меттерчу къаьмнашна шен ницкъаш уохьа,
Къилбехьа эскараш цо хьийсадора.

Цкъа буса, набаршна адмаш дIатийча,
Боданехь стигланаш латтанех ийча,
Шен ханна буьрсачу герзаца кийчча,
Терка-хих евлира паччахьан полкаш.

Мекарчу барзаха, гІар-тата доцуш,
Йоккхачу юьртана шалха гуо лоцуш,
Ара-чу волу ков дерриг дІалоцуш,
Полкаш дІахІиттира, юьрте ладоьгІна.

Юьртана-м лелочух шек а ца кхетта,
Іеб доцуш Іуьллу и, набарна етта.
ПаргІат Іаш Іедал ду воцург къа летта –
Хьаналчу балха тІехь шен Іамал йийриг.

ХІора цІа машаре Іаьршашка хьоьжу,
РагІошкахь бежнаша дуьзна «ахІ» до.
Аганахь ховха бер набарах къежа,
Пеша кІел цаьпцалга тийжамаш бо…

Декъаза мисканаш!
Набарш дІаяха,
Къематан ирча сахьт
ХІоьттина тІе.
ГІевттича хІун дийр ду
Іаьржачу наха,
Ахархойн лелочу
Машаран цІе?

. . . . . .

Малхбалехь стиглан йист сиръяла юлуш,
Яккхийчу тоьпийниг къевкъира гІов.
Бомбанаш, кІиръелла, юьрта чу хьоьлху,
Масачу хелхарехь чІагІалкхехь йоьлху,
Сийна цІе кхерстаеш хІусмашкахь лелха,
Массо а меттигехь айъина гІов.

ЦІеххьашха хІоьттинчу къематан суртах,
Набарах бовланзарш кхета тигац.

Стиглара доьсси те? – Іаьрше бІаьрг бетта,
ХІораммо ша шега хилларига хоьтту,
Йогучу чевнашка эрна кадетта –
Алолахь, чан-кІуьрлахь вовшийн а гац.

Ирчачех ю тховса тІееъна буьйса.
Амма цул ирчанаш – кІезиг хир ю.
Йогучу керташкахь хьайбанаш Іоьху,
Херцарш кІел бисначара Деле гІо доьху,
Чуьйраш а текхаеш нанас бер лоьху –
Дарц санна хьаьвзина Іожалла ю.

Иштта и мисканаш бІарзбелла хьийзаш,
МостагІчо веларца шен забарш йо:
«ХІей, артиллеристаш!
Собарде жимма –
вагавеш массо аш
кхача ма во!
Дийначу акхаройн
дилхах дІаийна,
цхьамза-тур хьандаза
доьрзур ду тхо!»
Яккхийчу тоьпийн болх саццалца, бохуш,
Кийчча дІалаьтташ бу низамца бІаш:
Хьалхахьа дошлой бу,
тарраш а даьхна,
нуьйрашкахь синтемза
ийалуш Іаш;
луьстачу цхьамзанийн
керташ хІиттийна,
гІашлой бу хьул ца еш
дегнийн шовкъаш.
Юьйлу цІе сецира малх гучуболуш.
Юьртара гІуьттура ченаца кІур.

Полкаш чухьаьлхира шайн «ура!» олуш,
Инзаре даьккхина дур.
КIезга-дукха «акхарой»
бисна хиллера,
чов хиллий, ца хиллий
хьаьхнарашлахь.
Йогуш кIур туьйсучу
чалхаш юккъера,
буьрса схьабуьйлу уьш
лета дагахь.
Диг, шада, бел-баьхьа,
мангал-марс буйнахь,
МостагIчун кхийссало
цхьамзанаш тIе.
ВорхIара даьллачу
берера дуьйна,
довха цIий Iенадо,
гIиттаеш Iе.
Тамаша!
Мохь хазац
беран а болуш,
Яххьаш тIехь кхерам бац –
дералла ю.
Цхьамзи тIе айинчо
«ахI» а ца олу –
мостагIчун къамкъарге
кхийдаш и ву.
МостагIийн цIий а дац
кIеззига Iенаш,
хийланиг детталац
эскархойн дог.
Цара кхин отур дац
бахархойн бенаш,
Маршонна тIекхийдош
Iамийна ког.

Амма вуьйш алсам бу,
герз а ду тоьлла,
мел дукха багорах –
кхачо тигац.
Массо а маьIешха
юьрта чу боьлла,
вала а, хьовза а
меттиг битац.
Делкъанга делира
дуьйцу хазанза
нийсонца доцу и
тийсабалар.
ЦIийн Iовраш хьаьлхира
хIетталца ганза,
Историн некъа тIехь
Iаьржа еш лар.
Йоккха юрт яйра дIа
бахархошцанна,
Суьйренца кхин цуьнан
кIур гIуьттур бац.
Духарца кечбелла,
селхана санна,
Хийисте кIентий а
кхин хIуьттур бац.
. . . . . .

Иштта схьакхоьллира
шен кIайчу куьйга
оьрсийн цу паччахьо
нохчашца ачо.
Инарла Ермоловс
Цунна дош лора,
лаьмнашка боьхкина
нохчийн хIу кхачо.

Ехачу хенашкахь
лийтира вовшах
нохчий а,
оьрсий а,
кхидерш а адмаш.
Дегнаш чу лийдира
къаьхьчу цу дIаьвшан
кхетамаш кхолабеш
худало тIадмаш.
Уггаре алсам и
Iаьткъира шинна,
хьалхенгахь
гергарло
лелийна волчу:
Терк мийлла лулахой –
нохчой,
гIалгIазакхий –
массарел хIоьттира
холчу.
Марс-мангал
герз а гехь
хьоькхура цара.
Буьйсанца –
берзалойх деттара ка.
Нохчийн бIаьрг
оьгIазе
хьоьжура ара,
гIалгIазкхий –
дарбелла
ламанашка.
. . . . . .

И зама ха хорцуш,
Ширалле лести,

Хилларш а, лелларш а
Хено дицдин.
Юха а безаман
Орамаш тесна,
Терка тIехь «мостагIий»
Баха хевши.
Юха а хьерчаш бу
Дахарехь вовшех,
вайнаххий,
гIазакхий
доттагIаллица.
Юха а юзуш ю
гергонан зIенаш –
бераша болийна
ший а мотт бийца.
Невцарий,
несарий
вовшашка леста,
«Дада» а,
«Мама» а
иэделла ду.
ГIалгIазкхий,
вайнаххий,
мерза барт хилла,
балхахь а, шуьнехь а
цхьаьна гуш бу.
. . . . . .

И дерриг дилли ас ойланийн терга,
Доллучун со хилла теш.
Амма вай мел гIерта эхартна герга,
Марзлуш ду вахарехь дерш».
ЦIеххьана мох сецна,
гIовгIа дIатийра,

Наьрт-попан хедира
маззакъан «къаз».
Суьйренан тастаро
аренаш тІера
ГІаланаш, ярташ
йин шатайпа хаз.
Ойланаш ийало,
даьлла вай санна.
Заманан кІоргешка
эрна уьш хьоьлху.
Хьулбала къегинчу
маьлхан нуьрцанна,
Суьйранна тийначу
ярташ тІе йоьлху:
«Дисний те дегнашкахь генарчу дІовшан,
Тахнеца тар ца лун цинцаш?
Новкъарло йой техьа мерза охьаховша,
Нохчашний, оьрсашний хІинца?»
Еш хила тарлуш ду
наггахь болчарна:
БІешаршкахь хуьйдинарг
атта ца дов.
КІеззига новкъарло
хІоттийча, царна
Хиллачийн ирчалло
ян мега чов.
Цаьрга ладоьгІу ас,
цаьрга бІаьрг хьоьжу,
Царна ас хьоьху некъ
маьрша дог даккха.
Стогаллин чидам а
боккханиг оьшу,
Леллачу гІуллакхийн
хьу шех дІаяккха.

Юй техьа цаьргахь и
сийлаллин маьІда?
Ларор буй техьа уьш,
шайн дегнаш эшо?
Хьекъалниг аьрдина
нийсонан ваьІда,
Ирчаллин эрналлех
цІена шаьш тешо?
Эхь ду ца ларабахь!
Эшам бу боккха!
Хьекъалал дог тоьлларг –
бІаьрзениг ву.
Ойла ян дезар ду
гІуллакхийн йоккха:
ГІалгІазакхий, вайнаххий –
лулахой бу.

КЕХАТАШКАХЬ ПОЭМА

Авторера

Къанвелча безамаш бийцар –
гІалатех ларалуш ду.
Амма цо
(къеначо)
корматаллийца
назманаш язйинехь
довхачу цІийца –
безамийн шовкъашца
йоьшуш гуш ю.

Цундела олу ас:
Шайн дегнаш гІовттадахь

ас яздинчара,
безам ас хьехабар
гІалат ма лара.

ДІАДОЛОРАН МЕТТА

Дависа, безам, хьан,
Мел ницкъ бу хьоьгахь!
Боданах нур до ахь,
бохуриг хилча.
Чаьмзаниг марздо ахь,
Ирчаниг хаздо ахь,
Баланаш бицбо ахь,
некъах ца тилча.

Кхоьллина аре а
Екхна ю хьуна,
Хьан лаам сецабеш
бІарлагІаш яцахь.

Лайлахь а йовха ю,
Къоьллехь а мадар ю,
Балха тІехь шовкъ ю,
Хьан некъ ца лацахь.

Ойланехь тІемаш ду
Іаьрша а яла.
Лам харцо хІотта а
булуш бІо бу.
Іовжамах заррат бац
ДегІана къала.
Диллина бІаьргаш чохь
маьлхан нур ду.

Амма хьан некъ сацахь,
Жимма керт хилла;
Хьуна ца боьттинехь
дегаза кхача...
Доьхна ду. Ирча ду.
Чомах ду тилла.
Бесни тІехь къедар ду
белхаран тача.
Аренаш гатъелла,
Хьовза ца валлал.
Ламанаш дазделла,
даш хилла тІе.
Денойн нур кхоьлина
Іалам ца галла.
Пхенашка кхерстина
цІийн метта цІе.

ХЬАЛХАРА ДАКЪА

Везачуьнга:

Даима, даима
хьоьца ю ойла.
Сайга ден декхар а
хьоьга сан ду.
БІаьргийн са кхоьлина,
хьежна хьо гойла.
ХІора мел боккху ког
хьоьгахьа бу.

Дайна хир дац хетий
Иза адмашна:
Безаман чІогІаллин

барамаш гац.
Кийрахь кIеж туьйсучу
мерзачу дашна,
карчабан гIертарах,
мотт а карчац.

Хьайн матта дийцахьа суна
Безаман мерза хабар.
Хьан дашо дарба до суна,
Кийрахь цо кIорга йо лар.

Цхьа а вац, хьо бен, сан селла
Кехате доьгIна ас ла.
Лелориг, дийриг дицделла,
Цуьнга сатесна со Iа.

Езачуьнга:

«Даима, даима
хьоьца ю ойла», –
Хьан дешнаш эли ас
мерза долу.
Вайшиннен дегнашкахь
кIайн безам Iойла.
Шел кIайниг Iаьршахь а
Iанза болу.

Сих-сиха, волалой,
гу-лекха волий,
Вайн лаьмнаш долчухьа
вогIа со ло.
Хьомечу хьан суьрто
исбаьхьа кхолий,
Хьалхачул дуккха уьш
безаме го.

Гена дIа кхоьхьу со
ойлин тулгIеша,
Дистинчу Органо
хенан гул санна.
Гена мел вели а
(сан дашах теша!)
Гергахьа вогIуш ву
хьуна со цхьанна:

Ламанан ваьллелахь
бердан басешка,
Куьг лаьцна лелориг
сайца хьо ю;
Бераллин воьссинехь
товчу тогIешка
Бацалахь ловзар а
хьоьца сан ду.

Юххехь ю-кх хIоьттина,
хийра ца яла,
Йоцуш йиш йоцуриг
хилла ю хьо.
Матто мел карчориг
хьоьга ду ала,
Миччахьа хьежахь а –
бIаьрга хьо го.
Тамаше безам бу
вайшиннен безам:
ЧIогIаллехь ша саннарг
бевзина бац;
Сирлаллехь эшабан
шовдин хи деза;
Хьаналниг шелла а
стиглахь хир дац.

Хьаста мел кхоьллинарг
хьан цIарца, олий,
Вайн лаьмнийн кортошка
вогIало со.
Вайшиннан безамах
сирла нур долий,
ХIинццалцчул къегаш уьш
Хета ма ло.

В е з а ч у ь н г а:

Хьуна цо йовхо ло, бохуш,
Iуьйренца малхе со хьоьжу,
Хьуна цо серло ло, бохуш,
Суьйренца батте со хьоьжу.

ЦIеххьашха варга догдохуш,
Бехачу новкъа бIаьргбетта.
Айса хьан мерза цIе йохуш,
Сайга хьо кхочу де хоьтту.

ЦIарца со яцарах кхойкхуш,
Хаьийла вицвина йоций.
Даима яцахь а вуьйцуш –
Даима везаш дог догий.

Дош хилча дог санна довха –
Йозанаш цIийлур дара.
Кехатан меттана ховха
Хьоьга чим кхочур бара.

Массо дош, юххе лахъелла,
Хьоьга дIаала лаьа.
Безаман йовхо дIаелла,
Хьан дагна къала лаьа.

Цкъа а тIекхочур а буй те,
Денна шех хьоьгу и мур?
Вайшинна кхетар а дуй те
Нахана догуш Iа нур?

Е з а ч у ь н г а:

Кхолларалли н новкъахь,
агIо сох тоьхна,
Корталий ловзош, хьо
улло хIоьтти.

Ойланаш тойи ахь,
заманна йоьхна.
Кийра чу шовкъаллин
алу йоьтти.

Вайшиннан герго ду
дайн дайша доьзна –
Майрра тIетовжа хьо,
некъан йиша.
Сан дог ду хьоьгахьа
шалгоца оьзна,
Кийча ду хьан дагах
ийна даша.

Шалгочух безам бу
вайшинна кхаьчна,
Иштта ниг лаьтта тIехь
наггахь хир бу.
Вайн стиглахь ган магац
кхоьлина-яьгна,
Мерза вай вовшеха
хьерчаш хир ду.

Везачуьнга:

Догдиллал човхийна йоцуш,
Сатийссал хьаьстина йоцуш,
Лела со дахарах хьоьгуш,
Дахаран ирс хьоьца лоьхуш,

Дуьххьара хиллехь а везаш,
ТIаьххьара безам бу хьоьга.
Вацахь а дийцича дезаш,
Сох кхетар дехар ду хьоьга.

Яздан, ахь хьехарна доцуш,
Iама суо гIертар чот йоцуш,
Тамана еллехь йох,
Хаттаза хьан дагах доьлла,
Моттаза собарал тоьлла,
Дог ду-кха хьаьрчина хьох.

Хьуна и къала а къелий?
Дагарна кийра хьан лелий?
Соьца хьо ван а вуй Iаш?..
Хьоьха суо яларна кхоьру.
Заманан хIора ког лоьру,
ХIиттина хьежна бIаьргаш.

Тешамна дагна дIауохьа,
Безаман мерза дош луохьа –
Хьийза са хьастахьа сан.
ТIаккха со, сирла нур кхетта,
Сайн лазар дирзина хетта,
Жимма тарлора йиса.

Довха ду хьан дешнаш, барамах тилла…
Безаман сирла цIе йолуш гуш ю.
Хенашкахь вовшашна генара хилла
Вовшеха вай кхета некъ боцуш ду.

Вицвехьа, хено кир тоьхна,
Дарцийн гIов дицдан хиънарг.
Хеназа ойланаш йоьхна,
Гур дуй те, ган цалиънарг?

Везачуьнга:

Сан деган хьоьцара герго
Дохо йиш йолчеха дац.
ЧIогIа ю ас йохьу терго, –
Хьол хьомсар цхьа а сан вац.

Цкъа а кхин ара ца вала,
Сан даг чохь сецна ву хьо.
Вицве, – ахь соьга ма ала:
Аларах – виц хьо ца ло.

Хьуна сахьийзаш со лела.
Хьоьца ду ша долу дош.
Хаттаза бIаьргаш ло диэла,
Хьоьгарчу ойлано хьош.

Суна хьо сил дукха веза.
Кхин дуй, ткъа, везийла сов?
Iуьйранна хьаьвза са теза,
ХIора са суна ма дов.

Е з а ч у ь н г а:

Башха сурт хIоттий ахь
Корта кIайбелла,
Дарцийн гIов дицдина
тийначу суна:
Къоначу йовхонан
мерза тов тоьхна,
Дагна сан озийна
гIура яший;
Кхоларан мархех чекх
сирла нур оьхьна,
Хьежарах сецна бIаьрг
шолгIа хьажий.
Ойланаш йовдайо,
дарцо гIа санна.
Хилларишх, лелларишх –
дерриг хьулди.
Кхийдамаш берзийна
хьайна тIе цхьанна.
ЧIогаллехь совбина,
ваьшта гулбин.
Иштаниг вахарехь
ган а ца гайна:
БIаьрг дIа мел оьхьначохь –
хьан цхьа сурт го.
Дерриге суртел ша
сан дагна тайна,
Сацканза шегахьа
цо ийзаво...
Хьаьвзина висна со,
амал жимделла,
дийца некъ боцучу
дагара хьуна.

Башха кеп хIоьтти-кха
корта кIайбелла
хилларш хир дац моьттуш
Iийначу суна.

В е з а ч у ь н г а:

Мел хаза ду,
Мел хала ду
хьоьга тийсар са.
Дийнан ял со
йоцуш ма ю,
наб кхетац буса.
Мерза хьийза
сан са хьуна,
мерза Iийжа дог.
Кийра богу.
Кийра – хьуна.
Хьоь дIатуьйсу ког.

Язделлий те
Iаьршан йоза
вайна вовшийн ган?
ДогIур дуй те
дезна доза –
Хьегар кхачадан?
Мел хала ду,
мел хаза ду
хьоьга дегIа ла.
Сингаттамах
хьерчаш ма ю
хазчу духарла.

* * *

ХIора ког а хьоьца билли.
Хьоьца хьерча хьоьгу со.
Халчу новкъахь накъост хилла,
Юххе хIуттур яр-кха со.

Хьуна сайн гIо кхочуш хилча,
Къора-м со хир яцара.
Хьуна атто хьуллуш хилча,
Сайн хало гур яцара.
Некъаш бац те тIеттIакхача? –
Суна ахь уьш хьехахьа.
Вовшахъхьарча кIеззиг тача
Вайшинна ахь дехахьа.

Накъост хилла хьуна тIаккха
Юххе хIуттур яра со.
ХIора ког а хьоьца баккха,
Хьоьца хьерча хьоьгу со.

Е з а ч у ь н г а:

Тарлуш ду
кхолламаш
бузучу кхиэло
Вайшиннан морзахчу
некъах цхьаъ бан.
Хьегаро дегнашкахь
латтаеш гIиэло,
Вовшех вай хьаьрчина,
яцарехь ган.
Мерзачу хьестарийн
бовха малх кхетта,

Вонаш дицделла, вай
ховша тарло,
Ирсе мел хиллачел
ирсе ваьш хетта...
Вовшийн вай бIаьргаш чу
хьовса тарло...

Хенашкахь сов ду-кха
генара вайша –
Якхъяла тар ца ло
Ирсан и муьрг.
ДIовш хIуттур дуй техьа,
Iовшаза дайша,
Хеназа дешначохь
хенан и цуьрг?

Тарлуш ду...
Тарлуш ду...
Тарлуш ду...
боху.
Дезачу дегнашна
кханенаш гац.
ХIора а марзонца
шен къахьо йогIу.
ЯгIахь а,
марзоно шениг бен дац.
Тарлуш ду!

В е з а ч у ь н г а:

Шатайпа даьржаш га даьлла,
Хьийкъина дог хIоьттина.
Довзанзарг девзар ду аьлла,
Ойланаш сан гIевттина.

Хьоьгарчу безаман ницкъо.
Кхоьллина кховдам и бу.
Хьан дешан мерзачу рицкъо.
Кхачамна шовкъ а лур ю.

* * *

Безаман орам бакъийна
Заманаш йовлалур яц
Хьегаран хьоста, лакъийна,
Ницкъашка къовлалур бац.

* * *

Хьан ечу ойланал мерза
Іаьрша кІел кхача ца го.
Яхар сан дайна ду ларза,
Кхиэло хьох къастаяхь со.

Е з а ч у ь н г а:

Боданах етта ю буьйса.
Дитташа дайн шабар до.
Стиглара седарчий хьуьйсу.
Ойлано оьций дІахьо.

Стенга хьо – соьга ма хетта.
Беха некъ билгала бу:
Исбаьхьа сирла схьакхетта
Езачун довха нур ду.

Стиглара седарчий хьуьйсу.
Дитташа дайн шабар до.
Даим ас хьоьга сатуьйсу.
Даим хьох хьаьгна ву со.

В е з а ч у ь н г а:

Безаман цІергахь со йогу.
Ягарна гІоли хилац.
Хьегаро дилха дог огу –
Агаран хьесап далац.

Е з а ч у ь н г а:

Безамо бІарздина вайшиннан хьийзар
Мехалчу маьІданехь мехалниг ю.
Хьегаран Іийжарехь вайн дегнаш цІийзар
Заманан йохаллехь декаш хир ду.

В е з а ч у ь н г а:

Генара хезча цхьа гІовгІа,
Сайга хьан кхайкхар ду моьтту.
Седа гахь стигланан тховхахь
Хьоьгара хьал цуьнга хоьтту.

Е з а ч у ь н г а:

Вайшинчул безам сов хилла,
Ваьхна хир вац лаьттахь стаг.
Майдане тарлац и билла,
Заманахь бац и лур каг.

В е з а ч у ь н г а:

Цхьаъ ду сан хІоккхузахь хатта:
Безамаш хІунда бу те?
Ирсанна кхуллу уьш лаьтта?
ГІайгІанна кхуллуш бу те?

Е з а ч у ь н г а:

Вайшиммо ирсе ваьш лору,
Безаман алолехь датталуш де.
Хиндолчийн сурташ вай дору,
Хилла мел долчел уьш сирла гун де.

В е з а ч у ь н г а:

Кийрахь кIеж туьйсуш ца хилча,
Маттаца далха ма лац.
Лиъначу муьргах дIатилча,
Далхоран чам а хилац.

Е з а ч у ь н г а:

Сан доттагI,
Безаман алолахь кхехка:
TIаккхий бен
бакъ стихаш-жовхIарш кхиац.
Кийрахь кIеж туьйсуш дерг
дийца ма къехка:
Барта далхориг бен
дахалуш гац.

В е з а ч у ь н г а:

Мухачу матта хьо хьаста?
Муьлхачу дашца там биэ?
Ойла-ма гIертара къаста,
Лекхарна мотт лац-кха лиэ.

Е з а ч у ь н г а:

Безаман алолахь ватталуш вацахь,
Дийцинарг шийла хир ду.
Йоьшучун йовхонца дог схьа ца лацахь,
Байтийн барз эрна ма бу.

В е з а ч у ь н г а:

Наггахь со ойлане йолу:
сайн деган дагарехь
цхьана со хилча,
хьуна со езарах
тешаш ца хилча –
далур ма дацара
соьга сайн дола.

Е з а ч у ь н г а:

Дахарехь вайшиммо вовшийн дог лехахь –
Безаман мерзаллин барам хир бац.
Хьаналчу дегнашкахь тешам вай
кхехьахь –
Безаман бохаллин доза хир дац.

В е з а ч у ь н г а:

Вайшиннал вовшийн ган лиъна,
Даьхна хир дуй те ши са?
ДоьгIний те, хьаьрчина хиъна,
Iаббалца вайша диса?

Езачуьнга:

Малх буьзна суьйре цIийелча,
Геналло ийзаво со,
Дера дIовш санна ас мелча,
Дагаро Iийжаво со.

Везачуьнга:

Буй ца хуу,
хир ца моьтту,
безам бохьу
хьан дашо.
Маьлхан йовхо
цо ма етта –
сан даг тIера
ша башо.

Езачуьнга:

Сих-сиха кийрахь дог цIевза:
Хьегаро хьийза и до.
Хьоьгахь бен дарба ца девза,
Хьоххий бен Iеха ца ло.

Яцахь а дегIана зоьртал,
Суна хьох турпал хили.
Герга а хенехь ца гIоьрта –
Герггара накъост хили.

ХIинца хьо йоцуш йиш яц сан.
ХIинца хьо – дерриг а ду.
БIаьргаш тIехь, тхов беш куьг
лаьцна,
Хьоьгахьа хьаьжна со ву.

Везачуьнга:

Хьан матто хьан безам
инзаре буьйцу.
Бийцина бала а лац.
Амма сан безамо
хьайчуьнца къуьйсу.
Шел сов кхин хета а лац.
Терзанаш дац техьа
безамаш оза?
Уьш буста дац техьа дол?
Iаьршахь кхиэл хир елахь
вовшах вай доза –
Тоьлла суо гойтур ю хьол.

Езачуьнга:

Ойланийн тулгIешца ловзий,
Езачу хIусаме вуссу.

Безаман марзалла зевзий,
Заманна гIайгIа дIакхуссу.

Вагахь а, мерза ду суна,
Ойла сайн цуьнца йолуш.

Яцахь а, гуш ю и суна.
Хир а ю, мел ву сагуш.

Везачуьнга:

Наггахь кхочий, хьан кехато
Яхар серла доккху сан:

ГІала югІу дашо-дато...
ПаргІатйолий, доккху са.

Шовдех терра, бух а юьйлуш,
Хьоьлху сирла ойланаш.
Іабар доцуш уьш а муьйлуш,
Мерза йоху буьйсанаш.

Хьиэелча хьан кехат деша,
ГІайгІане со хьоьжуш Іа.
Къаьхьчу ойланийн тулгІеша,
Гена-гена кхоьхьу дІа.

Кехат яздан виц ма лолахь –
Хир ду хьуна доккха къа.
Къизчу къиэлал лаам толахь,
Вовшахкхетар ду вай цкъа.

Е з а ч у ь н г а:

Ахь аьлла:
«Дуьххьара хиллехь а везаш,
ТІаьххьара безам бу хьоьга».
Ас олу:
ТІаьххьара хиллехь а езаш,
Хьалхарниг суна хьо хета.
Хьол товш гац лепаш кхин зезаг,
Хьол бовха малх а ца кхета.
Воккхаллехь кІаргвала воьлча,
Беральле воьрзуш ву, олу.
Къена дог хьекъалал тоьлча,
Цундела цец а ца волу.

Кхевдина Іаш ву со хьоьга,
Аганахь нене бер санна.

Хьоьххий бен хьарча ца хьоьгу.
Хьуний бен вагац со цхьанна.

* * *

Генарчу лаьмнашка хьежна,
Къайлаха хьуна са къежна,
Суьйранна вирзи со чу –
Диллина хьоьга сатуьйсуш,
Хьан бІаьрга синбІаьргаш хьуьйсуш,
Буьйсанаш тоькхуш Іачу.
Йолахьа жимма са хьаста,
Хьегаран хорам-шад баста –
Езачух хетахьа къа.
Дагна тІе довха куьг диллий,
Барта тІе мерза барт биллий,
Елалой гайтахьа цкъа.

* * *

Іуьйренан стиглан басера
Къегина-сирла Венера,
Хьаьнга хьо хьоьжу те?
Хьоьга – мила?
Хьайн нуьро дегІан са эцна,
Ойланийн архаш дІахецна,
Гой хьуна хьайга со
вогІавелла?

Гуттар ас хьоьга бІаьрг бетта,
Сайн даго хьаьржинар хоьтту –
Хьуна и, цунна хьо
ган а гой те?
Хьайна гахь, хаттахьа цуьнга –
Сан дагахь лаьтташ йолчуьнга:
Шен дагахь цо со а
латтавой те?

* * *

Сийначу стиглара
бамбин-кIайн марха,
Лаьтта тIехь хIун ю те
хьол хаза товш?
Заманза воккху ахь
гIайгIанехь вараха.
Хьоьга со хьоьжуш Iа,
меттах ца хьовш.
Безаман марзо а
хьох аса юзу,
Хьомечун амат а
хьуна тIехь го.
Дагна базбелла мохь
аттахо узу,
Хьоьгахьа вирзина
хIоьттинехь со.
Заманна ларво ахь
керта вон дарха,
Жимма хьо бацалахь
ешна ца йовш.
Сийначу стиглара
семса-кIайн марха,
Лаьтта тIехь хIун ю те
хьол дика товш?

* * *

Хьан стихаш йоьшуш со Iийра.
Генара ойланаш еш:
ХIоккхул хIорш аьхна сайн кийра
Йийшарах тамаша беш.

Цхьа а дац соьга ахь аьлла
Хьоьга ас аьндоцу дош.

Сан багах тарло и даьлла –
Сайн лаам хьоьга балхош.

Язделла доцуш дуй теша
Вайшиннен вовшах хьагар?
Кхолламийн генарчу цIеша,
Дожонза дуй те ладар?

Муха элур ду, ткъа, селла
Кийрарчу лекхарийн ас,
Орамехь безамца лелла,
Iаьршахь ца делча и яз?..

Сих-сиха хьан стихаш йоьшу.
Вайшиннан цхьаъ тарлой Iа.
Суна хIорш кхачанал оьшу –
Яхалац хьалхара дIа.

* * *

ХIай, дарта, сан хабар хьохьа
Генарчу ламанашка.
Соьгара маршалла лохьа
Безараш-бевзарашка.

Лаьмнашна герга хьо кхочуш,
РегIа тIехьа юрт гур ю хьуна.
Хьежарехь йоккхаер доцуш,
Хьехархо-йоI хир ю хьуна.

Хьелахь а, юьрта тIе хьовзий,
Меллаша гуо ахьа баккха.
Леларехь гIийланиг йовзий,
Цуьнга ахь алахьа тIаккха:

Генарчу йоккхачу гІалахь,
Хан токхуш, воккха стаг ву.
Шегарниг бицбина бала,
Хьоьга ладоьгІна и ву.

Кехаташ кхочу хан хилча,
Поштехьа волу иза.
Хьоьгара кехат ца хилча,
Воьрзуш ву гІийла и цІа.

Гонах дерг ган а ца гуш санна,
Гена бІаьрг хьежабо цо.
Тарло там белахьа цхьанна –
Мерза дош алалахь
кхиъначохь хьуо.

Везачуьнга:

Кхечира суна хьан «Дарта».
Амма и – тІехь ца хьаьвзи.
Эсала мерзачу барта
Кийра чу йоьлла, вевзи.

Ялалац хІинца и ара.
Ялалур ала а дац.
Даим и соьца Іахьара, –
Соьца и шеллур ма яц.

Езачуьнга:

Ирсана ийна те вовшах
Ганзачул мерза вайша?
Байттамал доьгІна те Іовша,
Дагна беш шийла и ша?

Везачуьнга:

Даггара безаман гІуьттуш,
Барамал йовха Іаь ю.
Маттаца капца схьахІуьттуш,
Коьрта чохь дешнаш а ду.

Цаьрга со гІерта са тедан,
Сайн дог хьан даг чу дилла.
Амма сан ойланаш хеда,
Нис ца ло, эвна хилла.

Кхетахьа, кІеззигачуьнца,
Сан дагахь шортта долчух.
Йоьссина ларахьа цуьнца
Ерриг со хьайн дагна чу.

Езачуьнга

Яхаран некъаш тІехь, дагна чов кхетта,
Хьан бІаьргахь долалахь чам дуьра хи,
Соьга хьо кховдалахь: нехан ца хетта,
Хьостуш куьг хьаькхна ас тедийр ду и.

Сирла де кхоладеш хьал хилахь доьхна,
Бодано тилабахь сан некъ буса,
Нахала валанза, чІогІа мохь тоьхна,
Къайлаха хьоьга ас туьйсур ду са.

Вацаре верзар сан нисделла генахь,
Хьайн лере сох нагахь кхачахь хабар,
Тешалахь, тІаьххьара керчачу хенахь
Сан матто яькхинарг хьайн цІе хиларх.

ШОЛГІА ДАКЪА

Е з а ч у ь н г а:

Хьоьгара мерза кост доцуш,
Дуккха а заманаш ю.
Банне а синна тем боцуш,
Гатвелла хьийзаш со ву.

Соьгара хьал хууш хилча,
Іелур ма яцара хьо.
Вайшиннан некъах ца тилча,
Хьелур ма яцара хьо.

ХІун ду те хІоьттинарг? – бохуш,
Ас чаьмза ойланаш йо.
Набарза буьйсанаш йохуш,
Іийжарца Іазап ма го.

Алахьа хиллачух лаций,
Йозанца билггала дош,
Хьайн деган гІапош тІекхаций,[1]
Сайчунна стим ца ладош.

В е з а ч у ь н г а:

Чаьмзаниг даржадо цхьаболчу матто –
Сох хилларг хьан лере кхаьчна хир ду.
Евзар а юй те и соьгара гатто?
Тешнабехк хилла со йоьлхуш ма ю…

[1] ТІекхаций – тІечагІий (диал.).

Е з а ч у ь н г а:

Тешаро чехавой, хийла
Вахар-Іар суна къахьло.
Ойланна оллалой гІийла,
Байттамал Іийша лахло.

Кхин тешар вац, олий хета,
Тешанза Іен а ма лац.
КІеда дош сан дагах кхета:
«Харц ду и!» – ала ма лац.

Бакъдерг харц ларарна кхоьру –
ТІаккха и къематде ду.
Хьанал дог даим ас лоьру,
Ца Іовжо иза ас – суо Іийжор ву.
Хийрачун хьарамло
Новкъа ца хета.
Хетахь а –
Іотта ца ло.
Шечунниг,
Тур санна,
Хадавеш кхета,
Кийрахь цо, вагавой,
Хьовза ма во.

КІеззиг бен яцахь а,
Йолу и новкъа.
Безам сов мел хили –
Іовжам сов бу.
Заррато йохайо
Ламанийн шовкъ а,
Сирлачу дийнах цо
Буьйса а йо.

Вайшиннан ойланаш керла гIовттийна.
Набарх ахь ваькхира хеназа со.
Декъаза сан хIусам, боданехь тийна,
Къагаеш гIаьттира малхаха хьо.

Байн ког ас бохура, бала бицбелла,
Кхолламан Iаьрш хьоьца сайниг хеташ.
Iаламе хьоьжура, шолгIа марзделла,
Цкъа а ца хеттачул безам хеташ.

Вайн маттахь довзанза мерза дош хезна,
ДоьгIна со лаьттара лерг сема ла.
Ехачу хенашкахь темаза лезна,
Дог а доьллера сан гIолий хила.

Амма яI!.. Iадочу гIовгIанца йоьхна,
Сийна и стигланаш Iанаяха.
Шийлачу жоьжхатин ирча хьу тоьхна,
Кийрарчу даг тIе ша буьйли хьаха.

ДоьгIна чурт санна со лаьтта.
Дашна мотт карча тигац.
Iийжаво, хиллачо аьтта –
ГIолина гечо а гац.

Е з а ч у ь н г а:

Иштта бен тар а ца лушшехь,
Хилча и – дезадаланц.
ХьогIана меттиг ца гушшехь,
Шеко а гIаттаза Iанц.

Дийцар товш дац олу наха,
КIоргехь шен кийра буург.

Соь ца ло и къайладаха –
Сайга сайх лечкъа цалург.

Шаьлта чекхъяьллачух терра,
Iийжадо кийрара дог.
Баттало Iаьвдина вериг,
Хорамна хIоьттина бог.

Iийжарийн зIе ю сан-м дерриг а вахар,
ХIора чIуг кхелина чевнаш ю ган.
Керла дац набарза буьйсанаш яхар –
Дагарехь текхна ву еха и хан.

Леррина вонаш ган кхоьллича санна,
Вониг тIехIоьттича цец со хилац.
Дахчалой хIутту дог Iовжадарцанна,
БIаьргийн нур кхолахь а, некъах тилац.

Соьга-м и лалур ю – Iоьттина шаьлта.
Хьулдина Iелур ву кийрара ов.
Амма хьо... Иштаниг хьоьгара даьлча,
Iийжавар долу-кха бIоззачул сов.

Алу тIе диллича санна,
Деттало кийрара дог.
Амална гатваларцанна,
Къийлало хораман бог.

В е з а ч у ь н г а:

Суна хьо везаш ву чIогIа.
Везар ас дийцина ду.
Амма сайн безаман догIа,
Сайгахь со дезна ма ю.

Цхьацца́ннан дог кура долу –
ДогIучул сов дезало.
Дахаро буьрса дош олу.
Хьекъална кхин моттало.

Е з а ч у ь н г а:

Буьйса а кIоргалле яьхьна,
Сахьт а шен «тIак-тIик» деш ду.
Ойланийн хьийзаро ваьхьна,
Цхьана со хиъна Iаш ву.

ТIаьххьара хьан дешнаш
Iаьткъина суна,
Къегина яцахь а
хийцаман дохк.
Цинц кхеттарг санна ду
эсаран хьуна,
Карзахе деттало
вон лайна дог.
Стенна ахь эли те
хьаьрчина дешнаш:
«Моттало», кхидерш а
вовшахтосуш?
Лекхарехь лийли те
ала дош эшна?
Хьулдина кхин ду-те,
ала ца луш?
Хьан дешнийн кIоргеш ю,
эхка мел ихки,
Маттана къечех хьо
лара ца ло.

Даг чохь долчунна ахь
некъ хIунда бихки?
Суна чов хиларна
кхийри те хьо?
Ала ахь, даг чохь ма-дарра,
Чевнах со Iалаш ца веш.
Хийла со лайна ву тарраш,
Тешаро тешнабехк беш.
ЦIеххьашха къевкъина,
вониг тIехьаьдча,
Воьхна ца хьовзарна
зевелла ву.
Хораман дера дIовш
логехь сайн IаьIча,
Къайллаха къурд бина
Iевелла ву.
Цунна тIе,
Шалхо соь
хьоьгахь ца еза –
Iаьршара хIуьрлаIа
лоруш ю хьо.
Ойланехь хIоьттинарг
хьулдина Iенза,
Маттаца карча дерг –
хьуна хьакъ го.
Хьоьгара даьлла дош
дехка карийча,
Къематде хIуттур ду суна.
Ойлане доьссинарг
хьулдина Iийча,
Кийра дIовш дуссур ду суна.

В е з а ч у ь н г а:

Дахаран тулгIеша
Вайга со хоьтту, –
ХIордийнчел дукха уьш
Мекара ю.
Бамбин мотт безначохь,
ТIулгаш тIе детта,
Вовшашна
Лиънарг дан
ГIорасиз ду.

Муха хьо кхетаве
Хиллачу некъах?
Муха ас гайта те,
Сайн лозу дог?
Товш а-м дац дийцар
Кхолламан декъах –
Безамца бац-кха ас
Баькккна ког.

Тешнабехк –
Халачех
Халаниг хиллера...
Вовшийн ган доьгIнехь вай –
Кхетар ву хьо.
Сан дагна вац хьуна
Стаг хьол юххера,
Хьоьга сатийсаро
Йоттуш ю со.

Безаман марзо сан
Хьоьца ю ерриг,
Хьан сурт ду даим дерг

Даг чохь лелош.
Жил-Iалам дохдинарг
Малх хиларх терра,
Яхар сан дохдинарг
Хьайниг ду дош.

Дехар ду хьоьга сан:
Ойла ма хийца.
Безаман орамаш
Ца хедош Iиэ.
ХIинццалца дийцинарш
ХIинца а дийца,
Везаш хьайх хьоьгушерг
Ахь йиц ма е.
Дахаран тулгIеша
КIеда ца дуьйцу –
Къайлахчу кхиэлашца
Ловзадо вай.
Хийцалур дац моьттург
Хаттаза хуьйцу,
ДогIур дац моьттинарг
Даладо, хIай...

Е з а ч у ь н г а:

Сирла де Iарждела, кIурз хIоьттинехь а:
Дагна сов дезна дерг – доцуш карийна,
Мерза мел хетачух сийна стим ийна,
Йоьхначу ойланехь иза вай доьттинехь.

Буьйсанан наб ца гуш, дийнан ял яйна.
Кхачанна йицъялар девзина леллехь;
Дахарах ун хилла, амал-гIад дайна,
Iийжарна кийрахь дог цIевзина леллехь, –

ТIаккха хьо тарлуш ду соьгарчух кхета.
ТIаккха бен – тарлуш а дац.
Амма ас «бехкана» дуьйцуш ма хета:
Цунна со – некъ болуш вац.

Мелхо а, баркалла хьуна,
Муьргана хьастарна дог.
Хан-хенехь бицлур бац суна
Хьоьца байн баьккхина ког.

В е з а ч у ь н г а:

Дийца ахь, даьхначел сов со
Хьегаро хьийзаеш ю.
Безамца, детталуш довха,
Хьоьга дог кхевдина ду.

Мерза дош олучу метта,
Суна ахь «баркалла» баьхча,
Iийжаран сийна цIе летта,
Бехк буй сан, саьнгалах яьгча?

Яхаран некъа тIехь, дагна ов кхетта,
Сан бIаьргех Iенаш ду чам дуьра хи.
Айхьа ма-аллара, нехан ца хетта,
ХIунда ца тедо ахь, хьаьстина, и?

Хьол сов сан цхьа а вац хьаста.
Хьол сов со – лоьхуш а яц.
Хьан дош бен, хорам сан баста,
Лаьтта тIехь кхин дош ма дац.

Е з а ч у ь н г а:

Сайгахьа вели те, воьхна,
Бала сайн лерина сов?
Шегарниг хьулдеш сатоьхна,
Къонахчо собар деш тов!
Бехказаваккха со жимма –
Езарна велла со лах.
Догдуьллур дац кхин вайшимма
ДогIучу сирлачунах!

Серсаш ду гуьйренан дерзаш,
Можа мотт буьллуш ду
дитташ кIел гIаш.
Сингаттам боьссина мерза,
Ойлано ваьхьна со
хьоьца ву Iаш.
Керла дац иштта сан латтар.
Ойлано хьуна со
сих-сиха хьо.
Диллина коьртехь ду хаттар:
Хьегаран дозанаш
хIунда ца го?
Хенашкахь вайша ду хийра.
Дахаран некъаш а
морзах лелла.
Вайшиннан хIунда бу кийра,
Безаман хьегаро
буьзна селла?
Iуьйренан седано
сирла нур оьхьча,
Хьоьга сатийсаро
хьовзаво со.
Малх буьзна, стиглано
дарин бос тоьхча,

Кийрарчу дагаро
цIовза со во.
ХIунда ду,
стенна ду селла
Безамо хьулдина
вайша хьашар?
Йоцуш юй техьа язъелла
Кхолламийн баххьашкахь
къайлах ишар?
Хьегар бен вайшинна
язделла дацахь –
Декъазчех декъаза
вайша ма ду.
Кхийдачу куьйгаша
вовшийн схьалацахь –
Декъала хиллачех
декъала ду.
Муьлха ду техьа цу шиннах,
Вайшинна язделла дерг?
Заманан масачу динна,
Некъа тIехь нисделла дерг?
Малхбале кечъелла
Исбаьхьа-тайна:
Йолалуш йоллуш ю
Синбилгало.
Беттан марс гатбелла,
Хьулбала байна,
Седа бу хIоьттина
Цунна улло.
Вайшиннан сурт иза
Ас тардинера:
Бовш болу беттан марс –
Вовш волу со.
Къегина хIоьттина

Тайна Венера –
Дахаран некъана
Юьххьера хьо.
Хьуна хьайн яхарехь
Гойла ду хийла,
Баттана лулара
Сирла Венера.
Гайча ахь,
КIеззига хIоьттина
Пийла,
Суо дагалоцийла
Суна лиъера.

Везачуьнга:

Цкъа а ас ца йинчу ойлане яьлла,
Йоьхна со хьийжира кешнийн керте:
Къайлахчу Iожаллин хьуна кадаьлла,
Iаьрша кIел цхьан йисахь – ас хIун дер те?

Iалашо тIаккха гац лаьтта тIехь яха.
Баланах хьулъяла меттиг ца го.
«ТIулг хили хьенехах!» – ала дай наха,
Чурт хилла хьан каш тIе хIуттур ю со!

Геч хир дуй техьа сан
къаьхьчу къиношна?
Халкъо сох къинхетам
бийр а буй те?
Сайн хьаштийн хама ца беш,
декъазчийн гошна,
Даим ас там лахар
лорур дуй те?

ПРОЗА

ГУРЖИ

Повесть

ДЕШХЬАЛХЕНАН МЕТТА

Дагахь кхоьллина а доцуш, билггал хилла долу хIуманаш ду кху тIехь дуьйцуш дерш. Уьш берахь хилла хIуманаш долу дела, берашна дуьйцуш а ду, баккхийчарел а дика бераш кхетар дуйла а хууш.

Бакъду, дерриш а-м кхетар дац бераш. Хьайбанашца, жIаьлешца, цицигашца доттагIалла дерш бен кхетар дац: жIаьлица хилла доттагIалла ду дуьйцуш дерг. Цхьадолу бераш и тайпа доттагIалла девзаш дац. Мелхо а, «мостагIалла» ду церан жIаьлешца, цицигашца, хьайбанашца, олхазаршца. Хьозанан бен бохош, цициг лазош, жIаьла Iехош, цунна къайлаха тIулг-гIорза тухуш сакъерало церан. Къиза дегнаш хилар ду иза. Къиза дог – вон дог ду. Воккха хилча а иштта вон дуьсуш хуьлу и тайпа бераш. Дукхахьолахь. Бакъду, воккха хилча «лачкъо» хьийзадо шен вон дог. Нахана гучохь «культурни» хила а гIерташ. Амма берахьлера деган къизалла, дIа ца яьккхина къизалла, гуттаренна а юьсуш ю.

И деган къизалла (деган волла) ян а йоцуш, хIора а садолчу хIуманах хета къа а долуш, бецан хелиган а бан тIалам а болуш долчу берашна девзар ду дуьйцуш долу доттагIалла. Амма цхьа кхин ду: хьайбанашца, жIаьлешца, цицигашца, олхазаршца доттагIалла хир дац моьттуш долу бераш ниcдала тарло, къинхетаме дегнаш долчарлахь а. Баккхийнаш а хуьлу и моьттуш. КIезиг а ца хуьлуш. Ткъа иза, деган къизалла а йоцуш, доттагIалла таса цахааро хIоттош сурт ду.

Хаттар хIутту: кIоргтера хаамаш, яккхийра говзаллаш оьший техьа хьехош долчу дийнаташца доттагIалла

тасархьама? Ца оьшу. Хьастар бен, кхин хIума ца оьшу. Хьастаме кхиъна эса шина аттах декхна, олуш ду. Ша хьаьстича ца хууш дийнат дац. Вай хьехош долчарлахь. Лаххьийна коьртан хье дIабаькхича хIумма а ган ца го, хаза а ца хеза жIаьлина, бохуш дуьйцу И. П. Павловс. Амма букъа тIе куьг хьаькхна, ша хьоьстий хаалой, цIога ластадора иштгачу жIаьло, бохуш. Ощул боккха ницкъ болуш хIума ю и хьастар бохург. Цундела олуш ду: мерзачу дашо Iуьргара лаьхьа баькхина, хазачу дашо лам бина.

Амма хьекъалш (кхетамаш) цхьатерра ца хуьлу дийнатин. Цхьана тайпана долчийн а. Адамаш санна, сонтанаш а хуьлу. Цу сонталлийца йозуш къизалла а, кIиллолла а йолуш. (Оцу «къизаллех» «акхаралла» аьлча нийсахо хир ду.) Кхеташ дерш а хуьлу.

Масала, цхьаццадолу жIаьла берашна, зударшна леташ ца хуьлу. Я кертахь а, я арахь а. Керта богIучу божаршна а ца лета, нагахь кертара стаг (хIусамда) арахула велахь. Керта вогIуш верг цунна гуш велахь. Кхетам дика болу жIаьла ду и. Ткъа Iовдал жIаьла и хержамаш болуш дац. ХIусамда арахула велахь а, «дIадала» бохуш мохь бетташ велахь а, чукхийсалуш хуьлу кертавогIучунна – боьршачунна а, зудчунна а, берашна а. Охьа а дуьллий, хьекха а до бер. Амма вукху берана ца леташ долчу жIаьлех атта кхера а ло.

Кхин цхьа а хаттар хIотта тарло берашна: жима долчу хенахь (бекъа, эса, кIеза, кIорни долчу хенахь) стенах девзар ду кхетам болу а, боцу а дийнат? Кхечу дешнашца аьлча: мича билгалонца харжа деза те кIеза, цициган кIорни, чуха, буьхьиг, эса, бекъа?

Цу харжаман билгалонна «майралла-кIиллолла» хIотто мегаш яра, майралла хьекъалх, кIиллолла сонталлех а дузуш. Амма тIаккха а хIутту хаттар: и муха къасто деза? Ткъа цу кегийчу муьрехь дийнатийн майралла-кIиллолла церан «къехкарца» «цакъехкарца» къастайо. Уьдуш,

цхьанхьа дIалачкъа гIерташ хуьлу кIиллониг. Акха хуьлу. А ,рха хуьлу. Хьастар, цахьастар девзаш ца хуьлу. Ткъа майраниг аьрха ца хуьлу. Сихха куьйгах дулуш, караIемаш хуьлу. Цундела жимачу дийнатан хьекъалан барам адамаш-ца йолчу уьйраца буста тарлуш ду.

1

1920 шо ду и. Сан цхьайтталгIа шо долуш. ЖIаьла далийра тхуна тхан хьешаша Iаьндоша. Дикачу хIух ду эли. Ши шо а дузанза кIеза ду, тов. ЦIе – Гуржи яни.

Онда бIотIа яра «кIеза», бодане-цхьогалан басахь. Ерстинчу говраниг санна бара чо: боца, шера. Когаш беха бара, цергаш яккхий яра. Берзаниш санна. Ирча хеташ стомма муцIар а яра, амма ши бIаьрг хаза бара. Жимма боккхо а болуш, бодане-боьмаша басахь нисбелла ши бIаьрг бара. Дукха сема, безаме хьажар а долуш. Амма лергаш тедда дара. ГIуллакх доцуш тедда а долуш! ЦIога а дацара. Йоцца цхьа тхьум бен.

Чувахана йоккха сискалан юьхк а эцна, тIеваха со «кIезана»: «Гуржи, Гуржи», – аьлла. Беха некъ бина, дукха мацделла хиллера Гуржи.

Шеношт тIехьа беша а даькхина, денанас дов дешшехь, кхин-кхин а яахIуманаш а кхоьхьуш, дажий аса Гуржи. Баккхийчарна къайлаха коr-куьг хьокхий хьаста а хьостуш. Цу дийннахь доттагIий хили тхойша. Бегашна а доцуш. Вовшин ган са а гатлуш. Вовшийн дагара а хууш.

2

Со чохь хилча, нийсса неIарна дуьхьал (амма генна) охьа а хуий, со араволу тергалвеш хуьлура Гуржи. НеI мосазза йоьллу, бIаьргаш неIаре хьовсабора, лергаш а дулуш. Араволуш верг со ца хилча, лергаш духадохура.

Чам баран билгало яра и. Корехула къайлаха цу суьрте хьоьжуш хуьлура со.

Суьйранна эвлаюккъе ловза со воьдуш, соьца дан лууш хьаьвзара. Мосазза воьду а. «Мегар дац»! – аьлла човхийча, цIахь соцура. Делхаран хьесапехь кIеззиг цIовза а цIевзаш. Со цIа вогIу тергалвеш Iара, кетIа а долий.

Де-буьйса, кIира даккха дехьа-сехьа воьдуш меттигаш нислора сан наггахь. ТIаккха дукха холчахIутту бохура Гуржи. Саца а, хIотта а меттиг ца карош хьийза бохура кертахула. Сих-сиха цIовзаран белхар а деш. И цIовзар а дара Гуржин башха: угIаран хьесапехь чIогIа а дацара, юххехь ца хилча хезар долуш а дацара, амма делхаран хьесап дара. Кийрахь делхар санна хIума дара. Аганарчу беро набарха дечу узарех а тарлуш.

Хьастаделча аса ша тергал ца дича, доккха халахетар хуьлура Гуржина. Хала а хетий, генна а долий, соьгахьа букъ а тухий охьахуура, хьуьлла бешахула дIа а хьоьжуш. Дегабаам бара и. Атта дIа а ца болура. Генара кхайкхарх дош долуш дацара, мел «мерза» кхайкхича а. ТIе а вахана, куьг-муьг а хьокхуш гуттара лерина хьаьстича халла дIаболура и дегабаам. Баккъалла а берг.

Бегашина дегабаам беш меттигаш а хуьлура. Дегабаам бина моттуьйтуш. Дехьа а долий, букъ тухий, охьа а хуура. Баккъалла долуш санна. Амма шега кхайкхича лерг меттахъхьадаза ца Iелора. Шашах санна охьатаьIара лерг. Цу лерго ша гучудоккхуш лаьттийла хууш, сацо а хьийзадора Гуржис и. Хьалхахьа дIайзадора. Амма хьастаран озахь со вистхилча, лерг охьатаьIара. Гуржин бертаза таьIаш санна. ТIаьххьара а, шен «дегабаамах» дош хир доций а хуий, чIогIа ловза а оьккхуш, соьгахьа схьахьодура. Ловзадолура соьца, дистхила гIерташ санна цхьа «гIам-гIим» а деш. «Вало, ловза гIур ду вайша!» – бохучу хьесапехь эвлайистехьа дIа а хьодуш.

3

Кест-кеста эвлайисте долура тхойша. Iаннашка, хьаннашка, бердан басешка. Цул хазахеташ хIума дацара Гуржина.

Iаьндийн лаьмнашкахь дина а, цигахь кхиъна а долчу цунна дукхадезара лаьмнаш, бердаш. Эвхьаза а дара бердашца. Хица чIара санна. КIеззиг гечонан тача долчухула атта дехьа-сехьа долура. Со валалой а хьожура. Ца валалуш я валалац моттуьйтуш со сацавелча, суна гIо дан гIоьртара: сехьа долуш, дехьа долуш хьийзара, муха вала веза гойтуш. Шен «гIам-гIим» а деш. Иштта «халачу» меттигашкахь со шел жима лорура цо. Со тергалвеш хуьлура. Суна орцахдала кийча.

Нагахь со охьакхетахь, суна тIехьодур дара. Кхерадаларан сурт а юьхьа тIехь. Хьала ца гIаттало моттуьйтуш, велхаран кеп а хIиттош со Iуьллуш хилча, гонаха хьийзар дара. ЦIийза а цIийзаш. Цергашца меллаша бедар а лоций, оза а вора. Шен «бегаш» (харц дегабаам), аса сайн бегаш санна, гучу а боккхура дукхахьолахь: со велавалаза ца Iелора, ткъа и мацца а гучувалар дара. Дукха шера хаьара Гуржина и хIума. Сан юьхь тIе ма-хьаьжжинехь хаьара цунна аса лелориг бегашина делахь а, дацахь а. Цундела айса морттаргIа лелочу хенахь бертал вужура со, сайн юьхь цунна ца гайта. Оцунна хир долуш дара, ша моттаргIа хIоттош Гуржис соьгахьа букъ берзабар а. Сан юьхь тIехь сан дог-ойла шена гар санна, шен юьхьа тIехь шен дог-ойла суна а гур юй хаьара Гуржина.

4

Иштта, вовшийн дагара а хууш, сой, Гуржий ловзуш лелаш гуьйре тIеара. Куьпара ялташ а дIалистира. Тхан бежана-кежана ерзийра кIотара. Гуттара а санна. ЦIен-Берд олучу берда йистехь яра и. Берда йистерачу хьуьнхахь.

Юххехь кхин цIенош а дацара. Сан а дийзира цига дIаваха. Сайн Гуржица цхьаьна.

Гуржина-м дукха хазахетара соьца новкъадалар, амма со вогуш вара: дукха вон жIаьлеш дара новкъахь. ДIакхаччалц. ДидигагIеран жIаьлеш. Ялх дара уьш хIетахь, цхьатерра дIахIоьттина. Тхан санна, цигахь дакъа дара Дидиган. Тхоьга боьдучу нёкъана ши-кхо бIе метр генахь. Наггахь бен лата-м ца латара уьш новкъа воьдучунна, амма тIехьаьлхича чIогIа хьовзавора.

Гуо боккхий дIа а хIуьттий, чукхийсалуш. Жимма ледара хилча, вен а вуьйр волуш, вон жIаьлеш дара. Гуттара чIогIа тIаьхьадовлура уьш жIаьлина. И дара со вогург. Со-м кхура тIе вер вара. Некъайистехь, СаIидан кха тIехь, кхор бара. ТIе вала атта а болуш. Цунна тIекхачале жIаьлеш тIехьаьлхича, водий-воьдий кхура тIе волура со. Цуьнга нисвеллачу хенахь тIехьаьлхича, дукъал тIехьа дIахьулвала кхуьура. Сайца Гуржи ца хилча-м изза дийр долуш вара со-м цу дийнахь а. Амма Гуржина дан хIума дацара. ХIара дерна кхоьрура вукхара.

ПаргIат садаIа ца ваьхьаш, ма-хуьллу ког байбина воьдуш вара со. Улло даьлла догIуш Гуржи а долуш. СаIидан кхуре кхуьуш воллура. «ХIинца-м чекхволуш воллура со», – бохург сан дага а теси – «гIалх» айи жIаьлеша. ТIехьа ирхе яра царна. Цундела дукха чехка а ца догIура. Амма догIуш дара. МогIа а бина. Ялхе а.

– Же, дадалахь, Гуржи! – аьлла, сайн доттагIчуьнга мохь а тухуш, дIатасавели со. Дукъал тIехьа хьулвала кхуьур волуш вара. Амма цигга а ваьлла вуханехьа хьаьжча – Гуржи догIуш дац. Новкъара дIа а даьлла (жIаьлешна дуьхьал дирзина!), хьаьжкIийн туддарех хьожа а йохуш, дIасахьийзаш ду, шен узарш а деш. Ведда тIе а вахана, ворта а лаьцна дIа а ийзи. Меттах а ца даккхалора. Вир санна йоккха хIума хиллера цунах цу хенахь. Аса дика дахош хилар а хир дара и.

Ткъа жIаьлеш тIекхочуш дохкура. «Хьоьца кхузахь вала йиш яц сан», – аьлла, кхура тIе вели со.

Хьалха догIуш долу жIаьла цхьа иттех метр хиллал шена гергагIоьртинчу хенахь, цунна дуьхьал кхоссадели Гуржи, «гIалхан» метта йоккхатоьпаниг санна долу цхьаши «гIов» а олуш. Дуьхьал а кхоссаделла, буххера тIа а лаьцна, шен дегI дIанехьа а тесна, шена тIехула хьовзош, духанехьа кхоьсси жIаьла. Кхоьссина дIадахийти. Пхи-ялх метр хиллал гена. ТIаккха иза шийлачу маьхьарца, тапча кхосса доллуш санна, шен тIа хьалхахьа а хьажийна, цIехьа охьадеди.

ШолгIачунна а, кхоалгIачунна а дин Гуржис изза. Дисинарш тIе ца гIирти. Шайн накъостех хьожанаш а йохуш, цIехьа доладели уьш а. ТIаккха, – царна тIаьхьа а хьаьжна, цаьргара кхин кхерам бацар шена гича, – тIаккха соьгахьа дирзира Гуржи. Цу хенахь со ву, кхура тIера охьа а иккхина, дукха ирча гIовгIа еш. Ирх а кхийсалуш.

Цул суна хазахетта хIума хилла хир долуш дацара сан вахарехь.

Иштта дIадоладелира Гуржин хьуьнаре гIуллакхаш а. ХIетахь-м аса ойла а ца йира цуьнан, амма хIинца го: эша а эшна дIадоьлхучу жIаьлешна тIаьхьа цагIертар – къонахалла дара Гуржин. Дагахь куралла дара. Шел эшнарг хьийзавар – осалалла ду, жIаьлин а, хьайбанан а, адаман а. Оцу вукхара-м ца дуьтура шайна нисделла жIаьла дедча а, доьжча а. Ден хьийзош хьекхадора. Цхьана орцано кIелхьара даккхалц.

5

КIотарахь синкъераме хийтира Гуржина: гобаькхина акха Iалам дара, буьйсанашца берзалой а угIуш. Дукхахьолахь геннахь угIура уьш, ЦIечу-Берда кIел. Я Шаьлма-Iинал дехьарчу зандакъойн дукъахь. Наггахь узарш гергадогIура. Хьалха-м хьайбанийн керта гIоьрташ меттигаш а хуьлура. Кертарчара герзаш а кхуьйсуш. Амма хIинца Гуржийн «гIов» дукха буьрса дуьйлура.

Берзалойн угIарна дуьхьал. Гергахьо борз уьгIча, хьуьн чу дIа а хьодура Гуржи. Дикка хан яьлча догIура. Берзалой дIа а лелхайой. Церан угIар а дIатуьйра.

Буьйсанца иштта цIенна Iуналла дора Гуржис, ткъа дийнахь бежнаш Iалашдора. Дажа лелаш долу. Царна кхин Iу ца оьшура хIинца. Куьпа уьш даханехь а, ЦIечу-Берда кIел хьуьн чу даханехь а.

Цхьана сарахь дара, маьркIажан бода лестинчу хенахь. Етт а оьзна, хIетта дина жима эса цунна кIел а хецна ша чуйоьдуш, нанас эли соьга:

– Эса жима долчу хенахь цуьнца цхьаьна юьстахбала гIоьрташ Iедал ду цу аьттан, цуьнга хьажалахь.

Сайн цхьа ловзарийн базар еш воллучу суна етт бицбели. Кхано араяьллачу Нанас хаьттича бен дага ца беа. Ткъа етт бацара. Баханера эса а эцна. И муьлхачу агIор бели ца хууш, хьаьдда лелара со а, Нана а. Бода булуш а лаьттара. Цхьана хенахь деана хьуьн чуьра схьаиккхира Гуржи. Нанина юххе хьаьвзина «гIам-гIим» а дина, духа хьуьн чу хьаьди. Тхойша а тIаьххье дIахьаьди.

КIеззиг уьшал йолуш цхьа меттиг яра цу хьуьн чохь, хьайбанашна мала хи IаIийта баькхина жима кIаг а болуш. Цигта гIоьртина хилла етт хи мала. Ткъа кхуьнца долу эса хотталахь дисина хилла. Цаьршинна тIехIиттий тхо Гуржис, дига а дигна. «ХIара гой шуна!», – бохуш санна, шен «гIам-гIим» а дина.

Нанас хотталара эса схьа а даькхина, цIа дирзи тхо. ЧIогIа там хилла хьалхадаьлла Гуржи а долуш. Суна дов а дина, цунна дика яахIума елира нанас хIетахь. Нийса болх бина а хиллера.

6

Лаьмнашца, хьаннашца бехачу нехан гезарий хуьлура кхобуш – сиха деба а деба, докъар дукха а ца деза, бохуш.

Іай а яжа лелара уьш хьаннашка – се бууш, ковст юуш. Тхан да а вара гезарий йоло лууш, амма царна виллина Іу везара. Ткъа и вацара кертахь. Со бен. «Хьан хенара нехан бераш жа-бажа лелош ду», – бохург а кхуссура суна. ЧІогІа тІе а ца дожош. Со а Іадда Іара, вист ца хуьлуш. Гезаршка лела цалаарна дацара сан вистцахилар. Уьш яцарна дара. Амма цу гурахь – Гуржица кІотара со ваханчу гурахь – цкъа колл – гезарий ялош веа да. Юкъахь кхаба бохура, лург эцна бохура, – вицвелла со. Цуьнан бала хІетахь сайн хила а ца хилла дела. Ткъа гезарий ялаяр вон ца хийтира суна. Суначул дукха хаза Гуржина а хийтира: жа юкъахь дина а, жаца кхиъна а долуш, жен-жІаьла дара и.

Гезаршка лела доладелира тхойша – со а, Гуржи а. Дика накъост а дара Гуржи. Со тІаьхьа хилча, гезаршна хьалха долура. Со хьалхаваьлча, тІаьхьа хІуттура. Со воцчу агІор хуьлура гуттар а. Бегашийна дацара Гуржийн Іуналла.

Гезарша «поп буу» зама яра и. Попан хьун яра ЦІечу-Берда кІел. Нана-дакккхий пепнаш дара, шач санна, дІахІиттина. Наггахь ирзош а долуш. Бердан басешкахь дара даккхий пепнаш. Ткъа царна кІел попан бІараш хуьлура. Іана а доьлхий. Уьш дуура гезарша. ДаІамаш санна ерстара и «поп» буий.

Тхан кІотарна юххехула цхьа некъан бахьана дара ЦІечу-Берда кІел боьдуш. Ворда-м хьехайойла а дацара, халла салаз йоккхура цу гечохула хьала-охьа. Иза а дукха йоьттина яцахь. Оцу новкъа лелара сан гезарий а.

Цхьана сарахь ду. ЦІа вогІуш ву со, гезаршна хьалхаваьлла. Ирхех тІеваьлла вала воллуш. Дукха чІогІа а ца олуш, цкъа-шозза «гІалх» эли тІаьхьадогІучу Гуржис. И соьга дара. Вухахьаьжча – хьуьлла бухахь ду. Ирхе йолалуччохь. Некъа тІе а хІоьттина, юххерачу баса хьоьжу, шен «къамелаш» деш. И эрна доций сайна хуъушехь, вуха

чувосса мало йина, хьала а дийхи аса. Ца догІура. Соьга а хьоьжуш, цІийза а цІийзаш, варша гІертара.

Ваха со. Со тІеккхоччушехь, баса а даьлла, дІахІоьтти: «ХІара болх гой хьуна», – бохучу хьесапехь. ДІахьаьжча, цхьа авст саннарг ю, стовн шалго юккъехь лаг а дисина, хьалхара ши ког лаьтта а ца кхочуш леш йоллуш. Цу стовн гІодах хьалхара ши ког а гІортийна, хьалакхевдина хир йолуш яра и се кхалла. Цигтахь, ког шершина делахь а, мухха делахь а, шалго юкъа яханера. Схьаялалур йолуш а ца хиллера. МаІа а лаьцна хьалаозийна хьалаяькккхи аса и. Охьаетталора. БІагор беана куц дара. И охьа моссаза южу, Гуржи а хьаьвзара гонах. Цунна хиллачу бохамах боккха цатам хиллера Гуржина. И болх шен бехк болуш хилча санна хьийзара. Узарш а деш. Ткъа бІагор дІа а баьлла авст цІехьа йолаелча, хаза а хеттера. Ирча болх! Ловза лелхара. Сацца «хабарш» а дуьйцуш.

Амма со цецваьлларг кхин дара – Гуржина и авст цигахь йисний хаар: цкъа-делахь, некъана дикка генахь яра, шолгІа-делахь, гойла дацара, дукха луьста варш яра дуьхьала. Ерзана елахь а. Цу тІе, авст етталойла долуш а яцара, садоІийла долуш а яцара.

7

Нехан гезарий гергахьа нисъелча – царний, сайчарний юккъе долура Гуржи: вовшах ца кхетийта. Нехачарна юккъера схьайогІучунна а, сайчарна юккъера дІайоьдучунна а дуьхьал дуьйлура, лета а леташ. Юххехь неханаш ца хилча а ца юьтура генна юьстахъяллалц. Нагахь яхка йоьдуш и яцахь. Яхка йоьдуш ерг Іадда юьтура, мел гена йодахь а, амма цунна тІаьхьа дІадоьдура ша а. И хІума гучудели бІаьстенан юьххьехь гезарий яхка йолаеллачу хенахь. Яхкаран гІуллакханна къайленга йовла, «лачкъа» гІоьрташ Іедал ду гезарийн. Іушна хууш а ду, яхка йоллург

муьлха ю. Къайлах тергал а еш, «лачкъа» юьту. Изза дора Гуржис а.

Кхано цхьана хенахь – газа ша дийриг дина яьлча – «кхаъ баккха» догIура. Ловза а лелхаш. Хьалха а долий, дIа тIе а вуьгура газанна. Гергахьа гIоьртича, мара бекабора газано – жIаьлина олуш долу «хIерт» саннарг олуш. Ши маьIна долуш хеталора и газанан «хIерт»: тIедогIучунна «кхерам» а, шен буьхьиге «ларлолахь» а. Ткъа буьхьиг «ларъяла» а гIоьртара: охьа а южий, дIатебара, лергаш а дийшош. ХIинцца дуьнен тIе яьлла, якъаелла а ялаза йоллушехь!

ТIе а воьдий, схьаоьцура буьхьиг. Дукхахьолахь шиъ хуьлура. Хьалхара когаш а лоций, охьакхозош хуьлура уьш. Нана тIаьхьахIуттура. [1]

ВЕР-ВИТАР

(Хьалха лелларш)

1

Суьйренашца шовданийн кортошка (мехкарша хиш оьцучу меттигашца) гуллуш хуьлура хьалха ярташкара нах. Берриш а бохург санна. Баккхийнаш генахьо ховшура. Мехкаршца шайн бала а боццучу суьртахь. Ткъа кегийнаш хин гергахьа хIуьттура, мехкаршка бист а хуьлуш.

Иштта гулбеллачохь дов даьллера Аласханан а, Ирсханан а берийн. ГIеметтахIиттина, тайна кIентий хиллера Аласханан кхоъ а, Ирсханан шиъ а. Кертах баккъаш а товжийна, вовшах агIош а тоьхна хевшина Iаш дай а хиллера. Генахь а боцуш. Шайн кIентий а гуш.

Аласханан воккхахволчу кIанта, ластийна тур тоьхна, Ирсханан воккхахверг охьавиллинера. Хоттала. ХIетта дотIа а тина, къегина малх а хьаьжна, луларчу баса стелаIад а хIоьттина, наггахь бен ца нисло тайпа исбаьхьа-хаза суьйре хиллера и царна ирча еанарг. ТIаккха шаьлта баттара схьа а йоккхуш, шен ваша вийначунна чукхоссавеллера Ирсханан шолгIаниг. Вукхарех цхьаммо схьаластийначу шаьлтана дуьхьал шен аьрру куьг а лоцуш. Ткъа и куьг, цу шаьлтано буткъачу пхьаьрсехула хада а дина, хоттала охьадоьжнера. «Чхьапп» аьлла. Шаьлтанцанна хьалакховдийначу вукху куьйга баьккхина шен куй цу доьжначу куьйгана тIе а тесна, шолгIа чу кхоссавелла шаьлта тоьхна охьавиллинера шен ваша вийнарг.

– ЭхI! Ишта-м хир дац! – аьлла, шаьлтана тIе ка а дуьллуш, хьалаайавеллера Аласха.

– Веги хьо, Аласха! Веги хьо! Бераш дита! Охьахаа! – аьллера Ирсхана, чоьин юх лаьцна Аласха охьа а озош.

– ЭхI!.. Ваьгна а хилла, – аьлла, шен метта охьахиънера Аласха.

Юкъабоьллачу наха дов а сацийнера, кхин дехьа ца долуьйтуш, машар а бинера, Аласхана йоI Ирсханан висинчу кIантана а ялош. Юкъахь хьагI-бода ца хилийта. Гергарло чIагIдалийта.

«Ишта-ишта машар а хили, хьо дIайига а баьхкина ворданца», – аьллера йоIе. Божал чохь хиллера йоI хIетахь кхо доккхуш.

Меллаша баьхьа дIа а хIоттийна, ворданехьа йолаеллера йоI. Ша ма-хиллара. Кхоша буьзначу берзинчу когашца.

– Собарде, ши ког а цIанбе, тIе хIума а юха, маре йоьдуш ю хьо, – аьллера гонаха болчара.

– Э-э-э, и аша дуьйцу маре дац хIара, – аьлла, вордан тIе яьллера йоI.

2

Оханийн белхаш хала хуьлура хьалха. Къаьсттина лаьмнашца йолчу меттигашкахь. Ялх, барх1 сту а бужий,

[1] Повесть чекхъялаза йисина.

йоккхачу гIовгIанца, къаьхьачу вонца, халла цхьа басарш дора. Буьйсанашца стерчий дажадора. ТIехь а Iаш. Нохчмахкьхоша «гоьзатахь Iаш» олура цунах.

Оцу гоьзатахь Iаш волу Сайда вийнера цхьана буса. Хьан вийна а ца хууш. Хьуьнан юккъерачу ирзе тIе стерчий а лаьхкина, дIатевжина хиллера и миска. Циггахь наб а кхетта Iуьллучу цунна коьртах диг тоьхнера. Берриг хье схьа а тосуьйтуш. ТIаккха юьхьа тIе шаьлта йиттинера. Шине агIор йохуш. Юьхьан амат дитина а дацара.

Хьалхе гота йожа дагахь са ма-тоссура ваханчу дений, вешиний иштта ирча Iуьллуш карийнера Сайда.

Меллаша схьадаьккхина, шен чоа Сайдина тIе а тесна, вукху кIанте аьллера дас:

– Себара, хIара сурт вайн нахана ган лаьа суна. Эвла а гIой, дIахайта хIара. Маьждигера барам а ба.

Орца деанера эвлара. СебарагIарна гена воццуш вехаш волу къена-воккха стаг Болатмирза а юккъехь. Цо аьллера, Сайде а хьаьжна:

– Ма йоккха эрчалла ю хIара. ХIара болх балла боьрша йоцуш хIума а, хIоккхул къиза адам а хила йиш ма яц, ша и тхоьгара жIаьла дацахь. И, мацца а, адам а дац. ЖIаьла ду ша ма-дарра. Я сийсара а, я тахана а цIахула гуш а дац.

– Дера хаац, Болатмирза, хьенан жIаьла ду-м, – аьллера Себара, – вуьшта, жIаьла хилар гуш ду. Хьеннан и делахь а, цунна гечде ма ала соьга. И ца алийта хIара сурт ма-дарра шуна гайта дехна аса шу схьа. Тамехь ца хетташехь.

– Эр дац! – наха а аьллера. – ХIара санначунна гечде олуш а ца хуьлу.

Хила а хиллера Сайда вийнарг Болатмирзин «жIаьла» – Саьлмирза: юххерчу хьуьн чохь БолатмирзагIеран диг а карийнера цIийша а дуьзна, ткъа мича вахна ца хууш Саьлмирза а зайнера. Цу тIе, Сайдега ян дагахь йолу йоI

езаш Саьлмирза хилла хилар а хиънера Себарна. «Шена новкъара ваккха вийна. Хьул ца луш Iан стогалла а ца хилла, ведда», – сацийнера Себара. Болатмирзех хабар а тоьхнера: хьоьца хIумма а дац шен, цIера а ма вала, къехка а ма къехка. Амма Саьлмирза лохур а ву ша, вуьтур а вац ша, аьлла.

Ши-кхо шо а даьллера Саьлмирзан лар а ца хаалуш. ТIаьххьара а хиънера: геннарчу цхьана юьртахь Iаш хиллера иза, шена кхин цIе а тиллина, ваьлла меттиг харц а йийцина. И дIасаволуш долу некъаш а хааделлера. Цкъа кIело йича карахь цхьа а герз доцуш нисвеллера. Эвла йистерчу варшахь. КIант а хиллера Себарца – Асхьаб. Шен вешин эрчаяькккхина юьхь цкъа а бIаьргаш дуьхьлара дIа ца йолуш верг. Амма Себара тохийтина яцара, герз а доцуш волу стаг вийча наха бехк буьллур бу, аьлла. Гучу а ца бовлуш IаддаIийнера хIорш.

ШолгIа кочахь топ а, юкъахь шаьлта а йолуш нисвеллера, амма цуьнца кхин цхьа стаг хиллера. Нехан стагана юххехь вер а ца тарделла, тIаккха витинера.

Оццу варшахь кхозлагIа кIело йина хIорш болуш, вогIуш хиллера Саьлмирза. Ша. Юкъах шаьлта а йолуш.

Шега тохийтахьара цунна топ, аьлла хьаьвзинера Асхьаб. Ткъа дас аьллера:

– Цуьнгахь топ яц. Тапча яц. Цуьнгахь ерриг тухур ю вай а.

Шен топ кIанте дIа а елла, Саьлмирзина дуьхьалвала кечвеллера Себар. Шех бIаьрг кхетча и вухур вуйла хууш, (цуьнан «стогалла» девзаш), жимма тIехъозавалийтинера. ТIаккха, цIокъберг санна, гIар-тата доцуш кхоссавелла, пхьарс лаьцна, сацийнера. Шегахьа схьа а верзош.

– Iайт, жIаьла яI, жIаьла! ХIинца-х ма ду хьо сан карахь! – аьлла, хьалха дIахIоттийнера. Пхьарс дIа а хоьцуш. – ХIинца ас тоьдур ву хьо. Боьрша хетта а тоьдур вац. Цу ахьа динчу ирчаллина тоьдур ву. Адамах къахета

адамалла-м хьоьгахь дан а дацара. Берахь дуьйна а! Цицигашкахь, жIаьлешкахь, бежнашкахь ахьа даллочу Iазапо а гойтуш дара иза-м. Вуьшта, эхь мукъане а хIунда ца хийтира хьуна наб кхетта Iуьллучу адамна коьртах диг тоха? Цул тIаьхьа цуьнан юьхьа тIе шаьлта еттар хIун дара хьан? Цкъа тоьхча а, уьттаза тоьхча а ца Iебаш! И хьайчул цIена хилар дара?.. Хьай, неIалт хила цу хьан боьхачу юьхьа тIе! Боьрша йоцу хIума! Схьаяккха хьайн шаьлта! Ас тухуш ю хьуна хIинца!

ТIаккха баттара яьккхина шаьлта тоьхнера Себара Саьлмирзина. Аьрру агIорчу белша тIе. Дукха чIога ца тухучу дагахь тоьхнера, охьавоьжна валале дикка теда ойла йолуш. Амма чIогIа тоьхна хиллера: гIабакхах санна чуяхана иза, аьтту агIорчу тIа тIе хIоьттинера. Саьлмирза охьавоьжнера.

ТIаккха варшара схьаваьлла Асхьаб хьаьвзинера Саьлмирзан юьхь ата лиъна.

– Мегар дац! – аьллера Себара буьрса. – Охьавоьжначул тIаьхьа тоха мегаш дац стагана. Дийна и хилча а. ЖIаьло жIаьла а дуьту охьадоьжча. ОьгIазвахарх дицдан мегар дац адамалла.

3

Буьйсанна гулделлачохь, «кхераме» хIуманаш а дуьйций (шайтIанаш а, белла нах а хьехабой), «майралла» къуьйсуш хуьлура берийн: «Маьждиган мимар чу куй билла мила ваьхьар вара?» – бохуш. Бераш хьовха, дикка ондабевлла кегийраш а хуьлура цу къийсамашкахь дакъалоцуш, дукхахьолахь кегийнаш дIахоьхкуш.

Оцу ондабевллачех цхьаммо – Юнасан Iелас – юкъадаьккхинера цхьана буса, «Шийлачу шовданера» хи дан ваха мила ваьхьар вара бохург.

Эвлана башха генахь а ца хиллера, амма дукха буьрса, дийнахь а стаг ваха озалуш меттиг а хиллера и «Шийла

шовда» эриг. Юькъачу хьуьн чохь. КIоргачу Iин чохь. Луьста къух даьлла. Черчий, хьакхарчий, берзалой, цIокъбергаш хуьлуш (хабарехь)!

Ша ваьхьар вара, аьллера Эскарханан Илеса. Пхиитта-ялхиитта шо хир долуш волчу.

Илес дIаволавеллера, цIера чIуьжалг а оьцуш воьду ша, аьлла.Ткъа Iела, дуьхьал дол-долчухула оьккхуш, цунна кIелхаа ваханера, иза кхеро.

Шалго тапчанаш хуьлура хьалха, тIехь-кIел эчигаш а йолуш, цхьа зIок а йолуш. Цу зIакар тIера цхьа пIилдиг хьала ца саттийнехь, ший а йолура, цкъа йожийча. И тапча а яьхьнера Илеса цIера дех лачкъийна.

Юла а юьйлина, карахь и тапча а йолуш, готтачу гIашлойн новкъахула хи долчу Iин чу воьссинера Илес. Юхкерачу бердах буьйсанан олхазарша хьоькхучу цIогIашна дегIе зуз а оьхуьйтуш. ЧIуьжалг хих а юьзна хIара вухавоьрззушехь, юххерачу ярашлара цхьа хIума хьалаайаеллера, боьха мохь-цIогIа а лоькхуш…

Цул тIаьхьа хилларг дага догIуш а, дийца хууш а ца хиллера Илесана.

Цхьаьна куьйгахь хих юьззина чIуьжалг а йолуш, вукха куьйгахь яьсса тапча а йолуш, берийн тобанна юкъаиккхинера Илес. Хьераваьлларг санна. Вистхилалуш а воцуш.

Шекбевлла баханчарна Iела карийнера ярашлахь. Велла. Нисса даг тIе кхетта хиллера ши хIоъ.

Шен кIентан валар муха хилла а хьаьжна, Юнаса хабар тоьхнера ЭскарханагIарах: цIера довла ма гIерта, цхьа а тайпа чIир-гамо хир яц вайна юкъахь, аьлла.

Хила а ца хиллера.

4

Юх-юххехь йолчу шина эвлахь ши доттагIа хиллера – Езед а, Iумар а бохуш. Цхьацца йиша а хиллера шиннен

а: Iумаран – Усамат, Езедан – Селихьат. ЦIе йоккхуш мехкарий хиллера уьш. Вовшийн керташка лесташ а, цхьаьна буьйсанаш йохуш а, ловзар-белхех цхьаьна хIуьттуш а. Йиллина бохург санна цхьаьний хиллера ши йоI.

Шен тодаларехь, дузарехь, кхиарехь цхьаьна лакхенга а кхочий, талха долалуш ду хIора хIума. Диалектически кхиаран закон ду и: дийцарера хилла догIуш дерг юха дацаре дIа доьрзу. ЦIенчу буха тIехь таса а делла лар тIехь лелаш долу адамийн доттагIалла доцург, оцу законах хьалха долуш хIума дац. Амма лар тIера даьлча, адамийн доттагIалла кхета оцу закона кIел. Вай хьехош берш а кхеттера.

Шайн доттагIалла шеллуш хиларан шеко лелхаш хиллера Езедана: Iумар наггахь бен вогIуш ца хиллера, ткъа веача а, буьйса яккха соцуш ца хиллера, хьалха санна. Амма иза белхан сихаллина туьдуш хиллера Езеда. Ша а воллу дела денна балхахь. Цу тIе, Усамат а сих-сиха йогIуш хиллера. Могуш йоцуш чохь сецначу Селихьатца буьйсанаш а йохуш. Хьалхачул а чIогIа хьастаелла а хиллера Езедаца. Гуттара забарш еш. Ловзуш. Наггахь, Езед реза воццушехь, ловзар тIех а доккхуш.

Цкъа сарахь IумаргIаьрга а вахна, буьйса яккха сецира Езед. ЦIахь гIуллакхаш доллушехь. ДоттагIалла «дохадан» гIоьртачу чоьтехь.

ШолгIачу дийнахь Iуьйрре, хIара сама а валале, юххе охьа а хиъна, ловзаяьллера Усамат:

– ХIей, самавала! Хьан доттагIа а балха ваха. Берриш а цIера бевли. Вайша бен садоIу дегI дац кертахь. Меттахахьа! – бохуш, там болчу а, боцчу а куьйгаш Iитта йоьллера.

Цу ловзаран «дикалла» шера ган а гина, Усамат дIа а кхуссуш, хьалаиккхинера Езед. ТIаккха Усамата аьллера:

– Ваттай, хьо ма чIогIа лела! Нах-м ца лела хьуна ишта чIогIа.

– Нехан болх хаац суна, вуьшта аса-м хIара шаьлта еттар ю хьуна, кхин хьо суна аьттехьа гIортахь! – аьлла, юкъ а йихкина, цIехьа волавеллера Езед. Усамата аьллачун ойла а еш.

Цуьнан «нах» Iумарна тIе даьхьнера, ткъа Селихьатан цамгарна шек а ваьллера.

ЦIа кхоччушехь, нене дIабийцинера шен дегабаам. Нанас даре динера. Елха а йоьлхуш. Бердах эккха гIерташ йолу Селихьат ша халла сецош хилар а хаийтинера. Дех лечкъа а деш.

Ткъа Езеда дега дIадийцинера дерриг а. Хатта а хьаттинера:

– ХIун дан деза те?

– Iумар схьа а ваийтина, шаьлта Iиттина, Iиттина, хьуьлла эвла йистерачу кхелли тIе кхосса деза ший а! – аьллера дас Абубакара.

Иза дан а динера.

Ишта-ишта болх хили аьлла хабар дахьийтинера Абубакара Iумара дега Iелим-Солте. ЧIир-мир муххале а ца хьехийнера Iелим-Солтас. Мелхо а, баркалла аьллера. Схьа а веана, Абубакарна мара а кхетта. Шен кIентан дакъа долчу агIор корта ца хьовзош дIа а ваханера.

– Iиллийта кхелли тIехь, жIаьла, – аьлла.

5

Базарара гIуллакх чекх а даьлла, юьстахваьлла лаьтташ хиллера ХIарон. Накъосте хьоьжуш. Луларчу кIотарара цхьаьна веана хиллера хIара шиъ. Цхьаьна цIа ваха везаш а хиллера.

Ишта лаьтташ ХIарон волуш, цхьа кхин стаг веанера кхунна тIе. ХIара вевзаш, амма кхунна вевзаш воцуш. ХIаронан хеннара эр долуш стаг хиллера. Шовзткъе иттех шо хир долуш. Амма чIогIа бос баьхьна хиллера. Цхьа хIума лоьхуш санна, кхерсташ ши бIаьрг а болуш. ХIарон-

ца къамел доло а гIерташ, цунах дош ца хуьлуш воллуш хьаллера и стаг. Цо лелориг лартIехь дацар а гуш, хIун ду ца хууш лаьтташ ХIарон а хиллера.

Оцу минотехь цхьа кхин схьаваьллера базаран юккъера. Карахь топ а йолуш. Гергахьа а гIоьртина, гIап-аьлла топ тоьхна, ХIаронца лаьтташ верг охьавиллинера цо. И охьа а виллина, дIаволавеллера.

– Собар делахь, хIай къонах! ХIара хIун ду ахь динарг? ДIа ма гIолахь! – бохуш, тIаьхьа ХIарон а волавеллера.

– Суна тIаьхьа ма гIерта, аса вийнарг сайн мостагI ву! – аьллера вукхо.

– Ой, ткъа, суна юххе а хIоттийтина ца вийча, кхин меттиг яцара хьуна и вен? ТIаьхьа а гIертар ву, дIа а вохуьйтур вац! – аьлла, тапча йиттина вийнера ХIарона и стаг.

* * *

Дагахь хIиттийна сурташ а доцуш, билггала хилла хIуманаш ду и дийцинарш (цундела яртийн цIераш а ца яьхна, нехан цIераш а кхин ю).

ХIинцалерачу хьесапехь «акхаралла» ду и, амма дегнаш «къиза» долуш, кхетамаш «акха» болуш лелийна долу «хIуманаш» дац уьш. Къоман исторически кхиаран хьелашкахь иэшаршна кхолла а делла, хIетахьлерчу юкъараллин дIахIоттаман хьашташна гIаролехь лаьттина долу Законаш ду уьш. Кхечу ламасташца цхьаьна вайн къоман «юьхь», цуьнан оьздангалла меттахь латтийнарш ду.

ХIинца оьшуш дац: хIинца Iедалан законаш ду лелош. Амма хIетахь уьш ца хиллехь, къоман лакхара мораль Iалашлур яцара. Дикачу агIор яьржина хир яцара вайн жимчу къоман цIе доккхачу дуьнен чу.

Цецваллал тамашена дерг кхин ду: оццул «акха» долу и законаш а лелийна вайн дайша йоккхачу оьздангаллица

(масала, карахь герз доцуш хилча я нехан стагаца хилча мостагI цавер, кхидерш). Духовни культуран лакхарчу тIегIанаш тIехь бен хила амал доцург ду и.

Цуьнга хьовса безаш бара (цуьнга хьовсо безаш а бу!) хIинца дастам лелаш берш.

НУС

Сарахь дара. Эвлайистерачу регIахь. Нехан тобелла бахамаш а, иштта чу дахарх хьоьгуш беллачу дайн оьзда гIиллакхаш а хьехош, хиъна Iаш вара со а, сан цхьа гергара стаг а. Султан бохуш. Жималла а хьахаелира. Ткъа со кхин цкъа а юха ца ян дIаяханчу жималло эцца ваьхьира. БIаьргана дайнарш, лергана хезнарш хьалхха схьахIиттира. Суьйренан малхо варкъ диллина бердан басе санна, къега а къегаш. Цаьрга вогIавеллачохь сацавелира тхойша. Вистхилар доцуш. Вовшийн а вицвелла.

Жимма иштта Iийначул тIаьхьа, дола а дина, цхьа хабар дийцира Султана. Шена дайна хIума. Шена хилла хIума. Цо ма-дийццара дIаяздо аса и хабар, «Нус» цIе а туьллуш.

– Башх-башха адамаш а, бес-бесара хIуманаш нисло стагана вахаран новкъахь, – аьлла долийра Султана. – ГIехьа дика бехаш цхьа нах бара тхан эвлахь. Тхуна башха гена а боцуш.

Церан цхьа кIант вара. Сан хенара. Рамзан цIе а йолуш, дукха йоIах тера а волуш. ЙоI санна хаза хиларал сов, массо хIума а дара зудаберачух тера. Кечвелла лелар а. КIезигалла а. Аз а. Буй ластабар а.

Ткъа и буй кест-кеста ласто безаш а хуьлура цуьнан. Ша девнан да вацара. Ванне а! Ийна хила гIерташ вара берашца. ЦIера кхехьа а кхоьхьуш, кампеташ, хьовланаш, кхиерш кхийдош. Хьаставалар доцуш, даггара, бераш деза

а дезаш, лелош дара цуьнан и хIума. Хьайбанашца а, жIаьлешца а, олхазаршца а вара иштта кIеда-мерза. Бераша хьозанан бен бохийча а хуьлура велхха воллуш. Ткъа бераша хIара хьийзавора, Iехавора. Атта Iеха а лора ша. Схьааьл-лачух тешара.

Доллучул а халахетара Рамзанна ша Iехийча. ГIагIгI-гI олий, воьлххий дIавоьдура. Хин татолаш хьоьлхура боьмаша бIаьргаш чуьра. КIайчу беснеш тIехула охьа. Гучура дIа а волий, цхьанхьа дIалечкъара, Iаббалц велха. Цигахь а ша ца витича – летара. Велха а воьлхуш! Масса велахь а летара. КIиллу вацара цуьрг а. Амма латарна охIла вацара.

Рамзанах дог а лозий, со цуьнгахьа волура. Цуьнгахьа а волий, летара берех. Сайн доттагIех а тIехь. Со Рамзанал онда вара. И санна вуткъа а воцуш, зоьртала вара. Рамзанал башха, дов дезаш а ма вацара хьуна со. Айса дуола а дина, дов дина а ма вац. Амма лата ца летча ца волуш меттигаш нислора. Денна а бохург санна. Цу меттигаша Iамаварна, латарехь кайолуш вара со. Мел дукха уьш хилча а, сайн хенарчу берех ларавеш.

Аса и бераш дIасалесто долийча, чIогIа там хуьлура Рамзанна: велакъежара, бIаьргех оьхуш хиш а долуш.

И вошалла бахьана долуш, со дукхавезара цунна. Шен дел-ненал а сов аллал. Амма сан башха безам бацара Рамзанехь. И гуш, хIара суна герга а ца гIертара. Кхечарга санна эвхьаза хIума ца кховдайора соьга. Аса схьа ца оьцура. Гамо яцара вовшашца. Янне а. Эвлахь а, арахь а дуьхьдуьхьал нисвелча вовшашна къажа а къежара. Амма къамел дацара вовшашца. Цхьа а тайпа а.

Эвларчу школехь а дIакхийхьи охашиммо и шийла доттагIалла. ТIаккха Ростовски рабфаке а цхьаьна нисвели. ХIетахь-м тхо ондадевлла кегийраш ду. Маж-мекх а тохаделла. Рамзанах дика товш жимастаг хилла. Массо студентка а йоллу хIара дагавоьхна леш. Ткъа студенташа

хьийзавора. Мехкаршна везарна хIуьттаренна санна. Виттане ша ца витича, лата а летара хIара. Велха а ца воьлхура, хьалха санна. Амма латар хьалха санна дара. Зудаберийчух тера. Рамзанна юххе а хIуьттуш, лета дийзи цигахь а. Цигахь-м тхойша виллина цхьаьна ву. Вижар-гIаттар а, даармалар а, массо хIума а цхьаьна долуш.

Цу балхах дукха воккхавеш вара Рамзан. Сайчунна юххерачу маьнги тIе охьавижа а, суна улле хIоьттина волавала а, сох агIо а тоьхна, парти тIе хаа а, соьга вистхила а шен йиш хиларал доккха зовкх хеташ а вацара, оьшуш а вацара. Доза дан а дацара цуьнан соьгахь болчу безаман. Хьехош бацара и. Хьахор болуш а бацара. Амма хьулбан хьийзош а бацара. Даима а соьга ладоьгIна вара Рамзан. Суна хIун лаьа хаа гIерташ, суна оьшучуьнга хьажа кечвелла вара.

ХIетахь а вара со и хаалуш, ткъа хIинца шерра го – со шийла вара. КIоршаме вацара. Цхьа чо а. Рамзанехь безам боцуш а вацара. Хьалха санна. Цунна новкъа долчунна дуьхьалволуш а, вер волуш а вара. Со хIаллакьхирг хиларх! И гуш Рамзан а вара (и ца алахь, кхин цунна ала хIума карош вац со). Реза волуш а вацара цу сайн шийлаллина, амма цунна дан хIума долуш вацара.

Ши туьман ши сом дара тхан стипенди. Цунах исс сом саца а деш, баттахь юучунна талонаш лора. Юург тоьаш а яра. Ткъа Рамзанна хIора баттахь цIера ахча догIура. Нийсса цхьана хенахь. Беттан тIаьхьарчу денош-кахь. Доллу хIума а низамца лелош стаг вара цуьнан да. Дукхахьолахь, кхо туьма догIура. Поштера ша вогIушехь и ахча соьга кховдадора Рамзана. Аса и схьаоьцуш доций а, оьцур доций а шена шера хуъушехь. Схьа мосазза ца ийци, хала а хетара. Бегашна а доцуш! ЦIий а лой лелара. Велха воллург санна. Кампетах, пряникех, чкъургех юзий карайора тумбочка.

Цкъа, ши туьма а делла, хеча эцна веа базарара. Суна. Баьццарчу исхаран галифе яра иза, дукха нисъелла. Цул

тIаьхьа, цхьана бIаьстена юьххьехь, ши туьман ворхI сом делла, эткаш эцна веа. Сайниш тишъелла а гина. Довков дора аса Рамзанна, иштаниг дича. Амма еанарг схьаэца езаш хуьлура, мегар вацара ца эцча. Дехарш а дера дийр дацара. Цкъа «хIан-хIа» аьлча, кхин вист а хир ма вацара. Амма кийрахь Iийжар вара. ДIовш мелча санна. Дерриг дуьне къахьделла хьийзар вара. Жимчу беран дог дара цуьнан кийрахь дерг. Кхин ца хиллал къинхетаме а долуш. КIеззигчу цатамо эрча Iовжа а деш.

Йоза хаза долуш а, дешарх дика кхеташ а вара сан доттагI. Суна а тIехь гIо а деш. Къаьсттина математика тIехь (и яра сан «эгIаза меттиг»). Кхеташ вара, массо предметана «вуд» – весьма удовлетворительно, хIинцалера – «отлично» долуш а вара, амма классехь дIа а хIоьттина, къамел далуш вацара, эхь хеташ.

Чекхдовла дисина цхьа шо а долуш, аьхкенна цIа даьхкира тхо 1928-чу шарахь. Рабфак чекх а яьккхина, институте ваха безам болуш, каникулаш яхъелла вара тхойша. Вовшашка и хьеха а деш. Хенал цхьа ткъех де хьалха дIаваха барт бина Iаш вара.

Цхьана сарахь ду, веа суна Рамзан, олла а велла. Велха воллург санна. Хилларг дийца а ца туьгу. Шен бала балхош Iедал долуш вацара. Шенна дита Iемина вара шен лазарш. Берахь дуьйна а.

ЦIерачара хIара цIахь сацош хилар гучудели халла. Церан лаамна дуьхьалвер волуш вацара Рамзан. Ша леш хилча а! Вала эр долуш со а вацара: дас-нанас бохучунна дуьхьало ярал ирчаниг ца хеташ вара со. Я хIинца а ца хета суна цул ирча хIума. Деца-ненаца бертахь воцург, цаьрца мерза хила хууш воцург – сонта, вуьззина лартIехь воцуш хетта ву со даима а.

ДIаваха со. Рамзан а витина. Кестта кехат деа: юьртсоветан секретарь а хилла шех, нускал а далийна ша, аьлла. Сурт а дара нускалан. Тоьъарг безаме стаг яра, гIалахойн вастара кечъелла а йолуш. ГIалара ю аьлла а дара. ЦIе Маржан ю бохура.

Рамзанан ден белхаш хир болуш бара уьш: хIара балха хIоттор а, кхунна нускал далор а. Бахаман Iалашонна хьажийна дара цуьнан долла хIума а. Цундела бахам болуш а вара. Дукха дIогIара хIума дацахь а, тоьъарг.

ГIалахь цхьа гергарлонаш долуш бара хIорш. Нагтахь Рамзан а воьдура цига. Амма цигахь кхуьнан безам болуш, я кхуьнга безам болуш, йоI ю бохуш хезна дацара суна. Рамзанехула-м хезийла а дацара: и тайпа хIума хьахор долуш вацара хIара. Нахе хьахийча а, соьга (со дукха воккха хетара цунна). Вуьшта, нахехула а ца хезнера. Тамаша бара и хIума Рамзанна шена хууш а хиллехь. Кхеран дайшананошa дина захало хир долуш дара и. Чекхдоллучу хенахь кху шинна вовшийн а гойтуш. Ткъа куьцашкахь кхаьршиммо вовшийн ца магадойла а яцара: Рамзан санна хаза яцахь а, Маржан а яцара ирча.

Иштта, вовшашка кехаташ а, сурташ а кхоьхьуьйтуш, и Iа дIадели. Дешар чекх а даьлла, со а веа цIа. ШолгIачу дийннахьехь шайга виги со Рамзана. Леррина тIаьхьа а веана.

МаьркIажан бода булу зама яра тхойша кхеран керта кхочуш. Рамзанна зуда а ялийна, доьзалций да гIала вахана хиллера. Цигахь керт а эцна.Ткъа кху йоккхачу кертахь хIара шиъ шаьшша хиллера.

УьйтIа дуьхьал а яьлла, маракхийти суна нус. «Марша вогIийла, ва кIант!» – аьлла. Марахь чIогIа со дIа а Iовдуш… барт баькхи. Цхьа тамашена башха барт! Ростохахь накъосташа хьехош хезна вара со и тайпа барт, амма сайна бевзина вацара. Олуш товш дацахь а, эр ду аса и: схьадаха санна чIогIа сан балдаш а цIубдина, сийна цIе кхарстийра дерриг дегIе! Кхоьссина хIара дIаяхийта дог хили сан, амма цунна сан кадалале дIахийци со.

– Же! Валолахь чу! Денна хьо вуьйцуш, хьоьга сатуьйсуш, хьо вогIий хьуьйсуш бIаьргаш а гIелбелла Iаш ду тхо… – бохуш, ша и чIегIардиг санна хецаели. Маттана шера стаг хиллера иза.

Иштта, кхин и «хьаьгна» тІар-тІар ца хадош, стомма чуьра ши пхьарс а лаьцна, сих-сиха уьш Іовда а Іовдуш, букъа тІе бовха накха а теІош, марахь чувиги со несо.

Де а ала хІума доцуш, культурно кечйина яра чоь. Маьнга берг а, куз берг а, кхин ерг а шен-шен метта нисъелла. Иштта говзаллица кечйина стол а яра. Юург ян а, хьалха йилла а хуур долуш хиллера Маржан.

Амма шадерриг чомах доккхура. Юххе охьа а хиъна, тІехула пхьарс а баькхина, хІара кхаллий, хІара малий бохуш хьийзавора, сацанза шен тІар-тІара а буттуш.

– Дерриг дуьне тхаьшна гуш санна хета тхуна хьо гуш волуш. Гучура волуьйтур вац хІинца. Хьо гучура ваьлча, тоха са хир дац. Иштта тхаьшна юххехь кхобур ву. Хьуна дезарг, хьуна луург хьан хир ду. И хІуъа делахь а! Массо хенахь а кийча хир ду. Хьуна ма лиъи! Дерриг а хир ду хьан! – бохуш, мара къуьйлура со, хорша еанарг санна, ерриг ега а еш. Кхехкаш яра-кх. Ша ма-ярра кхехкаш!

Ша ян а яцара хьуна цхьа кІеззиг хІумий бен. Хадда йоллуш юткъа гІодаюкъ. Беран куьйгаш. Беран бат. Массо а хІума дара берачух тера. Деккъа и цхьа кхехкар доцург. И дацара берачух тера. Сан бІаьргашна гина а дацара цочул буьрса кІеж туьйсуш адам. Жима а, доккха а. Дика «любовни романаш» ешна а, гІеххьа хІуманаш девзина а ву со хІетахь. Вуьшта, хІара саннарг… дуьйцуш а ца хезнера. Ирча болх бара цунах летта цІе!

Ден-ненан хьомсара хилла хир йолуш яра иза. Доллучу хІуманехь гуш дара и. Лаамаш сецо Іамийна йоцу куц дара. Беран лаамаш тІера дуьйна схьа. «Мегар дац» боху дош ца хезаш кхиъна йолу куц дара. Ткъа и дош Рамзанера хезар доций хиъна яьлла хир йолуш а яра. Цундела кхуо шен деган бовха лаам а битинера хецна. Яхь а, юьхь а дицдина. Сан бІаьргаш чу шен Іаьржа ши бІаьрг а боьгІна, тІегІоьртина юьхьа тІе Іаьнаран тов а етташ,

кегийра дегош долу довха балдаш сайчарна тІе а кховдийна, шабарш дора.

– Кхин гучура вер вац алахьа, ва кІант… иштта уллохь Іийр ву алахьа… ва диканиг, алахьа… алахьа… – Эндаже дІа а тетти. Шозза а, кхузза а. Мичара! «Деллахь, сацае хІара», – бохучу хьесапехь Рамзане а хьийжи. Вела а къежаш, Іадда Іаш вара. Цу ирчачу суьртах там хуьлуш санна,!

– Дуьххьара хьан суьртах бІаьрг кхетчахьана цкъа а даг чуьра дІаваьлла вац хьо. Дийнахь а, буса а. ГІенах а, самах а… Хьан суьрта тІера бІаьрг дІа ца баккхалуш Іийна. Иштта хьалха дІа а хІоттийна… Гой хьуна? Буьйсанца гІуьттуш хийла хьежна со цуьнга… Алахьа, ва кІант! Уллера дІавер вац алахьа! Даима-даима, дийнахь а, буса а иштта юххехь Іийр ву алахьа! Кийра боттуш йогу сийна цІе лагІъехьа, иза а алий! Ва диканиг…

Елха йоллучух таръелла.

ХІумма а дика хьал соьгахь а дацара. Оццул боккхачу безамца, сел довха хьастаделла тІегІертачу адаме кІоршаменига ала мотт а ца керчара. Юххе майра а хаийна, зудчо лелош долу и хІума даго къобал а ца дора. Рамзан къежахь а, и базар цунна товш хир йоций хаьара суна. Цунна тайча а, сайна ца товш хетара.

Цхьа сиха гІуллакх ду боху бехказло а хІоттийна, кеста вуха ван дош а делла, халла Маржанан марара а ваьлла, дІавахара со. АхІи декъахь йоьлхуш иза а йитина. Берана нана санна, цунна гонах хьийзаш Рамзан а висира. Со виц а велла!

ДІа-м вахара со. Охьа а вижира. Бакъду, набарна ши бІаьрг ваьшта-м ца биллира. Цу хІоьттинчу суьртан ойла еш.

ГІеххьа дешна а йолуш, шера оьрсийн мотт а хууш, гІалин мехкаршца кхиъна йолчу Маржана дукха лакхара хІиттийна хир долуш дара хир волчу майрачун сурт: «Йо! санна хаза, эса санна эсала, лом санна майра...»

«Хазалла», «эсалла» нисделлера Маржанна. Рамзаiал хаза а, цул эсала а боьрша стаг кIезиг хир вара, нагахь хилахь а. Амма «лом» дацара. КIиллу вацара ванне а, амма лоьмах тера цхьа чо а бацара. Ткъа зударшна коьртаниг «лом» ду. Багахь «эсала эса» хилахь а, дагехь «буьрса лом» долуш бу зударий. Къайллаха ша сатийсина «буьрса лом» сох тарделлера Маржанна.

Тардаларна бехкениг Рамзан хир волуш а вара. Шен доза доцу эсалалла дIагайтарал совнаха, сан сурт дукха «буьрса» хIоттийна хир долуш вара. Шена а ма хеттара. Берахь дуьйна аса лелийна «майра» хIуманаш дийцина хир долуш дара. Маржан «инзара» мел ели, деста а деш. Ткъа цу «буьрсачу» суьртаца цхьаьна соьгахь болу шен боккха безам а биллинера Маржанан ховхачу-довхачу даг чу.

ХIинца-м кхетта хир вара и ша динчух, бохура сан даго. Дохковаьлла а хир вара. Амма хIинца тIаьхьа ду. Довхачу дагах сийна цIе летта яьлла. ХIинца хила маслаIат дац. Со веттавелча а, Рамзан веттавелча а.

Ткъа Рамзан веттавала дагахь а вац. Веттавала хууш а вац. Къежа а къежаш, Iадда Iан воллуш ву. Маржана соьца хIуъа лелийча а.

Цунах цецвуьйлура со. Хьера валлал.

Рамзанна Маржан чIогIа дукхаезаш хилар гуш дара. Цу безаман боккхалле хьаьжжина чIогIа хила езаш яра Рамзанан «ревность» боху хIума а. Ткъа и яцара. Хаалуш а яцара. Соьгахь болчу безаман боккхалло йойуш ю те и? Маржанна товр хилчахьана бохуш, шен лазарна сатоьхна Iаш ву те?

Цуьнан къастам ца балора. Иштта со Iуьллуш, котам а йийки. Цкъа а, шозза а. Маржана Рамзан сайна тIаьхьаваийтарна а кхоьрура. Сахилча муххалле а хир дерг дара и. Кхин а холча хIотто верг а дара: «вогIур вац» аьлла, Маржанна цатам бан а луур дацара, ваха а вахана и хьеста

а луур дацара. Кхера а кхоьрура цу «хьестарех». Со а ма ву хIетахь жима стаг. Кийрахь йогуш цIе а йолуш. ДегIехь шортта ницкъ а болуш.

Къайлавала сацам хилира сан. Юьртара а дIавала. Лам чохь ненахой бара сан. Ненан вежарий. Сан хенара кIентий а болуш. Со веача хаза а хетар долуш. Мел дукха Iерах со кIордор а воцуш.

Цига вахара со. Сатоссуш новкъа а ваьлла. Деганене ала а аьлла. «Чехкачу гIуллакхана гIала вахана», – бохург даржо царна тIе а диллина.

Лам чу-м вахара со. Ваъал везаш тIе а ийцира ненахоша. Амма синтем ца хилира. Мелхо а чIогIа гатделира са. Цул хьалха цкъа а сан ца гатделлачу кепара. Саца а, хIотта а меттиг ца карайора. Бер санна йоьлху Маржан а, цунна гонах хьийза Рамзан а лаьттара дуьхьал. Мичча ваьлча а. ХIуъа хилча а. Башха хIума дара и, шиннех а цхьатерра лозура дог. ГIехь лезна Iаш а дацара. Воккхахволчу ненавашас а хьийзавора: саготта ву хьо, кIант, и хIун ду хууш ву ша, бохуш.

Иштта, сацам-хIоттам а, вижар-гIаттар а доцуш, цу лаьмнашка со хьийзаш дикка зама елира. Ши бутт гергга. ТIаккха ваша веара суна тIаьхьа. Кхин гIуллакх-болх боцуш, сох хьаьгна. Шийтта-кхойтта шо долуш вара и хIетахь. Жима волу дела цуьнга а йийцина ца хиллера даснанас со волу меттиг. ХIетта бен. Маржан ехха цомгуш Iиллина хиллера. Сих-сиха вогIуш, со хоьттуш Рамзан а хиллера. Сох дог диллича бахана хир бара уьш, – гIала бахана эли кхелхина.

ТIаккха цIавеа со. ЦIа ма-кхеччи балха а хIоьтти. Зам. предрика. Хаза сан бертахь а доцуш. Институте безам хиларал совнаха, цхьанхьа болх банза а вара со. ДIа мавоьддура оццул лакхарчу балха ваха ийзалора. Амма хIетахь лаар-цалаар хьехош хуьлуш дацара. ХIинца санна.

Болх дукха бара. Денна бохург санна, ярташка хехка дезаш хуьлура говрахь. ХIетта гучуйийла йолаелла яра

СОЗ-аш, ТОЗ-аш – керлачу дахаран хьалхара зIийдигаш. НЭП-ан шерашкахь корта айбинчу цхьаллин долалло царна «гIигI» дора. Керлачунна новкъарло йора. «ГIигI» дина ца Iаш, берзан ка а тухура юкъа-кара. Диллина гIо оьшуш дара керлачунна когахIотта. Доладала Iемаш долчу берана санна. КогахIотто гIерташ доллучу керлачуьнга а, цунна дуьхьал бирзинчу кулакашка а хьаьжна, воьхна лаьтташ вара середняк. Иза керлачуьнгахьа ваккха везаш вара. Сихвина, цец а ца воккхуш. Меллаша.

Оцу гIуллакхийн хьокъехь хIора бус-буса хуьлуш собранеш яра. Керлачуьнгахьа болчеран хилла ца Iаш, цунна дуьхьал болчеран а тIехь. Къайлах. Чолхе мур а, чолхе болх а бара. Деган сингаттам бицлора. Дукхахьолахь.

Амма буьйсанан боданехь геннарчу гIалин цIераш яйча, амал-гIад кхачадеш дог Iовжадора. Дерриг дIа а кхоьссина, цига дIахьаддал бIарзлора.

ГIуллакхашна кест-кеста ваха дезаш а хуьлура гIалитIе. Облисполкоме. Мосазза воьду гIали чувулуш дог тохалора. Кийрара схьаэккха санна: Маржан ган а лаьара, гарна а кхоьрура. Облисполкомехь цхьана йозанашна тIехь болх беш волу Рамзан гора суна. Мосазза ваха а. Хьалха санна, со гича чIогIа хаза а хетара Рамзанна, шайга вига а хьовзавора. Бехказлонна а доцуш. «Даима хьехош Iаш ду тхо, – олура. – Хьо вийцар бен кхин къамел дан а дац тхан. Шен вешел а дукхавеза олу Маржана шена хьо. Цкъа хьох бIаьргкхетар дуьненан меха хетар дара олу шена. Волахьа…»

Цецволура со. «Деллахь, хIай, Маржанна со везар муха ду ца хууш ву те хIара? Хаац моттуьйтуш ву те? Я со ву те галвалларг? Дан а доцург ду те суна моттаделларг?» – олий хетара.

Амма и эвлахьлера башха барт... сан бIаьргаш чу богIабелла къега ши бIаьрг… тIе а кхевдина дегош долу

балдаш… схьадетта дагаран тов… И хIуманаш «ваша» бохучу дашца тар ца луш гора. «Кху некъехь дукха сиха ву со. Вухавеача ирх-пурх вогIур ву», – олий, дIавоьдура. Чов санна Iийжаш дог а долуш.

Цкъа иштта шайга вига со хьийзош воллуш, Маржан а яц цIахь, эли, буьйса яккха яхана. Ша ву ша, эли, цIахь. ТIаккха ваха со. Гена ваха везаш а ца хиллера. Ков дIа муха доьллу дийци суна. Буса вогIуш хилча. Кех чу ма велли аьтту агIор долчу цIеношкахь Рамзанан да-нана хиллера. Берашца. Кху шиннан хIусам къаьстина хиллера. Хьуьлла кертан кIоргехь. ТIечIагIош неI а йоцуш сени а, доккха цхьа цIа а.

Эварниг а санна товш кечдина дара цIа. Электросерло а йолуш. Гуш бедар-кедар а яцара. Шифоньера чохь хир яра уьш. Цунна уллохь Маржанан туфлеш лаьттара дуткъий-лекхачу кIажаш тIехь. Царна тIехIоьттинчохь сацабелира сан ши бIаьрг. Тасаелла хIума санна. Озийна и шиъ царна тIера схьа а баькккхина, дика сайна оьгIаз а воьдуш, охьахиира со.

Стоьлана хьалхахь пенах боккха гур кхозура. Суьрташца. Цу гура чохь, суьрташна юккъехь, жима гур бара деган кепехь. Маржана ша бина хир болуш бара и.

Цунна чохь дара сан а, Маржанан а суьрташ. Вовшашна тIеттIа а гIортийна.

«ХIара хIума хIунда могуьйту ахьа, ва къонах?» – ала дог хилира сан цкъа. Хиллехь а, IаддаIийра. И болх «бехкечу» безамца бара, тоьшаллаш дацара кхунна хIитто. И безам «бехке» бац моьттуш, я моттуьйтуш Iаш волчу кхунна чов а хир яра. Эрна а дара алар: Маржанан лаамна дуьхьал хIара валалур вацара. Вуьшта, адаман лаамна дуьхьал валар долуш а вацара сан доттагI берахь дуьйна а. Оцу хIуманийн ойла а йина, вист ца хуьлуш Iийра со. Дика Iийна а хиллера.

– Цигга охьа а хуий, хьан суьрте а хьоьжуш, йоьлхуш Iа Маржан. Шозза-кхузза иштта и ца йоьлхуш, буьйса-де

ца долу. Дукха хазахетар дара цунна тховса цIахь елахьара. Хьуна там бан гIерташ хьийзар яра. Хьол дукха дезаш хIума дац цуьнан…

«Хьераваьлла те хIара? Я со ваьлла те хьера?» – боху ойланаш хьийзара сан коьрте. СадаIар бохург хила а ца хилира цу буса. Маржанна со везар дуьйцучуьра саца а ца тигира Рамзан. Іуьйранна тхойша араволуш а эли:

– Хьо вар а, аса хьо шен маьнги тIе вижавар а хиъча, хазахетар ду Маржанна.

И хиънехь, со вацар хьуна цу маьнги тIе вуьжур волуш а!

ТIаккха, тхо вовшахкъаьсташ, эли Рамзана:

– ХIоккха схьаволахьа, Султан. Гуттаренна а. Цхьаьна Іийр дара вай. Оцу цIа чу кхин цхьа маьнга а хIоттийна. Со кест-кеста районашка ваха дезаш нисло. Райисполкомашкахь йозанан болх нохчийн матте боккхуш хиларца доьзна. Маржан ша юьсу цIахь. Кхера а кхоьру, са а гатдо. Хьо шеца хилча кхоьрур яцара и. Сагатдийр дацара. Шен вешица йолуш санна паргIат Іийр яра. Волахьа хIок-кха схьа. Ма хаза Іийр дара вай.

«Со хир ву хьераваьлларг. Суна ма-моьтту хир дац хир ду и. Хьалха хиллехь а, хIинца. Дош дац аса лелориг», – бохучу ойланца цIа вахара со хIетахь. Цхьа башха дуьне серла а даьлла.

Цул тIаьхьа кIира а далале ду, Ростох ваха дийзи сан цхьана гIуллакхана. Цигара вогIуш, буьйсанан юкъал а тIаьхьа кхечи гIали тIе. Гостиницашкахь меттиг ца хили. Гуттара а санна. Ленинан урамехь цхьа меттиг яра. «Дом крестьянина» олуш. Иза а юьзна хили. Цунна гергахь бара РамзанагIар. Цаьрга ваха со. Ша хирг хир ду-кх аьлла. Новкъа охьавижжал чIогIа наб йогIуш а вара.

Сени чу а ваьлла, неI туьйхи аса. «Мила ву?» – хаьтти Маржана. «Со вара хIара-м», – аса оллушехь, цхьа башха мохь а болуш, неIаре хьаьди. И дIаеллале хаьтти соьга:

«Стагга а вуй хьоьца, ва кIант?» ЦIахь а ца хилча тара Рамзан бохург дагаиккхина, аса эли: «Соьца-м стагга а вац. Рамзан вуй цIахь?» – «Ву! Ву! ЦIахь ву!» – олуш неI дIа а йиллина, озийна со чоьхьа а ваькхина, гIуй боьлли неIарна. Лампа а яц летта.

– Вай-й-й, кIант, со ма ялийтахьа! Со ма ялийтахьа! Леш ю-кх хьуна, ва кIант!Ма ялийтахь со! – бохуш, гIаппаьлла мара а кхетта, логах ши пхьарс а хьарчийна, сан даг тIе корта а биллина, йилхи. Йилхи аьлла дуьйцийла а доцуш, Іана яха.

И хьехадар-м товш дац. Дацахь а, цкъа волавелларчуьра дуьйцур ду аса и. ХIинца хьоьга бен дийцина а дац. СадоIучу дегIе! Я хIинца а дуьйцур дацара, и шиъ дийна хилча…

Цигтахь сацавелира Султан. Кийрахь лазийча санна, чIичкъа а воьдуш. Геннарчу лаьмнашкахьа а хьаьжира. Амма цунна гуш дерш уьш дацара. Хилларш-лелларш дара. Заманехь гена девллехь а, Іийжарехь буьрса кIеж туьйсуш долу. Жимма иштта саца а велла, шен хабар дIадолийра Султана:

– Цу башхачу белхаро а, цу леткъамечу дешнаша а ницкъ бинера суна. Алоно даш санна, дог лалийнера. «Йолуьйтур яц, сан диканиг, йолуьйтур яц, сан хазаниг», – бохуш, ма-хуьллу кIеда-мерза и хьаста лааделлера. Оцу хьастаран «хьарам-хьанал» хьесапехь а доцуш.

Лааделла Іийна ца хиллера…

Айса и марахьарчаяр сайн муха нисдели хууш вац со. Я хIетахь а, я хIинца а. Велла дIаваллалц оцу хIуманна сайна гечдан ларор волуш а вац.

И сайна дагадаьхкина дешнаш барта дIа а бохуш, аьтта дIаяхийттал чIогIа марахь Іаьвдина Маржан а йолуш, берзинчу букъа тIехула охьахецна йолчу цуьнан хьийкъинчу месаш тIе куьг хьоькхуш карий суна суо… Тохара эвлахь суна евзина цуьнан оба яра со «самаваькхинарг».

«А-ахIа-хIай. ЦIе йожа хьо белхан!» – бохург дагахь хIара дIа а ластош, лампа латий аса. Iадийча санна лаьтташ ю хIара, ший а буй чIениг кIел а гIортийна. Цхьа пайда йоццу бахтарш бен тIехь хIума а дац. НеIарехь боллучу гIуйга ка аса а туьйхи, юргIана кIел хIара а иккхи. Сан дагахь дерг а хиъна, бертал а йоьрзуш.

ГIуй уьйзи аса несана. Меже атарна а кхоьруш, кIеддачу а нисбеш. Цхьа чIикъ дIа а ца боккхура. Тесна и гIуй цунна тIе а бахийтина, дIаваха со. «Хьай, неIалт хила хьуна. ХIума йоцу хIума! Хьо хIун ян гIерта вайх?» – цуьнга а кхуссуш.

Кхин цу агIорхьа сайн лар ца хьора аса. Рамзана мел хьийзаварх а. Шо а сов дели иштта.

Цкъа ду, цхьаьнхьара-м вогIуш, буьйсанна вокзале воьсси со. Шийтта даьллачул а тIаьхьа. Рамзан ву-кх лаьтташ. Леррина суна дуьхьалвеана волуш санна. Шайга виги со. Нуьцкъах ала мегар долуш.

Кхеран цIа чу волуш, уггар хьалха сан бIаьрг тIехIоьттинарг ага дара. Сов хаза кечдина а долуш. Цунна юххехь лаьтташ Маржан а яра…

Деллахь, ма хьалхалерачух тера яцара!

Оцу минотехь бен паргIат цуьнга хьожийла хилаза вара со. Ткъа оцу минотехь аьлча… туьйранашкахь юьйцу ГIалин-ГIизларха а, цул исбаьхьа-оьзда дIахIоьттина адам хеталуш дацара.

Стиглан басахь халат яра тIехь. Коьртахь оццу басахь йовлакх дара. КIеззиг коьрта буьххьехьа а хилош, хьалагулйина йолу Iаьржа месаш халла дIахьултъеш. Кегийчу лергех кегий дешин хьалкханаш къегара. Мерехьа юткъа ног а тухуш, вовшех хоттаделла долу луьста ши цIоцкъам жимма хьалатоьхна дара. Цецъяьлча санна. Амма цецъяьлла яцара. Цуьрриг а яцара цецъяьлла! Буьрса бетта а белла, тийна хIорд санна паргIат яра. И хIорд санна «йоккха», и хIорд санна «кIорга» гуш яра. Стогаллех юьззина лаьттара. Дерриг дуьне атаделла доьдуш хилча а, шек дIа а ер ма яцара хIара, ала ваьхьар волуш.

– Дела ва, кIант, хьо марша! Хьо мичара вели? Хьо мича Дала валий? Бокъалла а, хIай, ма дика болх бина ахьа веана! Же, охьахаал! ПаргIатвалал! – олуш, йистхили. Мара а, кара а ца гIерташ. Аз а дацара хьалхалераниг. Бераниг. Хьалхалерачул дукха сов зударийн кIедалла дара озехь, ткъа цуьнца цхьаьна хаалуш болатан ондалла а дара.

Эццахь езаелира суна Маржан. Цкъа а адам дезаделла доццу кепара чIогIа. ЦIена бакъдерг ду хьуна и! Езаелира… йишин хьесапехь. Екхна стигал санна цIенчу безамца. ЧIогIа там хилла охьахии со. Суьрташ а дацара. Цхьа а тайпа а. Берийн ловзарш дIадевллера.

Вовш-вовшашкара оьцуш хабарш а дуьйцуш, даггара дийла а дуьйлуш, дукха мерза сакъийри оха. Вовшех а, дуьненах а даккхийдеш.

Цул тIаьхьа кест-кеста воьдура со цаьрга. Тхешан цIа санна эвхьаза. Рамзан цIахь воцуш а нислора. Цуьнан маьнги тIе охьа а вуьжий, буьйса йоккхура. Цхьацуьрг ийза а ца луш! Сайн меттара дIа, шен меттара схьа Маржа-на хабарш а дуьйцуш дукха Iара тхойша лампа дIаяйинчул тIаьхьа а.

Йиша санна цIена а йолуш, йиша а ца хиллал дика а йолуш, исбаьхьа-оьзда нус хилира суна Маржанах. Ваша хилла дIа Рамзан а вахара…

Со малвеллехь хIун хир дара тхох?

Оцу хаттарца чекхдалийтира Султана шен хабар. ДIабуьзначу малхана тIаьхьа а хьоьжуш.

ДОГДОЦУРГ

Карахь аьчка шада а долуш, кертара араиккхира Салман. КоьртаIуьйра. Цхьалхха кучара. Туьйдинчу мачашца. Ара а иккхина, урамехула дIаведира. Шен гIоре-гIоддах. Мачаш а охьаийгира. Цкъа цхьаъ, тIаккха важа а южуш. Амма Салман мачийн терго ечохь вацара: Аслан-

бекан цIенойх цIеяьлла бохучу орцанна хьаьдда вара и. Гена ваха везаш а вара – эвла йисттера дIа эвла юккъе. И орца шена ма-хеззи араиккхина вара Салман. ХIетахь ша хиллачу суьртахь. Шена хьалха нисбеллачу гIирсах ка а тухуш.

Ша шега деш къамел а дара: «Цхьа дика вахар тоделла воллура и. Шен дайша а ца бина бахам дIахIоттийна. Леккха йинчу тIулгийн ларда тIехь ханнийн цIенош динера. Мохкбегийча ца талхийта динера уьш ханнех, якхий харжаш а еш. Хаза дIахIоьттина, башха товш гIишло яра. Цунах яьлла хир ю и цIе. Дукха йиибар а ю бохура чохь. Кхоам бу».

Иштта ваданза дукха зама яларна делахь а, къанваларна делахь а бIагор хьийзара. «Охьа ма кхетахьара», – бохург а лелхара дага. ХIетте а болар ца лагIдора. Шегара гIо хир долуш санна хеташ, сихха дIакхача лаьара. Кегий бераш а дара дагахь.

ТIуканеш санна горга, цхьа нисделла а дара. Дерриш а божабераш. ТIех моссаза волу а гуш хуьлура уьш. УьйтIахь ловзуш. «БIаьрг ма хила шу берашна а, хьо бахамна а», – бохуш лелара…

Ког лазийра Салманан. Юьхьаркхетта. ЧIогIа а лазош. Довха зуз хьаьдира озачу дегIе. Охьа бIаьрг тоьхча, цIий а гира пIелгаш тIехь. Амма болар ца дохийра тIаккха а. Цу сохьта цуьнан дагахь верг ша вацара. Асланбек а, цуьнан доьзал а, цуьнан бахам а бара.

«Цхьаболчара-м цхьацца ала а дера олура цунна, – бохура Салманан даго. – Хозмаг юуш ву. Дог вон долуш ву. Кхин, кхин а. Вуьшта, суна хааделла хIума дацара. Суна цо дина дика а я вон а дацара. Мелла-вехна а ца гора. Юьртан а, нехан а вонехь-диканехь а вара. Гуттара велавелла-векхавелла, кIеда-мерза, гIиллакхе-оьзда гуш вара. Суна и тоьаш ду стагера. Ткъа вахалуш хилар, а юьхьарлаьцна болх дIакхехьалуш хилар – иза стогалла хета суна стеган».

Дагаран хьожа кхийтира Салманна. Кхин а чехкадаьккхира цо болар. Шен ойланаш а еш:

«Бакъду, верстина воьдуш ву Асланбек. Эрчаваьлла. Кертахь мел верг а ву ишта. Дуьйхина кечвелла ву массо а. Дукха механ гIирсаш, кхин ерш ю. Дукха нах бу хьанал белхаш а беш, амма и хьелаш а доцуш… Хьанна хаьа? Ца гуш дерг ца гуш ду».

ДIакхечира Салман. Дукха адам дара гулделла. ЦIенош даьгнера. Йисинчу пенийн аьхкех хиш детташ хьийзаш нах бара. Кегий бераш бен, цIахь стагга а воцуш яьлла хиллера цIе. Муха яьлла а ца хаьа, берийн ловзарах шек белахь а. Чохь мел долу хIума а даьгна.

Иза-м хIета а хIун дара, ши кIант а ваьгна. Церан нана а яьгна. Ша цIа ма кхоччура ши кIант чохь висар а хиъна, чуиккхина хиллера миска. Оццу минотехь тхевнаш тIекхеттера.

И кхо дакъа дара уьйтIа охьадиллина. КIожамаш а хилла. Цара дог Iовжийнера Салманан. Кхин дерг дерриг дицдинера цу ирчачу суьрто.

Туьканахь ма-хиллара, шен халат а тIехь, Асланбек а вара уьйтIахула дIасахьийзаш. Гергахьа а гIоьртина, цуьнга вистхилира Салман:

– Даккхийчех доккха вон деа-кха хьоьга, Асланбек. Воха ма вохалахь. Дог ма дохийталахь. Ша мал ца далийтичхьана, мел доккха вон ловш хIума ю хьуна хIара адаман дог.

Цхьа башха лерина а хьоьжуш, цхьа тамашена оьгIазе Салмане хьаьжира Асланбек. ТIаккха иштта оьгIазе бIаьрг нахе а кхарстийра. Вист а ца хуьлуш.

Воьхна висира Салман. «Меттахь доцуш хилла те аса аьлларг? КIоршаме хили те? Я дукха дагах кхеташ хили те»?

И ойланаш еш Салман воллучу хенахь, кхуьнгахьа букъ а тоьхна, цIе яйа гIерташ бохкучаьрга мохь туьйхира:

– ХIай! Йитал хIинца и пенаш! Яга йитал!

ТIаккха, Салманегахьа схьа а вирзина, амма хIара тергал а ца веш, массаьрга а хьоьжуш, дера вистхилира:

– ХIара-м дош дера ца хетара суна. Хеттане а! Вуьшта, кхунах нахана хилла там... И новкъа бу-кх! Бакъду, бахам бацара и. ХIумма а гена бер бацара. ЦIеношм кхин гур дара нахана кхузахь. Догу доццурш! Амма цкъа кху сохьта… Нехан луур даьлла. Нахана синкъерам хилла. И ду новкъадерг. Кхин хIумма а дац!

Иза а аьлла, чехкка волавелла, хьуьлла божалш долчухьа дIавахара Асланбек.

Ткъа Салман Iадийча санна лаьттара. Цу эрчачу къамело вохийна. ХIун эр ду ца хууш висинера. «Хилларг дош ца хета, тов! – бохура дагахь. – Даьгна Iохкуш адамаш а долуш! Кхул доккха хIун хир ду? Мел ойла йича а? ХIарам ирча сурт ма ду. БIаьргана ган хьовха, дуьйцуш хаза а! Там, синкъерам хуьлу, ткъа, кхунах? Дера хир бац, кийрахь адаман дог долчунна. Нахана кхунах синкъерам хилла моьттуш волчу Асланбекан кийрахь адаман дог а ма дац…»

Кех ара а ваьлла, цIехьа воьдуш карийра Салманна ша. «Тезета а ца хIуттуш…» – тесира дага. Амма тезете кхаьчна дацара гIуллакх. Шен верзина хилар дага а деара. ХIинцца дIакхетча санна ког лаза а белира. ЦIийша а, чевнаша а буьзнера ког, цхьана пIелган мIар дIа а яьлла. Бистина а бара, эккха санна. ЧIогIа астагI а лелхаш, гIожан меттана шада а гIертош, цIехьа охьавелира Салман. Шен ойланаш еш:

«Ой! ХIай! И хIун къамел дара?.. Нехан луур. Нахана там. Нахана синкъерам! ЦIеношкхин гур ду нахана!.. Ой, ткъа, цIеношхьехош хуьлу, тIаккха, даьгна Iохкуш адамаш а долуш?! Iаьржа кIоржамаш хилла Iохкучу декъашна тIе а хIоьттина: «ХIара-м дош дера ца хетара суна», – бохург хIун ду? «Хеттане а» бохург тIе а детташ?! Шена хуьлуш дерг хIун ду а ца хууш, аганахь маьхьарца даьгна бер! Шега

«вада» баьхча а ца водуш, цу шен вешийна гIо дан гIерташ, цунна гонах хьийзаш ваьгна важа. Диъ шо дерг! Ши кIант иштта чохь висар а хиъна цIерга иккхина нана!

Цул доккха «вон» мичхьа ду? Цу даккхийчу хIуманийн ойла йича логе шад ма хIутту. Дуьйцуш хезча а велххал ирча хIуманаш ма ду уьш-м. Ярташкара ярташка дуьйлуш, хенашкара хенашка дуьйлуш, нехан дегнашкахь деха дерш ма ду. Хийла бIаьрг хина а башош… Там хуьлу, ткъа, цунах? Синкъерам хьехабо цуьнца?»

ЧIогIа холчахIоьттинера Салман. ХIинцца шена бIаьрга дайнарг, хIинцца шена бIаьрга хезнарг лан ца даллал дазделла вара.

«ХIан, – бохура цо дагахь. – Ши кIант-м кхуьнан шен ву. Велча дош хета а, ца хета а. Ткъа цаьршиннан нана ма ю цхьана хийрачу нехан стаг. Цуьнан да, нана, вежарий, йижарий лаьтта уллехь. ЦIерга гIиртина, бедарш а, яххьаш а мерцина. Царах эхь хета ма деза, ткъа, беллачех къа ца хетча а.

Иштта бедар яьгна, ког-куьг дагийна кхин а бу. Беллачех лозучу дегнаша шайн лазарш а дицдина хьийзаш. Массо а ву хиллачо Iовжийна, къурдаш деш лаьтташ. Цаьрга бетташ бу хIинца и дера мохь: шуна синкъерам хилла, амма аса гена болуьйтур бац шуна иза, цIеношдийр ду! Шуна хIуьттареннa! Ваша ватIа хьо къамелан!

Адам дац Асланбек. Адам хилла дацара и. Нийса олуш хиллера цунна олуш дерг. Воне-дикане хIуьттуш, нахана къежаш цуьнан лелар моттаргIа хиллера. Нахана хIуьттареннa дина хиллера цо и хьалхалера цIеношa. Цо дIа мел боккху ког а хилла нахана хIуьттареннa. Шен бахам боцург кхин хIумма гуш ца хилла… ЖIаьлина! Даьгна кIоржамаш хилла Iохкуш долу шен бераш а ца го цуннам. ЖIаьла аьлла вуьтийла а дац и…»

Циггахь, Асланбекана ала жIаьлел а вониг лехначохь, Салманна хааделира шен дог дарлуш доьдуш хилар.

Ткъа дарделлачу даго хьекъал эшадойла хууш а вара и. Цундела Асланбек вицван гIоьртира Салман. Шен лозуш болчу коге бIаьрг а бетташ.

Важа-м вицвала ца туьгура. Цкъа, дикка жима волуш, эвлайистерачу коьллашкахь барзана тIеIоттавелира хIара. Цахууш. Эса дууш йоллуш хиллера борз. Ерриг муцIар цIийша а юьзна. Оцу берзан суьртахь дуьхьалхIуьттура кхунна Асланбек. Баьгначеран кIоржамашна юккъехула.

«Ванах, хIай, – бохура дагахь, – хIара бахамашна чухахкабелларш берриш бу те иштта… дегнаш доцуш?»

Шен эгначу мачашна тIекхечира Салман. Кех воллушехь эгна хиллера. Уьш схьа а эцна, чувахара хIара. Дуьненах а чам байна.

ИРЧА СУЬРТАШ

1

Буьйса юккъал тIехъяьллера, хIетте а наб ца кхетара Адамна. «Нохчий, гIалгIай **выселит** бо», – боху хабар дара гурахь дуьйна а хезаш. Хьалха юьххьехьа-м ла а ца дугIура цуьнга, амма тIаьхь-тIаьхьа чIагIлуш дара и хабар, ткъа лелош, гуш долу хIуманаш а дара тамашийна. Юьрта баьхкина эскархой бара, коьртехь капитан а волуш. Юьххьехь пхи-ялх бен вацара уьш. Нехан спискаш а еш, меттигийн планаш а йохуш, некъаш а тодойтуш хьийзара. Амма тIаьхь-тIаьхьа салтий алсамбуьйлуш бу. Лелар а, хьийсар а, къамелаш а ду къоланна баьхкинчийн санна. Лулахочун Эдин керта а хевшина керла баьхкинарш. Ткъа уггар а тамашениг – тахана районе американски машенаш яхкар ду. «Студебекарш». ТIетоьхна гатанаш а долуш. «Маневраш» ю боху, баха-м. Амма, нах тIе а кхийсина, дIабовдо кечйин-чех тера ю…

ДIа а стенна бовдор бу? Советски Iедал хIотточу хенахь кхуьнгахьа тIемаш бина, чов-ков а хуьлуш. Уггар

хьалха колхозе а язвелира. Болх а бира, беш а бу, дегI а ца кхоош. Бешара боьжна стом кхаьллина а, стагана дина зен а дац. Вешин кIант а ву деша а дешна, партехь а волуш, гIалахь лаккхарчу гIуллакхехь. Гурахь районе веанера и, Лорса. Шех дагаваьлча, цо элира: «Хабаршка ла ма дегIа, ялташ чудерзаде». «Ялташ-м чудерзийнера, хIинца даа витахь… И даа баганаш ю шортта. Йиъ йоI ю. Церан нана ю, хIинца балхана пайде а йоцуш. Фронтехь майра а вийна цIа еана пхоьалгIа йоI ю, жима ши бер а долуш, ша сакхат а йолуш. БархI хуьлу хьуна уьш. Фронтехь кIант а вийна йисина нус ю, жима кхо кIант а волуш. Шийтта. Со кхойтта. Йоккха IалагIожа ю. Нус а, йоккхах йолу йоI а йоцург белхало вац. Со а вац хIинца хьалхалераниг…

Иштта ойланаш еш Iара Адам. Оцу хенахь, меллаша, кор туьйхира.

– Мила ву? – хаьттира Адама.

– Со ву. Эда ву… Зайл дIабаккхахьа, чувогIур вара со.

– Зайл боьллина а бац. Схьачувола хьо, – хьалаикхира Адам, цхьа башха дегIе зуз а догIуш. ГIийла серло еш йогуш лампа а яра. Цкъа и серлаяккха ойла хилира Адаман, юха йитира. «Воьхна-м вац хир со?» – бохург дага а тесира.

– Кхин керла гучудаьлла хIумма-м дац?

– Оцу тхоьгахь болчу эскархойх цхьаъ, ша веачхьана: «Ахьар дуй хьан Iаьнна даа, ахча дуй хьан гулдина?» – бохуш, хеттарш деш хуьлура соьга, тхойша тхаьш нисвеллачохь. Ткъа тховса, хIинца дукха хан йоццуш, капитан волчура ша схьавогIушехь, чуьра ара а ваьккхина, цо юьхь-дуьххьал схьаэли-кх соьга: ахьа нахала даккхахь хьуна а тоьпаш тухур ю, суна а тухур ю, шу кхана Iуьйрре выселит деш ду, некъ беха хир бу, хьан дукха бераш ду, тохий хьайн етт-эса а, шинара а дей, новкъадаккха жижиг кечде.

– Етт а, эса а, шинара а де эли?

– Дера эли.

– ТIаккха и бегаш бац-кх, суна хетарехь, – элира Адама, шена хьалха лаьтта охьа а хьожуш.

– Бац моьтту суна а… Бегаш бац а моьтту, хIетте а етт бен дог а ца хIутту. Шинара-м дийча, дуьйр дара. Вуьшта, етт муха буьйр бу, кху сохьта берашна берам латтош болу?..

Оцу хенахь шен аьттан ойла еш вара Адам. Цуьнан хала нисбаларан а, боцуш цатарараи а ойла йича, и бен беза бохург дукха аьрха хеталора. Цу тIе бахка герга гIоьртина а бара. Ткъа шинара несан цIартIе даьккхина дара эса долуш дуьйна а.

Хазарна кхоьруш санна, цаьпцалг йийкира пеша тIехьахь. Амма и хезира. Лерга пот хIоттош чIогIа хийтира цуьнан аз оцу ирчачу таппаллехь.

– Делахь, – элира Адама, ойланна оллабелла корта хьала а нисбеш, – жижиг кечде ахьа, Эда. ГIуллакх дика доццчух тера ду. Районера хьаькамаш а бара селхана боьхна хьийзаш, хаьттинчунна жоп луш стаг а вацара.

– Ткъа ахьа хIун до?

– Изза дийр ду-кх аса а.

– Ларлуш хир хьо. Салтий бу хьуна эвлахула лелаш.

Эда араволлушехь, чухаларчу неIарехула чуелира хIусамнана Белита.

– Веанарг мила вара? – хаьттира цо. Эдас деана хабар цуьнга дIа а дийцина, Адама элира:

– И вайн етт бен воллу со.

– Вай-й, хьераваьлла хьо? Бахкка боллу етт муха буьйр бу? И шинара дехьа, хьо Iанне ца Iахь.

– Шинара Самрин цIартIехь ду, и доьйла яц.

– Боьйла дера яц бахкка боллу етт.

– Хьоьга хаьттича-м хIумма а дойла яцара. ДIа охьа йижа хьо. Меллаша. Бер-кер сама а ца йоккхуш. Айсса дийр ду аса дан дезарг.

Амма дан дезарг хууш дацара. Белита дехьа чу яханчул тIаьхьа а ехха ойланаш йира Адама. Шозза-кхузза божлин неIаре а вахара – шаьлта а керахь. «Хьевийр вац хете со-м, – лелхара дага. – Эда куьйган бакъо яйъина а хьийзийна, бахьана дацахь а. ТIаьхьа бен колхозе а ца язвелла. Балхана башха чухьаьдда, Iедалан гIуллакхашна орцахваьлла вац, Iедална дуьхьал вацахь а. Иза-м ван а вайта хьайна выселит, Iанне ца Iийча. Вуьшта, со стенна вийр ву? Со хIун аьлла воккхур ву дай баьхначу бенах?»

ГIалахь волу вешин кIант а туьйсура дага. Ши шо а кхачале да-нана а делла, Белитассий, Адамий кхаьбна вара иза. Шайн берел башха а ца хетара. Ткъа Адаман, цул сов, вешин безам а бара. «Лорса Iийр вацара гучу ца волуш, – ойла йора Адама. – ХIума хуьлучу далахь, хаам бийр бу аьлла а хетара. Аса даьккхина а, аса лелош а сан Iедал дац, ткъа, хIара, советийн Iедал? Милла хьевича а, со хьевийр вац».

ТIера хIума дIа а ца йоккхуш, метта агIорвелира Адам.

2

Эда чуволлушехь хаьттира Сепета:

– ХIун эли Адама?

– Дер эли, жижиг кечде.

– Ша хIун до, тов?

– Изза до эли-кх ша а.

– Аьллехь, диг а, шаьлта а эций, божли чу дIагIо хьо, хьайбанаш охьа детта ницкъ кхочур бац вайн. Нахе кхойкхийла а дац. Коьртах диг тохий охьа а дожош, тIаккха урсаш хьекха дезар ду царна. Лампа а йохьуш со дIайогIу хьуна.

– Сих ма ло. Собарде жимма. Иштта хир дац хир ду хIара. Вай мича бехкенна дохур ду цIера? Цхьаъа харцахьа гIалат ца даьлла. Iедало аьллачунна йина дуьхьало яц. Я

нахаца дош дашера даьлла меттиг а яц… берахь дуьйна схьа. Хьайба санна лаьллинчу а вуьйлуш, сайна а, доьзална а хьанал сискал лехна аса. Цунна выселит вийр вац. ХІокху ойлахь мел верг вича а, вай выселит дан бахьана дац.

– Хаац, дан хьайна луъург де, вуьшта, оцу Ивана хьоьга аьлларг лаа-м ца аьллий хаьа суна… Ткъа хьо хІуманна сацам бан хьуьнар доцуш вуйла а хаьа. КІеда сту санна лелла везаш ву-кх хьо хІора хІуманна тІехь а.

«ЭхІ, ма дика ца элира аса и, – дагатесира Сепетана ша арайолуш. – Цхьаъ хилахь, яллалц дагахьбаллам лаьттар бу. Экха санна шен дохнах ца летало-кх и. Цуьнан хІун бехк бу?»

Ткъа ша догкхиъна яьлла яра: Иванан леларо, ша ша вис-висинчохь цо дохучу синоша, хьийзочу коьрто, кходиъ де хьалха дуьйна а вочунна тІехь сацийнера ойла. Мацалла доьлхучу берийн суьрташ дара цунна хьалха хІуьттуш. Ткъа уьш исс дара, воккхах волу кІант Эла хІинца зуда ялориг хила гІерташ а волуш. Жимахйолчу йоьІан кхо шо а ца дуьзнера. Царна кховдо хІума лаха араиккхина яра и. Пхи-ялх москал яра цо кхобуш. Чу а еана, уьш тийсира цо Эдина хьалха:

– Кхарна мукъа а хьакха урс!

Шен и дешнаш а кІоршаме хилар хааделира Сепетана. ХІусамдеца кІеда-мерза хила лаьара. Цунна оьгІаз яхана а яцара иза. Цунах къахеташ а яра. Амма кийрара и къинхетам дешнашца гучу ца баккхалора. Цундела Іийжайора цу къинхетамо, лалийначу дашо санна.

Сепетан и дог хууш вара Эда. Кху ткъех шарахь гуттар а дерриг дара иза. Цундела Эдина башха новкъа а ца хуьлура Сепетан кІоршаме дешнаш. Мелхо а, кІеда-мерзачу дешнашца Сепетан дог эца лууш вара иза. Амма дашна къора вара, Сепетал а. Сихдина москална урс хьекхарца дуьйцура цо шен деган резалла. «Со-м цхьа цуьрг дуьхьал а вац хьуна луучунна. Хьо реза йолчунна реза ву. Дан хьакъ

доцург а дина, нехан белам ма хилахьара вайх, бохург дара сан дагахь дерг-м. Дохнах а, цІийнах а, махках а муха воккхур ву хІуманна а гуьнахь воцу стаг!» Дагахь и бохура Эдас Сепете. Амма барта схьаолуш дош дацара.

Москалшна урс хьекхна ваьлча, шен лекха зоьртала дегІ хьала а нисдина, Сепете хьаьжира иза, хІумма а олий те цо кхин, аьлла. Ткъа Сепета хІумма а ца элира. Алалучу хьолехь а яцара: хораман шад хІоьттинера логе. Йист а ца хуьлуш, тила а йина, москалш гали чу теІо йолаелира.

И сурт лан а ца делла, ладогІа воллу ша аьлла, аравелира Эда.

ХІинццалц хаза лаьттина дуьне телхинера. Нагтахь догІан тІадам а кхуссуш, Іаьржа мархаш яра, хьерча а хьерчаш, малхбалехьа хьовсаелла. Кху тогІичохь мох бацара, амма аьрцнийн кортош угІуш дара, меца берзалой санна. «Дарц дала доллу!» – тесира дага. Юьртара жІаьлеш а дара, цкъа а ца хиллачу тайпана, угІуш а, леташ а. Церан аьзнаш девзаш дара Эдина – муьлханиг хьенан жІаьла ду а хууш. Хийла ладийгІинера цаьрга, берахь дуьйна. Жима стаг волуш юххерчу орцара эвла ладоьгІча, синкъерам хьаьнгахь бу а хаьара, цу жІаьлин летарца, синкъераме оьхуш болу а, цигара дІаоьхуш болу и кегийраш муьлхачу некъаца лела а хаьара. Амма тховсалераниг цунах тера дацара. ЖІаьлин летар Іаламат дера а дара, массо меттехь а дара, юьртан йистошкахь а тІехь. «Юьрта а, юьртана гонах а баьржина…»

Цигтахь шайн жІаьла дагадеанчу Эдина гира и шена хьалха лаьтташ. КІайгІо-можа бос болу, боцца чо а болуш, стомма бат а йолуш, шен да санна зоьртала пхьо дара и. Жима кІеза долуш суьйлашкара далийна а, дукха хьомсара а дара Эдин и жІаьла. Жима долуш «кІеза» аллархь, и цІе йисинера цуьнан. Цхьа ша тайпа доттагІалла дара Эдин а, КІезин а. Вовшийн дагара хаар а, вовшийн хьастар а дара

цаьршиннан. Эда цIера волуш кетIа а воккхура КIезо, уллохула ловза а лелхаш. Ткъа и цIа вогIуш, кхин а чIогIа ловза а ловзуш, кетIа дуьхьал а доьдура. Амма кех ара ца долура – шен декхар керт Iалашъяр дуйла хаьара цунна, ша санна шера. Ткъа адамашца, ур-утталла шен берашца а, сел дашна къорам волчу Эдин Iаламат мерза, хьастарна мукъамаш хуьцуш, къамелаш а хуьлура КIезица деш: «КIеза! Ва, КIеза! ХIай, дейиса хьан делаI! Ма лом ду-кх хьо!» – бохуш.

Буьйсанна хан йоцчу хенахь Эда араваьлча, дийнахь санна детта а ца луш, бийшина берш сама ца баха санна, меллаша Эдина герга догIура КIеза, машаре цIога а лестош. Ткъа меллаша олура: «КIеза, хьо сема ду? Хьо хехь ду? ХIай, лом яI...» Ишттa Эдина ша сема дуйла хаийта а, цуьнга ша хьастийта а тIаьхьахIоьттина дара КIеза тховса а. Амма хIинццалц санна майра дацара КIезин герга гIертар а, цIога лестор а: шерра хаьара цунна, гIуллакхаш меттахь доцийла. Цу тIе, Эда вист а ца хилира. ХIокху кертахь цо даькккхинчу иттех шарахь тховса дуьххьара дитира цо КIеза ца хьостуш.

Шегара бехк баьлча санна, цIога охьа а хецна, Эдина юххера дIаделира КIеза.

ДогIа а, аьрцийн гIов а тIеттIа чIагIлуш лаьттара. Сихделла декаш котам а дара. Сахила герга гIоьртинчух тера дара. Кешнаш долчу агIорхьа, эвлайистехь, автомат елира. Жимма ла а доьгIна, кхин хIумма а ца хезча, чувахара Эда.

Берашна кIелхьара мот-гIайба йоцург, кхин йолу хIума ерриг а дIахьарчийна яьллера Сепет. Дукха къахьега оьшуш а дацара: цхьа а куз а бацара, совнаха мотт-гIайба а дацара; денна а тIехь лелош дерш бен духарш дацара.

– Сихьеллий те хьо, Сепет? – хаьттира Эдас.

Цу хаттарна жоп а ца луш, Сепета элира:

– ХIара галешший, тIоьрмигашший кечдина аса цу чIоначуьра ахьар чудохка. Аса хIорш лоцур ду хьуна, и чами дIа а эций, ахьар схьадохка ахьа, катоххий.

Иттех дакъа дина дIанисдира Сепета ахьар. Иттех пунт бен дан а дацара. Варша тоьхна топ санна, зен довш дара колхозехь хьегна къа а.

И ахьар кийсакашка нисдина хIорш бовлуш, КIеза летира арахь. Садаржа доладелла зама яра. ЦIе яьлча санна сихвина, Эда а, Эла а дIавигира цо, колхозехь собрани ю аьлла.

Шайн кетIахь лаьтта автоматчикаш галлац, хазза сама ца ваьллера Эла. ТIаккха дIасахьаьжчахь, ишттa, шишшакхоккха-пхиппа цхьаьна лаьтташ автоматчикаш гира цунна. АдамгIеран кетIахь а, церан шайн бошмашкахь а, некъашца, бIаьрг мел тоьхначохь а.

3

БерхIитта шарера лакхара берриге божарий бара колхозан кертарчу доккхачу божли чу гулбина. Кертана гонаха хIиттийна пилмоташца, автоматашца эскархой бара. Доккха гай а, лекха сийна куй а болуш волчу гуьржийн инарла схьакхайкхира талмажехула:

– Партин, правительствон сацамна цхьакIеззиг дуьхьало йинчунна ша волччохь тоьпаш тухур ю! Оцу сацамца лаххьийна кхечухьа кхалхош ду шу, нохчий а, гIалгIай а, даймапна а! ХIора доьзало а ах тонна мохь бахьа мегар ду, новкъа юург а, тIеюхург а, мотт-гIайба а, кад-Iайг а. Амма кхин хIуманаш, масала, маьнга, стол-гIант, хьайбанаш, жIаьлеш, новкъа дохуйтур дац! Кхеташ дуй и?

ДоIуш са а дацара божли чохь хезаш. Масех секунд елира ишттa. Нехан маьхьарий цадовларна дарвелча санна, кхин а буьрса вистхилира инарла:

– Кхеташ дуй и, хоьтту аса?

– Кхеташ дац, – элира цхьана воккхачу стага, нахана юккъера схьа а таьIаш. – Тхо хIунда доху меттах аса хьоьга хоьттур дац, хIунда аьлча, и хьан керахь гIуллакх дац. Тхо мича дохуьйтуш ду бохург а ледара хIума ду. Иза а хоьттур дац аса. Вуьшта, и ахьа йуьйцуш йолу хIуманаш муха яхьа еза оха? ДогIуш догIа а ма ду. Тхан ворданаш а ма яц.

– ХIара йочанаш хилар бахьана долуш, юьрта чу схьайогIийла ца нисдели машенийн. Карахь-марахь охьа хин тогIи чу яхьа дезар ду шун уьш. Цигахь машенаш ю.

– И кхеташ ду хIинца. Амма цхьа кхин а ду…

– ХIун ду кхин а? – хаьттира инарлас дера.

– ХIокху хьан майрачу тIемалоша йийна ши зуда Iуьллу эвлайистерчу кешнийн керта юххехь, новкъахь. Шо кхаьчна бер а ду цаьршинца. Нахала даьлча хьуна башха сийлахь хир дац зударий, бераш дайар. Уьш дIахьулбан вахийта со, иштта кхин соьца кхо-виъ стаг ваийта.

Доладелчахьана а Iоьттина шаьлта санна новкъа дара инарлина воккхачу стеган къамел. Цу къамелан паргIат эсалчу мукъамо а, цуьнца долчу эндажечу Iоттаро а хьераваьккхина хьийзавора иза, амма цуьнан болатан озо сецавора. Шена юххерчу майоре цхьа шабар а дина, дегаза кхоьссира цо:

– Дехар кхочуш хир ду хьан. Схьакъастабе хьайна накъостий.

Воккхачу стага виъ стаг схьакъастийра, юкъахь Эда а волуш. Хьалхий, тIаьхьий кхоккха автоматчик а хIоттийна, уьш кешнашка дIахьовсийра. Ткъа важа адам, гонаха автоматчикаш а баьхна, хин тогIичу охьалаьллира.

5

– ВахIаб, уьш хIун зударий бу, и ахь буьйцуш берш? – хаьттира новкъахь Эдас.

– Уьш-м тхан кертара ши йоI саннарш яра, – элира ВахIаба, ирх бIаьрг а хьажош. ДогIа лайнехьа долуш дара.

Эдина хууш дара, ВахIабан ши йоI луларчу юьртахь марехь хилар. Кхин доьзалхо ван а вацара ВахIабгIеран. Цу шина йоIал хьалха хилларш беллера. ХIинца йоккхачу кертахь шаьш дисина Iаш дара ВахIаб а, Хеда а.

– Селхана цIа еанера и шиъ, лелаш долчу хабаршна а, гIуллакхашна а са а гатделла. Цхьаннан карахь кIант вара…

Эццигехь къурд бира ВахIаба. Болар а кIеззиг сихдира. Къона цIечу басахь горга юьхь а йолуш, хIинца а дика лаьтташ кIайн цергаш а, иштта кIайн, чIенга тIехь иръеш лергина маж а йолуш, юккъерчу, гIеххьа дуьзначу дегIахь стаг вара ВахIаб.

– ХIуъа хилахь а, шайн-шайн хIусамашкахь хила аса дIахьовсийна бара уьш. Сатассале дара иза… Оцу кешнашкахь ха хиллера-кх лечкъина… И хир ду а, я зударшца, берашца кхеран бала хир бу а хьанна моьттура… ХIорш кешнашна тIекхоччушехь, автоматаш тоьхнера-кх тIе.

– И автоматаш йолучу хенахь арахь лаьтташ вара со, тхешан кертахь, – элира Эдас.

– Со чохь вара хIетахь. Уьш йовлуш хезаш а вара. Вуьшта, божарша, Советан Iедалан эскаро, шайн новкъа а хIиттина доьлхучу адамашна, цу тIе ударшна, берашна герзаш деттар ду бохург дагахь долуш вацара. И саннарг дуьйцуш хезна а вацара…

– Цу берашна туьйхи-кх и герзаш, аьлла, чуьрниг хьаьвзича, иза а човхийра. Ара а валий ла мукъана а догIахьа, аьлла, цо чIогIа хьовзийча, цунна маслаIатана ара а ваьлла, ла а дуьйгIира. Йеб-себ а дацара хезаш. Сатесначу хенахь хIокху собране ваха араваккхалц хаа а ца хиира…

ЧУЛАЦАМ

Гадаев Мухьмад-Селахьах масех дош 3

СТИХАШ

Даймахке сатийсар 12
РегIара поп 14
Дай баьхна латта 15
ЦIен-Берд 17
Мехкан лоьмашка 18
Дарта 19
Орцара гIов 20
Даге I 21
Замай-Юрт 22
Гуьйренан зезаг 23
Шина коган экха 24
«Къеналле лестича...» 26
Даге II 27
Й-те 27
Ирсан лам 31
Даймехкан суьрташ 33
«Хаза хеттера суна хьо...» 33
Дарцан марха 35
Суьрте 36
Малике 36
Хьегар 37

ДоттагIашка 38
Вешега 40
Iовжавар 43
Ва Муьста! 44
Бэлин йиш 45
МаьркIажан мур 46
Ши лаам 46
Стих 47
Гитаран аз 48
Б-ТЕ 49
Мунаева Саибате 51
Генара кехат 53
Т-РЕ 54
Ботта-Махьма 55
Далла тIе воьду некъ дагца дIа бу 59
Сурташ тIе 59
Сайга 60
Валаре 61
«Церге» 62
С-те 63

БЕРАШНА

«Вон ма хила...» 68
Корах ара а хьоьжуш 68
Муьста Муьста 69
Пхьагалш 70
Кхана 70

ПОЭМАШ

Тоьпан тата 73
Буьйсанан бере (П о э м и тIе р а) 76
Воккхачу стеган къамел 78

Некъаза безам 86
Балхам 94
Попаца къамел 108
Кехаташкахь поэма 127

ПРОЗА

Гуржи. Повесть 166
Вер-Витар. Хьалха лелларш 176
Нус. Дийцар 185
Догдоцург. Тидамаш 199
Ирча сурташ. Тидамаш 204

Редактор *Т. И. Бураева*
Корректор *А. В. Хасиева*

Сдано в набор 28.11.2004. Подписано в печать 01.02.2005. Формат 84×108 $^{1}/_{32}$. Печать офсетная. Бумага офсетная № 1. Тираж 2000 экз. Заказ № 5

Рег. № 3325 от 22.12.01.

ГУП «Книжное издательство»
364907, ЧР, г. Грозный, ул. Субботников, 35
Отпечатано с готовых диапозитивов
на ГП КБР «Республиканский полиграфкомбинат
им. Революции 1905 г.»
Министерства печати КБР
360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33